Serat Tuntunan Paḍalangan.

RINGKESAN LAMPAHAN RINGGIT 20 WARNI


Djilid : V.

INGKANG NGIMPUN

M. Ng. Najawirangka al. Atmatjenḍana

GURU PASINAON PAḌALANGAN PAHEMAN
RADYAPUSTAKA UTAWI KASENIAN
KRATON ING SURAKARTA

TJAP-TJAPAN INGKANG KAPISAN.



INGKANG NGEDALAKEN :

TJABANG BAGIAN BAHASA JOGJAKARTA

DJAWATAN KEBUDAJAAN, KEMENTERIAN P.P. dan K.

1 9 5 8

PURWAKA.

Serat Tuntunan Paḍalangan anggitan Najawirangkan djilid I dumugi IV sampun kawedalaken marambah-rambah, sampun sumebar ing saindenging Nuswantara. Tjabang Bagian Bahasa Djawatan Kebudajaan Kementerian P.P. dan K. ing Ngajogjakarta sanget bingah, déné sapunika kaṭah saḍèrèk ingkang sami marsudi kawruh paḍalangan, djalaran punika mratjihnani, bilih ugi kagunan punika sampun wiwit mekar malih.

Salebeting djaman pambangunan punika asring kapireng, bilih panggula-wenṭahing watak prelu saha kedah kawigatosaken, margi saking wuru ing kamardikan, kaṭah lelampahan-lelampahan ingkang njimpang saking angge-ring kasusilan, kadosta : setya ing djandji, tumemen ing damel, djudjur lan sapiturutipun. Memalaning gesang bebrajan ingkang kados makaten punika kedah kaudi sagedipun sirna. Wondéné salah satunggaling patrap ingkang saé saha gampil kaetjakaken tur njenengaken punika tetingalan ringgit (wajang). Lelam-pahan ringgit kénging kaisénan piwulang warni-warni, ingkang saged mbangun wataking manungsa. Amila saja kaṭah kawruhipun Ki Ḍalang ing bab lampahan ringgit, inggih saja kobèt anggènipun baḍé nglebetaken piwulang.

Awit saking punika Tjabang Bagian Bahasa ladjeng ngedalaken **Serat Tuntunan Paḍalangan djilid V** punika ingkang isi ringkesan lampahan ringgit 20 warni, ugi ḍapukan Najawirangkan. Wontenipun namung kawudjudaken balungan, djalaran tjaking pakeliran sampun kawrat djangkep wonten ing djilid I dumugi IV. Urut-urutaning lampahan boten kadamel runtut manut wekdalipun (chronologisch), nanging manut gilir gumantosipun kawajangaken dening djuru pangimpun wiwit nḍalang sapisan. Punika sampun dados pamunḍutipun. Tjabang Bagian Bahasa boten kawratan minangkani pamunḍutipun punika, djer nḍalang makaten namung menḍet salampahan-salampahan.

Saladjengipun amrih tjeṭanipun saha supados sageda nengsemaken para ingkang sami kasdu ngagem serat punika, saben lampahan rinengga ing gambar adegan ingkang dados underaning tjarijos.

Wasana mugi Serat Tuntunan Paḍalangan djilid V punika ugi sageda dados tjetjepenganipun para ingkang sami marsudi kawruh paḍalangan, langkung-langkung para siswa-ḍalang. Nuwun.

Jogjakarta, 1 Djuli 1958.

Pd. Pemimpin Tjabang Bagian Bahasa,

S. Prawiraatmadja

Punika serat lampahan ringgit Purwa tjekakan, namung gending suluk ingkang dipun-manah prelu tuwin uruting adegan ingkang prajogi pakeliranipun.

Nèm-sepuhing lampahan boten urut, saha tjaruban, lampahan baku, tjarangan, tjarang-dinapur tuwin lampahan saloka. Namung urut lampahan ingkang kula keliraken, miturut piwulang Radyapustaka ingkang kula sinau; samangké saweg 20 lampahan, manawi saged kasembadan kirang-langkung 50 lampahan, badé dipun ladjengaken.

Déné tjara anggèn kula njerati punika, manawi kula badé ndalang namung kula tjatet tjekakan; sasampuning kula lampahaken, ladjeng kula serat djangkep kados serat pratélan lampahan punika.

Makaten malih anggèn kula ngedalaken serat punika saking kerep dipuntakèni para ingkang sampun sami sinau ndalang tuwin sampun tumindak ndalang nanging dèrèng lebda anggènipun pados lampahan ingkang badé dipun tindakaken, punika taksih boten gampil. Serat pakem lampahan ingkang sampun wonten punika taksih wonten ingkang kedah dipun-tata prajogining pakeliranipun, makaten wau tumrap ingkang sinau ndalang, (dèrèng lebda) punika mbetahaken

Manawi wonten sadèrèk ndalang ingkang panggalih boten kadugi kados tjak-tjakaning gending punika, ingkang dipun-anggé namung mirid adeganipun kémawon, déné tjak-tjakaning ndalang, kados adatipun manawi ndalang kémawon, inggih masa borong.

Wasana pangadjeng-adjeng kula serat punika wontena paédahipun, dateng ingkang sami anggalih kawruh padalangan ringgit purwa.

Surakarta, 15 Februari 1958.

Pun

Najawirangka.

Pindaian ini untuk studi wayang dan tidak untuk tujuan komersial / tidak diperdagangkan.

Pindaian ini adalah salah satu hasil kegiatan
Konservasi / melestarikan Kepustakaan Wayang terbitan lama.

Kegiatan nir laba / non komersial dari perorangan sukarelawan di persaudaraan masyarakat wayang Indonesia, dengan cara memindah rekam dari bentuk kepustakaan tercetak di kertas menjadi bentuk kepustakaan digital , dengan tujuan :

1. Melestarikan kepustakaan wayang, agar tersimpan lebih lama, disimpan lebih ringkas tanpa mengurangi isi kepustakaaan, penyimpanan dengan cara lebih mudah (tidak memerlukan kondisi penyimpanan yang rumit), memungkinkan dibaca dari jarak jauh / tempat yang berbeda.
2. Persiapan isi " Perpustakaan Digital Terbuka tentang Wayang " (" Wayang Digitized Open Library ") yang mungkin terwujud di kelak kemudian hari.
3. Memudahkan atau lebih memungkinkan siapapun bisa membaca kepustakaan tersebut.

Untuk mengetahui judul kepustakaan lain yang sudah di-konservasi, silakan kunjungi laman-laman :
http://wayangpustaka.wordpress.com atau
http://wayangpustaka02.wordpress.com atau
Facebook : http://www.facebook.pages/Wayang-Purwa-Buku/82972305747

Sangat diharapkan peran serta Anda dalam kegiatan konservasi ini. Petunjuk untuk berperan serta silakan kunjungi halaman :
http://wayangpustaka.wordpress.com/konservasi-kepustakaan-wayang/

Konservasi saat ini adalah :

Nama buku : " **SERAT TUNTUNAN PADALANGAN Jilid V. Ringkesan Lampahan Ringgit 20 Warni.** "

Nama pengarang : **M. Ng. Najawirangka alias Atmatjendana. Guru pasinaon padalangan Paheman Radyapustaka utawi kasenian Kraton ing Surakarta.**
Nama Penerbit : **Tjabang Bagian Bahasa Jogjakarta, Djawatan Kebudajaan, Kementerian P.P dan K. 1955 = cetakan pertama.**

Ketersediaan kepustakaan untuk dikonservasi diusahakan oleh :
Budi Adi Soewirjo.
Dikonservasi di dan pada tanggal : **Denpasar, Juli 2014.**
Dikonservasi oleh : **Budi Adi Soewirjo, blog wayangpustaka, blog wayangpustaka02 .**

Silakan kunjungi juga blog **Paguyuban Pecinta Wayang** untuk mengetahui konservasi file audio video pakeliran wayang :
http://www.wayangprabu.com

1. LAMPAHAN KRESNA-KEMBANG.

Wiwit saking talu TJUTJURBAWUK gending rebab, ketuk 2, kerep, kenong 3 (4 gong) minggah PARE-ANOM ketuk 4, kaladjengaken ladrang SRIKATON, dawah katawang SUKMA-ILANG, katerusaken AJAK-AJAKAN MANJURA, SREPEGAN dados SAMPAK.

I. KRAWITAN gending rebab, ketuk 4, kerep, kenong 1 (2 gong) minggah LADRANGAN.

1. Djedjer ing nagari Kumbina Prabu Bismaka, ingkang ngadep putra R. Rukmara tuwin Patih Djajatilarsa lan parekan.
   Katjarita sang Prabu arsa mangun bodja-wiwaha, ingkang dèn unggar-unggar ing karja putri nata kakasih dèwi Rukmini, kagadang daup kalijan Pandita Durna, ingkang mbawahi Prabu Kurupati.
   Ing pagedongan Sang Nata Kumbina sampun njedahi ingkang putra ratu ing Mandura tuwin Narèndra ing Ngamarta.

Suwuking gending patet nem ageng ladjeng :
ada-ada Girisa.
Ginem.
Andangu putra dènnja kautus njedahi Sri Nata Mandura kalijan Sang Nata ing Ngamarta.

Sendon pananggalan, ladjeng ajak-ajakan dados srepegan, Patih mandap medal mariksa kang dadya gitaning pasèwakan, sawusing nampèni aturing mantri ladjeng wangsul ing ngabyantara Nata.

Suwuking ajak-ajakan tanpa patetan unduring parekan.

Patet nem djugag.
Patih kalijan R. Rukmara medal ngaturi Prabu Puntadèwa sakadangipun.

Ladrang MANGU.
Mlebetipun Sri Puntadèwa sakadang.

Suwuk patet nem wantah.
Ginem.

Para tamu masrahaken pasumbang, sarta bab pasanggiri. Dèwi Rukmini purun daup kalijan Pandita Durna manawi saged mbatang sadjatining djalu sadjatining wanita.

R. Rukmara kinèn ngundangaken pasanggiri dateng bawah patang pamantjad, sanadyan trahing pidak pedarakan tjèkèl munggahing balé, loro sa-udon telu sa-urupan, angger saged mbatang ladjeng dipun daupaken.
Ajak-ajakan nem.

Sang Nata Kumbina djengkar ngadaton kalijan Prabu Darmakusuma, kèndel ing gapura ajak-ajakan kasirep tjèngkok Pandjangmas.

Suwuk tanpa suluk.
Unduring parekan (paring uninga Pramèswari) suluk patet nem djugag.

II. TITIPATI, gending rebab, ketuk 2, kerep, kenong 3 (4 gong) minggah ketuk 4.

2. Adeg ing kadaton Kumbina, pramèswari Nata dèwi Angrumbini, ingkang ngadep putra-putri dèwi Rukmini, kalijan emban tjèti pawongan. Konduripun sang Nata sami metuk.

Suwuking gending patet nem wantah.

Ginem.

Dangunipun siniwaka, saha Sang Nata andawuhaken undang-undang. pasanggiri (ambatang sadjatining djalu sadjatining wanita) pasrah damel dateng Nata ing Ngamarta, utawi andangu dateng dèwi Rukmini sagedé tembung kang dèn-anggé pasanggiri, dèwi Rukmini boten saged mangsuli ladjeng késah, gja tedak budjana.

Dipun-suluki sendon Kloloran.

III. KEDATON-BENTAR, gending rebab dipun bukani gendèr, 2 kerep, kenong 3 (4 Gong) minggah KETUK 4.

3. Adeg pasowanan djawi R. Arja Bratasèna, R. Pintèn, R. Tangsèn R. Rukmara saha patih Djatilarsa.

Suwuking gending sesegan ladjeng ada-ada Girisa.

Ginem.

Dawuhipun sang Nata, R. Rukmara kinèn ngundangaken sajembara dateng bawah patang pamantjad, R. Bratasèna dipun-aturi masanggrahan. Patih Djajatilarsa nalja medal, dawuh undang tata-tata.

Ada-ada Asta-kuswala raras barang saking laras wilahan nem.

Patih wangsul ing ngarsa.

Ada-ada Asta-kuswala raras barang miring saking laras wilahan tengah.

Patih dawuh bidalan.

Ada-ada budalan Mataraman.

Lantjaran WRAHATBALA, gending Gendèr.

Bidal kapalan, rampunging prampogan ngrata margi.

Suluk patet Kedu.

IV. BUDJANGGA, gending rebab, ketuk 4, kerep, kenong 3 (4 Gong), minggah KETUK 8.

4. Adeg ing pasanggrahan Mandalatjala, prabu Djajapitana, ingkang lenggah satata ing palowanu Danghjang Durna, ingkang ngadep Patih arja Sangkuni, R. arja Kartamarma, parekan kalih.
Ing pagedongan sang Nata sampun utusan dateng nagari Kumbina miterang dinten tamtuning damel, mila tansah ngadjeng-adjeng. Patih arja Sangkuni ingkang kautus, dupi prapta ladju hamareg ngabjantara Nata.

Suwuking gending patet Lasem.

Ginem.

Arja Sangkuni lapur dènnja kautus anerangaken damel, saha ngaturaken pasang-girinipun dèwi Rukmini, purun djatukrama kalijan

Paṇḍita Durna manawi sagah narbuka sadjatining djalu sadjatining wanita. Ḍanghjang Durna sagah narbuka, gampil kémawon; Sang Nata ḍawuh biḍal mring pradja Kumbina, gja djengkar.

5. Ing tratag pasowanan djawi, R. Arja Ḍursasana lan para ari Kurawa, ḍatengipun Patih arja Sangkuni anḍawuhaken karsaning sang Nata, pangantèn ngarak mring Kumbina, ladjeng biḍal.

Srepegan suwuk paṭet Lindur.
Sasampunipun katjaritakaken, ladjeng paṭet sanga wantah.

V. GANDAKUSUMA, genḍing rebab, keṭuk 2, kerep, kenong 1 (2 Gong) minggah Ladrang GANDASULI.

6. Adeg ing pratapan Saptarga, sang Resi Abjasa, kaaḍep wajah R. Pamadi, prapat punakawan Lurah Semar, Nala Garèng tuwin Pétruk, kaaḍep tjantrik.

Suwuking genḍing paṭet sanga ngelik.

Ginem.
Radèn Pamadi panggalih kalungkung ngrudatos, awit tinilar para kadang Panḍawa, djagong mring pradja Kumbina.
Nanging winetja Sang Resi, arsa tinimbalan mring Kumbina, awit Prabu Bismaka boten kalampahan mantu manawi Radèn Pamadi boten wonten. Ènggar tyasnja Sang Ardjuna, gja pamit mantuk mring Ngamarta, pamitan ladjeng biḍal kaḍèrèkaken parepat punakawan.

VI. Lantjaran EMBAT-EMBAT PENDJALIN, genḍing kenḍang.

7. Adeg ing samadyaning wana, Raseksa-raseksi.

Suwuking genḍing sesegan ladjeng Ada-ada greget saut.

Ginem.
Raseksi moṭah ing prija, njiḍam getih daging manungsa kang bagus. Raseksa mituruti ngupaja, gja biḍal nungsung ganda.

Srepegan dados Ajak-ajakan.

Radèn Ardjuna ingkang kèndel néndra ing nganḍaping mandira, tinengga prepat tiga; praptané Raseksa, dupi arsa nubruk, R. Ardjuna wungu, dados prang (kembang), Raseksa pedjah, Raseksi béla inggih pedjah, babar Sang Hyang Kamadjaja, Baṭari Ratih.

Ginem.
Radèn Pamadi winetja dènnja mantu Nata ing Kumbina datan kalampahan jèn Sang Ardjuna datan prapta, lan winarah djatiné kang mangèndra-djala, dadya pepetenging kraton Kumbina, Widadari-widadari gja pamit angahjangan.

Paṭet senḍon bimanju terus Ajak-ajakan.

Radèn Ardjuna kalijan prepat punakawan ladjeng biḍal mring Ngamarta. Sigeg.

VII. GAMBIR-SAWIT, gending rebab, keṭuk 2, kerep, kenong 3 (4 Gong), minggah keṭuk 4.

8. Adeg pesanggrahan Turi-rukta (Kisma-rekta) salebeting pradja Kumbina, Radèn Narajana lenggah kalijan ingkang raji Retna dèwi Bratadjaja, kaaḍep R. Udawa.
Ing pageḍongan Radèn Narajana murina kadang Dèwi Rukmini, dènnja baḍé kaḍaupaken kalijan Panḍita Durna, dadya rinasuk pringga, kinèn bebana narbuka sadjatining djalu sadjatining wanita.

Suwuking genḍing paṭet sanga wantah.

Ginem.

Retna Bratadjaja pitakèn sarta anggenahaken dènnja dèrèng kalebetaken ḍateng Kraton Kumbina, manawi dalu tansah katilar késah.

Radèn Narajana kawedaka dènnja saba Pura, Dèwi Bratadjaja nulja pinonḍong dèn-emban ladjeng saré, Udawa kinèn tengga pasanggrahan ; Radèn Narajana gja biḍal mahawan ing gegana, lumebet mring kradèn-ajon Kumbina. Sigeg.

VIII. KENTJENG-BARON, genḍing rebab, keṭuk 2, kenong 3 (4 Gong) minggah KEṬUK 4.

9. Adeg ing Kumbina Prabu Bismaka munggwing Sitinggil, manggihi Prabu Puntadéwa, Radèn Arja Bratasèna, R. Pintèn, Radèn Tangsèn, ingkang ngaḍep Radèn Rukmara.
Katjarita R. Rukmara sapraptanira saking ngunḍangaken sajembara ladjeng humareg ingkang rama.

Suwuking genḍing paṭet sanga wantah.

Ginem.

Sang Nata Kumbina wus tan darbé manah kalih, amung baḍé anuhoni sajembara.

Kasaru pangantèn Ngastina Ḍanghjang Durna prapta, dènirid Sri Djajapitana, kaḍèrèkaken Patih Arja Sangkuni mjang Kurawa.

Ginem.

Narbuka pasanggiri tembung sadjatining djalu sadjatining wanita (pambatangipun sadjatining lanang : buntet, sadjatining waḍon : bolong), dipun-anggep leres.

Sri Puntadéwa dipun-tantuni kumambang, mbokmanawi inggih leres, Panḍita Durna ladjeng kérid mandjing Kaḍaton déning R. Rukmara, dipun-panggihaken.

IX. Ladrang GONDJANG-GANDJING.

10. Adeg ing Prabasujasa Kumbina, Pramèswari Nata Dèwi Angrumbini, kaaḍep putri Nata Dèwi Rukmini mjang parekan.
Katjarita Pramèswari mjarsa warta, jèn pangantèn saking Ngastina wus prapta, déné dèwi Rukmini namung tansah ngadjeng-adjeng ingkang raka Radèn Narajana déné dèrèng prapta-prapta.
Katungka sowanipun Radèn Rukmara.



Radèn Narajana dipun tjepeng Radèn Premadi.

Suwuk patet sanga wantah.

Ginem.

Radèn Rukmara kautus andawuhaken paring uninga ing samangké pasanggiri sampun kabatang, mila Dyah Rukmini ladjeng kapaèsana, Pandita Durna sampun kérid ladjeng kadaupna pisan. Retna Rukmini ladju mundur mring Kradèn-ajon sarwi udrasa. Pandita Durna ingkang kinèn kèndel ing djawi, ladjeng nusul, kasasar-sasar dateng pawon.

X. Ladrang PANGKUR.

11. Adeg ing Kradèn-ajon Dèwi Rukmini kalijan Radèn Narajana ingkang tansah pepasihan.

Suwuking gending patet sanga wantah.

Ginem.

Pangantèn ing Ngastina wus prapta, sarta sajembara wus katarbuka, ladjeng badé kadaupaken.

Pandita Durna prapta aneng djawi sarwi ngungrum, Retna Rukmini kinèn mapag.

Nulja Radèn Narajana tiwikrama warna Raseksa, Pandita Durna saha Radèn Rukmara pinapag sami kagum-kagum, lumadjeng mring pandapa, terus ing sitinggil.

Patet Manjura wantah.

(Ingkang tanpa gending manawi sereng : sampak, manawi sarèh : ajak-ajakan).

XI. PUTJUNG, gending rebab dipun-bukani tjeluk, ketuk 2, kerep, kenong 3 (4 Gong) minggah ÈSÈG-ESÈG KETUK 4.

12. Adeg ing Siti bentar, para Nata satrija pepak, mjang Patih Arja Sangkuni.

Ginem.

Ngraosi dènnja sami kalegan ing galih, kalijan abudjana nginum. Katungka praptanipun Pandita Durna lumadjeng kapiandem angebruki pangkonipun Nata Ngastina, sawusing matur ladjeng rembag njepeng brahala, Sri Kumbina wus pasrah mring Prabu Djajapitana, andum damel lawan Sri Puntadéwa sakadang, nulja mandjing Kradèn-ajon.

Kurawa mengsah sami kagum-kagum, nunten prabu Kurupati nimbali Naréndra Ngamarta, kinèn njepeng Brahala.

Prabu Puntadéwa njepeng brahala atindak rahaju, brahala andjetung ladjeng ngésahi. Sigeg.

Ingkang wonten Bradjanala-kidul R. Brataséna, mjarsa alok ing djanma jèn Sri Puntadéwa pinangan brahala, gja mandjing pura kapapag brahala, prang banting-binanting, brahala binanting itjal; tanenan ing patamanan binedolan dènnja madosi brahala, nunten pinanggih Sri Ngamarta taksih rahardja.

Prabu Djajapitana manggihi Sri Puntadéwa dèn-sereg risaking taneman ing patamanan, mundut dendan, kadenangan R. Bratasénа, Sri Ngastina élik.
Naréndra Kumbina ingkang wonten ing Sitinggil, para Nata satrija pepak, Sri Kurupati lapur dènnja njepeng brahala, Bratasénа ingkang andjadjaruhi brahala itjal, ladjeng nginten ingkang karja gora-goda punika Radèn Pamadi, mula dipun-teda datengipun.
Sri Puntadéwa sagah andatengaken, ladjeng matak adji pameling, sanalika Radèn Pamadi prapta, sarta sagah njepeng brahala (Duratmaka).

13. Adeg ing Kradèn-ajon, R. Narajana akalijan dèwi Rukmini, ingkang tansah pepasihan.
Ginem.
Dèwi Rukmini sandéjaning panggalih jèn dangu wonten Kradèn-ajon badé boten prajogi kadadosanipun, nanging R. Narajana datan pisan darbé kuwatos, awit sadaja tijang ingkang wonten ing Kumbina datan wonten ingkang dipun adjrihi.
Kasaru Radèn Pamadi nguwuh saking djawi, dadya prang lan Radèn Narajana, sami ngaben pangabaran, wekasan R. Narajana kadjodi pinusara, kalapuraken Sri Kurupati, R. Narajana lingsem dipun-kèn medjahi kémawon, sadèrèngipun pinedjahan, R. Narajana meling kinèn ngopèni kang wonten Pasanggrahan Kismarekta, ladjeng sinuduk, R. Narajana palastra, lajon binasmi, dyan Pamadi ladju mring Kismarekta.

14. Adeg Sri Djajapitana lan kadang Kurawa, dawuh anggropjok ngukup ingkang wonten pasanggrahan Kismarekta, dyan Kartamarma sandika ladjeng bidal.

XII. Ladrang ÉLING-ÉLING.

15. Adeg ing pasanggrahan Kismarekta, Dèwi Bratadjaja kaadep R. Udawa lan pawongan.
Katjarita R. Narajana wus kalih ari datan prapta.

Suwuk sendon Sastradatan.
Ginem.
Sang Dèwi Bratadjaja paring pasemon dateng R. Udawa, sédané R. Narajana, kawadaka dènnja lambangsari kalawan Dèwi Rukmini. Katungka praptanira Kurawa Ngastina andjarah pasanggrahan Kismarekta, pinagolan dèning Radèn Udawa prang kalijan udrasa, Kurawa kasor; saunduring kurawa, R. Ardjuna prapta. R. Udawa ngrungkebi kalawan udrasa. R. Udawa djinarwa bilih R. Narajana datan séda, malah badé kadaupaken kalijan dèwi Rukmini, dawuhing Nata Kumbina, Udawa kinèn sowan mring Nata Mandura, paring uninga sarta angènggalaken rawuhipun prabu Baladéwa; R. Udawa matur sandika ladjeng bidal, Radèn Pamadi mandjing pasranggrahan.

16. Ing salebeting pasanggrahan Kismarekta Retna Bratadjaja kaadep emban, gja praptané Radèn Pamadi.

Ginem.
Arsa ambojong Rara Ireng, wekasan malah dyan Ardjuna pinusara kanggé gantosan, awit tinanja: R. Narajana pinedjahan djalaran lambangsari kalijan Rukmini; Rukmini dèrèng pinedjahan, ladjeng dipun-ladosaken mring Nata Kumbina, biḍal.
Sigeg.

XIII. Ladrang KANḌA - MANJURA.

17. Adeg Pasanggrahan Ranḍugumbala. Prabu Baladéwa, kaaḍep Patih Pragota. Praptanipun R. Udawa.

Suwuk paṭet manjura wantah.

Ginem.
Udawa ngaturi uninga baḍé ḍaupipun R. Narajana kalijan Dèwi Rukmini; ḍawuhing Sri Kumbina, Prabu Baladéwa dipun-aturi énggal rawuh ing Kumbina. Udawa dinangu kang tengga pasanggrahan Kismarekta; winangsulan Radèn Pamadi; Sri Mandura duka, Udawa tinapuk sarwi ngandika: kowé dibliṭuk. Nulja gegantjangan biḍal mring Kumbina.
Adeg Sang Nata Kumbina kaaḍep R. Rukmara.
Ginem.
Ngraosaken lelampahan ingkang nembé kalampahan tuwin andangu samangké kadiparan.
Katungka praptanira Radèn Pamadi pinusara déning wara Sumbadra; sawusing dinangu karananira, nulja ḍinawuhan ambélakaken ....
Dèwi Rukmini, gia mandiing puri. Ing Ḍatulaja kapanggih Pramèswari lan Dèwi Rukmini; Dèwi Rukmini mandiing Kradèng-ajon arsa suduk sarira, sinahut déning Radèn Narajana.
Sang Ardjuna uninga, gia monḍong Dèwi Bratadiaja.
Ing panḍapi agung Sri Bismaka manggihi Prabu Djajapitana, Ḍanghjang Durna, Patih Arja Sangkuni.
Rèhning pandung sampun katjepeng pedjah, Panḍita Durna ladjeng kadaupna lan Retna Rukmini, gia kirèn mandiing puri.
Ing puri kepapag Sri Mandura, tjinanḍak binutjal mring djawi.
Prabu Djajapitana pinapag sang Arja Bratasèna, tjinanḍak binutjal mring djawi. Kurawa ngrubut amuk-amukan = prang sampak.

18. Adeg ing panḍapi agung Kumbina, Prabu Bismaka, Sri Baladéwa, Nata Ngamarta, Arja Bratasèna tuwin Radèn Pamadi, R. Pintèn, R. Tangsèn, R. Rukmara.
Ginem.
Ḍaupipun Radèn Narajana dipun-rowakaken punapa boten? Jèn karowakaken, baḍé kapegataken rumijin. Naréndra Mandura mangsuli: boten; ing béndjing salapanipun kémawon kaunḍuh mring Mandura, dipun-wiwaha.
Ladjeng budjana andrawina.

XIV. Ladrang MANIS.

TANTJEP KAJON.

---

2. LAMPAHAN DJALADARA RABI — ÈNḌANG WREDININGSIH.

Wiwit talu genḍing TJUTJUR-BAWUK, genḍing rebab, keṭuk 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong) minggah PARÈ-ANOM, keṭuk, 4, kaladjengaken ladrang SRIKATON, ḍawah ketawang SUKMA-ILANG, katerusaken AJAK-AJAKAN MANJURA SREPEGAN dados SAMPAK.

I. KRAWITAN genḍing rebab, keṭuk 4, kerep, kenong 1 (2, Gong) minggah LADRANGAN.

1. Djedjer ing nagari Mandraka, Sang Prabu Salja, siniwaka ing Sitinggil, katamuwan ingkang putra Narèndra Ngastina Prabu Djajapitana, ingkang ngaḍep R. Rukmarata, Patih Arja Sangkuni tuwin parekan. Katjarita Sang Nata baḍé anggalih kalampahanipun ḍaup putri Nata Dèwi Hérawati, kalijan Prabu Anom Kakrasana ing Madura, katungka rawuhipun Prabu Djajapitana ing Ngastina.

Suwuking genḍing paṭet nem ageng, ladjeng Ada-ada Girisa.

Ginem.
Baḍé pamiwahanipun putri Nata Dèwi Hérawati. Sri Salja pasrah damel ḍateng Prabu Kurupati, mila ladjeng ngrantjang lampah-lampah, sarta munduti bebana patah ḍateng Sri Nata Madura, R. Rukmarata kautus dateng Madura, Sang Nata Madraka djengkar ngaḍaton, Prabu Djajapitana tumut ngaḍaton.

Ajak-ajakan nem.
Sang Nata kèndel ing gapura, kasirep tjéngkok Pandjangmas.
Suwuk tanpa paṭet.

Unduring parekan.
Paṭet nem djugag. Sang Nata ladjeng mandjing gapura.

II. LARA-NANGIS gending rebab, keṭuk, 2, kerep, 3 (4, Gong) minggah ladrang WELING-WELING.

2. Adeg ing kaḍaton, Pramèswari Nata Dèwi Setyawati, kaaḍep putra Dèwi Hérawati, Dèwi Surtikanṭi tiga Dèwi Banuwati, tuwin tjèṭi pawongan.
Genḍing minggah ladrang Weling-weling. Pramèswari meṭuk konduring raka Nata.

Suwuking gangsa paṭet nem wantah.

Ginem.
Danguning siniwaka, Sri Salja saha Prabu Djajapitana djengkar ladjeng lenggah budjana dipun-ḍèrèkaken para putra.

Dipun-senḍoni Kloloran.

III. BOLANG-BOLANG genḍing rebab, keṭuk, 4 kerep, kenong 3 (4, Gong) minggah ladrang AGUN-AGUN.

3. Adeg ing pasowanan djawi mungging bangsal satengahing tratag rambat ginribigan, R. Burisrawa kaaḍep R. Rukmarata tuwin Patih Tuhajata.

Suwuking gangsa Ada-ada Girisa.

Ginem.

Ngaturi uninga mring R. Burisrawa, ḍawuhing Nata ing pasèwakan R. Rukmarata ladjeng pamit ḍateng pradja Madura kaḍèrèkaken Patih Tuhajata, Patih ladjeng unḍang samapta.

Ada-ada astakuswala laras barang miring saking nem.

Patih wangsul mangarsa.

Ada-ada astakuswala laras barang miring saking tengah.

Patih medal arsa ḍawuh biḍalan.

Ada-ada buḍalan mataraman.

Lantjaran MANJAR-SÈWU, genḍing gendèr.

Biḍal kapalan, rampunging prampogan ngrata margi.

Paṭet nem keḍu.

IV. MADJEMUK, genḍing rebab, ketuk, 2, kerep, kenong, 4 (5, Gong) minggah KEṬUK 4.

4. Adeg ing nagari Giriḍasar, Prabu Kala Wredati, kaaḍep emban Tjanṭèkawarti lan punggawa raseksa, Sang Prabu gandrung kasmaran Dèwi Hèrawati, putri Madraka.

Suwuking genḍing sesegan ladjeng Ada-ada Girisa.

Ginem.

Sang Nata supena ḍaup lan Dèwi Hèrawati putri Madraka, ladjeng midji punggawa raseksa.

Ladrang MUNTJÈR.

Punggawa raseksa madjeng. kaparingan serat kaaturna Ratu Madraka.

Munduripun punggawa raseksa, Srepegan pindjalan.

Ladjeng biḍalan punggawa raseksa beḍol sakabupatèn, nèng margi lampahnja kepapag wadya ing Madraka, sulajaning rembag dadya prang (gagal).

Paṭet nem wantah.

V. BUDJANGGA, genḍing rebab ketuk, 4, kerep, kenong 3 (4, Gong) minggah KEṬUK 8.

5. Adeg ing nagari Madura, Prabu anom Kakrasana, kaaḍep tjèṭi-pawongan, ing ngarsa Patih Pragota, Patih Prabawa, katamuwan Radèn Rukmarata.

Suwuking genḍing paṭet nem wantah.

Ginem, kautus ingkang rama Prabu Salja, nḍawuhaken punḍutan patah tijang èstri ingkang aju-aju, tjatjah kawandasa, Sang Prabu anom njagahi, R. Rukmarata pamit ladjeng mundur.

Paṭet nem djugag.

Patih Pragota dèn-ḍawuhi ngupaja patah satunggal ingkang aju kinarja tinḍih, aturnja sandika (banjol).

Patih Pragota kaḍawuhan nimbali R. Narajana.

Paṭet Lindur, ladjeng santun paṭet sanga wantah.
Ladrang KEMBANG-TANDJUNG.

R. Narajana sowan ing ngarsaning kang raka.
Ginem.
Kaḍawuhan ngupados patah tijang èstri ingkang aju kinarja tetinḍih patah, aturira sandika, ladjeng pangkat kaḍèrèkaken Udawa, nèng margi séwang-séwangan lan patih Pragota, Sigeg.
Paṭet sanga wantah.

Gara - Gara.

Ada-ada greget-saut manjura.
Ngutjapaken pratjékaning gara-gara, banjol adjeg.
Paṭet sanga djugag.

VI. LAGU ḌEMPEL, gerḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong 1 (2 Gong) minggah ladrangan.

6. Adeg samadyaning wana R. Pamadi kang ngemu rudatos, prepat tiga.
Suwuking genḍing paṭet sanga ngelik.
Ginem.
R. Pamadi singkel ing drija, rinapu prepat dipun-aturi kondur, datan karsa, malah ladjeng mandjing wana ingkang langkung wingit.
Sigeg.


VII. Lantjaran ḌJANGKRIK-GÉNGGONG, genḍing gendèr.

7. Adeg ing samadyaning wana, raseksa punggawa ing Giriḍasar.
Suwuking gangsa sesegan ladjeng Ada-ada greget saut.
Ginem.
Raseksa sami bingung tan sumerep prenah.
Praptanipun lurah Widjamantri lawan Saraita, ngaturi uninga wonten satrija langkung, nulja pinrepekan dadya prang (kembang) raseksa pedjah sadaja.

Paṭet senḍon bimanju trus Ajak-ajakan.
R. Pamadi ladjeng mandjing wana Sétragandamajit, ladjeng nungku pudja semèdi.
Suwuk paṭet sanga djugag.
Ketawang ḌENḌA-GEDÉ.
Wadu Barat anggoḍa R. Ardjuna tan kéguh, praptanipun Baṭari Durga ngungak ladjeng nimbali R. Pamadi.

VIII. Ladrang GONDJANG-GANDJING.

8. Adeg Baṭari Durga R. Parta marek mangarsa.
Suwuk paṭet sanga wantah.
Ginem.
R. Pamadi dinangu aturipun namung : pada Beṭari mangsa kekilapana ingkang dados kadjengipun, Beṭari Durga sakalangkung duka, R. Pamadi sinaut ladjeng kinemah-kemah ladjeng warni pawèstri,



Endang Wrediningsih.

nami èndang Wrediningsih, prepat tiga inggih warni èstri, Semar nami njai Melok, Nala Garèng njai Melèng, Pétruk njai Moblong, ladjeng pamit bidal dateng Madura.
Ing margi adeg Patih Pragota, ingkang ngupados wanudya ingkang sulistya warninipun badé kanggé patah, dupi uninga lampahipun èndang Wrediningsih ladjeng pinrepekan, sawusing tanja, èndang Wrediningsih tinantun dados patah sagah, ladjeng kairid dateng nagari Madura, Sigeg.

IX. GAMBIRSAWIT, gending rebab, ketuk, 2, kerep, kenong 3 (4, Gong) minggah KETUK, 4.

9. Adeg ing pratapan Gadamadana, begawan Kapi Djembawan lan garwa Dèwi Tridjata, manggihi tamu R. Narajana, kadèrèkaken R. Udawa.

Ginem.

R. Narajana njambut Dèwi Djembawati, badé dipun-dadosaken patah kramanipun ingkang raka Prabu-anom Kakrasana. Kapi Djembawan lan garwa njaosaken. Dèwi Djembawati tinimbalan mangarsa (prenèsan), ladjeng kabekta R. Narajana dateng kraton Madukara. Sigeg.

X. GALA-GOTANG, gending rebab (manawi mboten saged, kalintu ladrang: Uluk-uluk), ketuk, 4, kerep, kenong, 3 (4, Gong) minggah KETUK 8.

10. Adeg ing nagari Giridasar, Sang Prabu Kala Wredati, kaadep emban Tjantékawarti lan punggawa raseksa.

Suwuking gending sesegan, ladjeng Ada-ada manggalan.

Ginem.

Ngadjeng-adjeng punggawa raseksa ingkang dinuta mring pradja Madraka.
Datan antara dangu praptanipun lurah Widjamantri lan Saraita, lapur tiwasipun punggawa raseksa, déning panengah Pandawa R. Pamadi. Sang Nata sakalangkung duka, warising punggawa ingkang sami nedjah kirèn anggentosaken, gja dawuh arsa tedak mring pradja Madraka sawadya-bala arsa rerempon, nanging pinambeng emban Tjantékawarti, pijambakipun kadugi andusta.
Sang Nata marengaken, ladjeng bidal anggegana.

Patet manjura wantah (wiwit santun patet manjura).

XI. GLIJUNG, gending rebab, ketuk, 2, kerep, kenong, 3 (4 Gong) minggah KETUK, 4.

11. Adeg pandapa ing Madraka, Prabu Salia maggihi tamu Prabu Puntadéwa, R. Bratasena, R. Pintèn, R. Tangsèn, praptanipun R. Rukmarata.

Suwuking gending patet manjura wantah.

Ginem.

R. Rukmarata lapur dènnja kautus mundut wewahan patah. Prabu anom Kakrasana sagah pados, manawi sampun angsal ladjeng ngarak dateng Madraka, nunten kadawuhan dateng kenjapuri, paring uninga Pramèswari, sarta kadawuhan tata-tata, R. Rukmarata matur sandika, ladjeng mandjing kadaton.

Taksih Ajak-ajakan.

12. Adeg kenja-puri, Sri Salia, Pramèswari Dèwi Setyawati, kaadep putri Nata Dèwi Hérawati.

Suwuking Ajak-ajakan patet manjura djugag.

Ginem.

Prabu Salja dawuh ila-ila, pangantèn kedah kasengker, Dèwi Hérawati ladjeng kasengker kinèn mandjing kalpika.

Praptanipun R. Rukmarata kagjat gora wekasan ngungun déné ingkang rama wonten kenjapuri, sulajaning ginem dados prang, Sri Salja djinemparing babar raseksi ladjeng anggegana.

R. Rukmarata lapur mring pandapi, nulja dinuta mring Madura malih, suka uninga itjalipun Dèwi Hérawati kinèn madosi, bidal.

XII. TJAPANG gending rebab (kénging lintu ladrang Kandamanjura), ketuk 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong) minggah KETUK, 4.

13. Adeg ing Madura, Prabu Anom Kakrasana, sowanipun Patih Pragota, ngaturaken tjalon patah èndang Wrediningsih sasedèrèkipun.

Suwuking gending patet manjura wantah.

Dawuh mring parekan éndang Wredinigsih sakadang sarta bijungipun kadawuhana masrahaken Dèwi Bratadjaja, sandika ladjeng kairid.

Terus Ajak-ajakan.

Adeg kradèn-ajon Retna Wara Sumbadra tjèti pawongan nampèni éndang Wrediningsih.

Ginem.

Kawontenanipun padusunan, ladjeng kadawuhan meteki Dèwi Bratadjaja, kalijan ndongèng (dongèngipun pasemon kapanggihipun Pamadi lan Sumbadra), dupi Retna Bratadjaja saré, èndang Wrediningsih datan darana ladjeng babar R: Pamadi (nunggil saré) Wrediningsih warni djalu, Wara Sumbadra kagjat lumadjeng matur ingkang raka Prabu Anom Kakrasana, ing kradèn-ajon wonten duratmaka.

Sampak dados Ajak-ajakan.

Ing pandapi Madura, Prabu Anom Kakrasana katamuwan R. Rukmarata.

Ginem.

Kautus ingkang rama Sri Salja, suka uninga dèwi Hérawati itjal kabekta ing duratmaka, kapanggihipun pasrah Prabu Anom Kakrasana, Sri Madura sagah madosi. R. Rukmarata pamit mundur.

Katungka praptanipun Dèwi Bratadjaja lumadjeng andjrit larakaruna, wadul jèn kradèn-ajon wonten djanma prija moṭa-moṭa saliranipun. Sang Nata Madura sakalangkung duka ladju mandjing kradèn-ajon, dumugi ngriku ingkang wonten R. Pamadi, Prabu Anom lerem dukanipun, R. Pamadi dipun pangandikani pangarem-arem, tamtu baḍé ḍaup kalijan Wara Sumbadra, sarta tan pareng medal, Prabu Anom Kakrasana midjil lenggah panḍapa, nimbali Patih Pragota, tinapukan, dupi Pragota takèn dosa, Prabu Anom paring ḍawuh jèn Wredaningsih dados djaler, Pragota ngurusaken, Prabu Anom lerem dukanipun, ladjeng ndangu R. Narajana, gja tindak mring Kadipatèn.

Adeg Kadipatèn Madura R. Narajana kaaḍep Retna Djembawati (prenès).

Ginem.

R. Narajana amiluta basa manuhara mring Dèwi Djembawati, nanging wangkot, marma anggèning njaèkaken sariranipun mawi ngawon-awon ingkang raka.

Katungka Prabu Anom Kakrasana prapta. Dyah Djembawati késah, R. Narajana malik njuwun ngapunten ingkang raka.

Prabu Anom paring uninga jèn ing kradèn-ajon wonten djanma prija moṭa-moṭa Wara Sumbadra, sariranipun pantjakara' kasoran. Radèn Narajana bramantya nanging semu maiben, ladjeng mangsah mandjing kradèn-ajon linantjangan Prabu Anom Kakrasana, tansah njanḍet sarta nanting punapa R. Narajana purun sajektos (gugudjengan), ladjeng walèh tijangipun punika Pamadi, gja tinimbalan, kapanggih R. Pamadi ladjeng gegudjengan.

Ladjeng paring ḍawuh jèn sariranipun dèrèng tamtu saged ḍaup lawan Dèwi Hérawati, djalaran itjal kabekta duratmaka (R. Pamadi késah = teges sampun pangkat madosi), R. Narajana kaḍawuhan ngupadosi ladjeng késah, dipun-dangu baḍé madosi, nanging madosi Djembawati, Prabu Anom Kakrasana nututi nusul Sang Ardjuna.

XIII. Lantjaran RITJIK RITJIK, genḍing gendèr.

13. Adeg ing nagari Giriḍasar, Prabu Kala Wredati, kaaḍep emban Raseksi lan punggawa.

Suwuking gangsa sesegan ladjeng Ada-ada Greget-saut.

Ginem.

Emban Tjanṭékawarti lapur jèn Dèwi Hérawati putri Madraka sampun wonten ing Kaḍaton, Sang Nata raseksa langkung astjarja (praptanipun Sang Ardjuna, Prabu Anom Kakrasana kalijan prepat punakawan limunan langkung ngadjengipun Nata Raseksa).

Prabu Kala Wredati angeḍaton baḍé monḍong Dèwi Hérawati.

Dèwi Hérawati pinanggih lan R. Pamadi ladjeng kalebetaken kalpika. (praptanipun Sang Ardjuna, Prabu Anom Kakrasana kalijan prepat Anom Kakrasana prang, nata Raseksa pedjah, wadya ingkang béla sirna sadaja, Dèwi Hérawati dipun-antukaken ḍateng Madraka, Prabu Anom Kakrasana kondur mring Madura arsa samapta ngarak.

Terus Ajak-ajakan.

14. Adeg ing nagari Madraka Sri Salja, Prabu Djajapitana, Nata Ngamarta, R. Arja Bratasêna, R. Rukmarata.

Ginem.

Ngraosaken itjalipun Dèwi Hérawati. Naréndra Ngastina ing batos bingah, ngijas temtu boten pinanggih.

Katungka praptanipun Dèwi Hérawati kalijan R. Pamadi ; Sri Salja dahat suka, sasampuning ndangu lelampahan dumugi pinanggihipun, ladjeng kaḍaupaken. Sigeg.

Prabu Anom ing Madura, semèdi nèng panepèn karawuhan Sanghjang resi Narada kalijan Sanghjang Brahma.

Ginem.

Andjumenengaken Nata mring Prabu Anom Kakrasana djedjuluk : 1. Prabu Baladéwa, 2. Balarama, 3. Kusuma Walikita, 4. Basukijana, 5. Prabu Djaladara, 6. Kakrasana. Sanghjang Narada maringi djedjuluk Prabu Ḥalajuda (= gawéné sok mluku), maringaken kaprabon, maringaken titijan Dwipangga tuwin para widadari, gangsa Lokananta mungel ing ngawang-awang, para djawata baḍé ngèstrèni ḍaupipun pangantèn, para djawata sami mahawan ing gegana.

Prabu Baladéwa biḍal ngarak nitih dwipangga, kaḍèrèkaken para wadya, sigeg.

Adeg ing Madraka, Sri Salja pepak para tamu, putra-putra, praptaning pangantèn ladjeng kaḍaupaken, namung Prabu Djajapitana ladjeng morot saking pasamuwan, kabekta bentèring manah, ḍawuh mring para kaḍang kurawa, ladjeng damela reresah, pinagolan déning Raden Arja Bratasêna, amuk-amukan sampak.

Adeg Nata Madraka kalempakan lan putra Narèndra Ngamarta sakadang, mangun suka bodjana andrawina.

XIV. Ladrang MANIS.

TANTJEP KAJON.

---

3. LAMPAHAN KUMALA-SEKTI.

Wiwit talu TJUTJUR BAWUK genḍing rebab, keṭuk, 2 kerep, kenong, 3 (4, Gong), minggah PARÉ-ANOM, keṭuk, 4, kaladjengaken ladrang SRIKATON, ḍawah ketawang SUKMA-ILANG, katerusaken AJAK-AJAKAN MANJURA SREPEGAN dados SAMPAK.

I. KABOR genḍing Gendèr keṭuk, 2, kerep, kenong 1 (2, Gong) minggah ladrang KRAWITAN.

1. Djedjer ing nagari Ngastina, Prabu Durjudana, ingkang lenggah satata munggwing palowanu Panḍita Durna, ingkang ngaḍep Patih Arja Sangkuni, kurawa tuwin parekan.

Suwuking genḍing paṭet nem ageng, ladjeng Ada-ada Girisa.

Ginem.
Sasirnaning Panḍawa amung kantun R. Abimanju kalijan ingkang garwa, kang wus djumeneng Prabu Anom, wonten ing Gadjah-oja, Panḍita Durna srananing djumeneng Prabu Anom anganggéja rahing kidang wulung kang tratjak wadja mripat kumala.
Prabu Durjudana ndangu prajogining lampah kang ngupaja, Panḍita Durna matur kadjawi Adipati Karna lawan Kurawa sagolongan, ingkang ndombani Patih Arja Sangkuni, ananging Kumalasekti prajogi kaḍawuhan tumut, Sang Prabu najogjani, gja tinimbalan.

Paṭet nem djugag.

Ladrang KEMBANG-PÉPÉ.

Prabu Anom Kumalasekti prapta tunḍuk atur sembah, Sang Nata ḍawuh ngupaja kidang wulung kang tratjak wadja mata kumala, aturnja sandika, nulja Sang Nata Ngastina kondur angaḍaton.

Ajak-ajakan nem.

Sang Nata kèndel ing Gapura.
Ajak-ajakan kasirep tjèngkok pandjangmas.

Unduring parekan Paṭet nem djugag.

II. DAMAR-KÈLI, genḍing rebab keṭuk, 4, kerep, kenong, 3 (4, Gong), minggah KEṬUK 8.

2. Adeg ing kenja-puri, Pramèswari Dèwi Banuwati, kaaḍep putri Nata Dewi Laksmanawati, tjèṭi pawongan, konduring Narèndra Pramèswari gja meṭuk.

Suwuking genḍing paṭet manjura ageng.

Ginem.
Danguning siniwaka, nḍawuhaken ngupaja kidang wulung kang tratjak wadja mata kumala, kinarja sarana djumenengé Prabu Anom Kumalasekti, nulja djengkar bodjana.

Dipun-senḍoni Kloloran.

III. KEMBANG-TIBA, genḍing rebab, keṭuk 4, kerep, kenong 3, (4, Gong) minggah KEṬUK, 8.

3. Adeg ing pasowanan djawi, Adipati Karna, Patih Arja Sangkuni tuwin Kurawa.

Suwuking genḍing sesegan ladjeng Ada-ada Girisa.

Ginem.

Patih Arja Sangkuni nḍawuhaken sadaja ḍawuhing Narèndra, mring Adipati Karna saha Kurawa, kinèn ngupaja kidang wulung. Kumalasekti tumut, ananging saweg mantuk rumijin, R. Kartamarma ḍawuh undang-unḍang, medal tata-tata.

Ada-ada astakuswala laras barang miring saking wilahan nem alit.

Patih wangsul mangarsa.

Ada-ada astakuswala laras miring saking wilahan tengah.

R. Kartamarma ḍawuh biḍalan.

Ada-ada biḍalan mataraman.

Lantjaran MANJAR-SÈWU, genḍing gendèr.

Biḍal kapalan, rampunging prampogan ngrata margi.

Paṭet keḍu.

IV UDAN SORÉ, genḍing rebab keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong) minggah KEṬUK, 4.

4. Adeg ing Sokalima, narèndra ing Nungsa-rukmi Sang Prabu Tédjakumala, ingkang lenggah satata Danghjang Durna, ingkang ngaḍep Patih Bratakumala.

Suwuking genḍing paṭet nem lasem.

Ginem.

Dènnja angsal munakawan, Panḍita Durna ngandika, panuwunipun Sri Tédjakumala dèrèng katur Sri Durjudana, awit saweg arungan ategipun Prabu Anom ing Gadjah-oja, kedah ngangge sarana rahing kidang wulung tratjak wadja mata kumala, murih prajogi Nata ing Nungsarukmi supados tumut utusan ngupados, manawi saged angsal dados pakandelan anggènipun munakawan (njuwun anggarwa Dèwi Laksmanawati).

Prabu Tédjakumala njandikani.

Patih Bratakumala kinèn nḍawuhaken punggawa raseksa ngupados kidang wulung ingkang tratjak wadja mata kumala, aturipun sandika.

Srepegan nem.

Prabu Tédjakumala saha Panḍita Durna sami djengkar. Patih Bratakumala medal ing djawi, nimbali punggawa raseksa Kala Pralemba, raseksa njarèng tuwin raseksa kobis.

Suwuk Ada-ada Mataraman.

Ginem.

Patih Bratakumala ngandika : ḍawuhipun Prabu Ṭédjakumala kinèn ngupaja kidang wulung ingkang tratjak wadja anétra kumala, baḍé katur ing Nata Ngastina, kinarja pakandelan dènnja munakawan Prabu Tédjakumala, marma sampun ngantos karumijinan Kurawa Ngastina.

Punggawa raseksa matur sandika ladjeng bidal.
Patet. Lindur.

Sampuning katjaritakaken ladjeng :
Patet sanga wantah.

V. GAMBIR-SAWIT, gending rebab, ketuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong) minggah KETUK 4.

5. Adeg ing Gadjah-oja Prabu Anom Kumalasekti, lenggah Jawan garwa Dèwi Kumalawati, tuwin ipé Patih Sumitra.

Suwuking gending patet sanga ngelik.

Ginem.

Prabu Anom Kumalasekti pamit mring kang garwa, arsa ngupaja kidang wulung, nanging ingkang garwa mambengi.

Patet sanga djugag.

Dyah Kumalawati, pinondong ingkang raka dèn-arih-arih nulja saré nèng ngembanan, sawusing kararèkaken nèng pasuptan, nulja Prabu Anom Kumalasekti animbali prepat punakawan kadawuhan ndèrèk, mandjing wana, Sigeg.

VI. Ladrang KAGOK-MADURA, gending gendèr.

6. Adeg ing madyaning wana, punggawa raseksa ing Nungsarukmi, ditya Kala Pralemba, Kala Banjak-tjalora, tuwin ditya Kala Katung sami bingung.

Suwuking gangsa sesegan ladjeng Ada-ada greget saut.

Ginem.

Bingung dènnja ngupaja kidang wulung dèrèng angsal damel.

Praptanira Togog lan Saraita, ngaturi uninga, pabarisan raseksa katradjang lampahing satrija, nulja pinrepekan, sulajaning ginem dadya prang (kembang), danawa sirna sadaja, Togog-Saraita mantuk mring Sokalima.

Patet Djingking trus Ajak-ajakan.

Dyan Kumalasekti ngladjengaken lampahira, Sigeg.


VII. KENTJÈNG-BARONG, gending rebab, ketuk, 2, kerep, kenong 3 (4, Gong) minggah KETUK, 4.

7. Adeg ing nagari Banakeling, R. Arja Djajadrata, kaadep Patih Djajagotra, amanggihi Patih Arja Sangkuni.

Suwuking gending patet sanga wantah.

Ginem.

Djumenengira Prabu Anom Kumalasekti, Arja Djajadrata ladjeng tan arsa nangkil mring Ngastina. Nulja R. Arja Sangkuni ndawuhaken ngupaja kidang wulung kang tratjak wadja mata kumala, ngendi enggoné katemu kalilan bandjur matèni ; Arja Djajadrata sandika nulja budal, Arja Sangkuni mring pasanggrahan.



Prabu Anom Kumalasekti.

VIII. Ladrang GIJAK-GIJAK.

8. Adeg pasanggrahan Bandjar-anjar, Adipati Karna, Patih Arja Sangkuni, R. Kumalasekti mjang kurawa.

Suwuking gangsa patet sanga wantah.

Ginem.
Dènnja dèrèng angsal kidang wulung, kurawa kinedjépan, Radèn Kumalasekti ladjeng riningkes, Adipati Karna saha kurawa kasor keṭéṭéran. Praptanipun Arja Djajadrata, Dyan Kumalasekti, binudjuk, sareng kalimpé linarihan tjuriga anedasi, sanalika palastra, Semar Nala Garèng Pétruk sami binudjung lumadjeng sarsaran, Sigeg.

Paṭet manjura wantah (wiwit santun paṭet Manjura).

IX. BUDJANGGANOM, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong 3 (4, Gong) minggah KEṬUK 4.

9. Adeg ing Dwarawati Sri Baṭara Kresna lenggah munggwing panḍapa, ingkang ngaḍep R. Samba tuwin Arja Setyaki.

Suwuking genḍing senḍon Sastradatan.

Ginem.
Murtjanipun kadang Panḍawa, Sang Nata gja ngulati mahawan djumantara, Sigeg.

X. PUTJUNG, genḍing rebab (dipun-bukani tjeluk swara ḍalang), keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong) minggah ÈSÈG-ÈSÈG, KEṬUK, 4.

10. Adeg ing pratapan Ngéndragiri, Bagawan Darmadjati, Wasi Bradjaséna, putra Garuḍa Lelana.

Suwuking genḍing paṭet manjura wantah.
Katamuwan njai Ruminta, ranḍa ing ḍukuh Karangḍadap, kalih njai Rubéda, ranḍa ing ḍukuh Waru.

Ginem.
Sami tan darbé suta, marma sami njuwun momongan suta, nulja sami ḍinawuhan mring kebon angambila ron sasukané, wasana ngampil ron sinom utawi djanur, sinabda sang resi sami dados djanma, sinung aran Sinompradapa lan Djanurdara.
Kasaru praptané Semar, sawusing ngaturi priksa ladjeng njuwun pitulung, Sang Resi ngandika mring raré kalih kaḍawuhan nulungi, gja biḍal.

Ingkang tanpa genḍing kantun Ajak-ajakan lan sampak.
R. Arja Djajadrata pinanggih raré kalih, Sinompradapa lawan Djanurdara, sawusing tanja-tinanja dadya prang, raré kalih ginada Arja Djajadrata babar dados ron sinom lan djanur.
Adeg ing pratapan Ngéndragiri, Resi Darmadjati, Wasi Bradjaséna, Garuḍa Lelana.
Praptaning Semar matur tiwasing raré, nulya Semar ḍinawuhan menḍet séla ing balumbang, pinudja dadya raré bagus pinaringan

nama Bambang Hèndra-kumala, ladjeng kaḍèrèkaken Semar murugi mring gèning Arja Djajadrata.

Sapengkering Semar praptanira Nata Kresna, sampuning bagé-binagé, Sri Kresna neḍa pitedah sirnaning Panḍawa, sang Resi kikip, dadya prang, sang resi tjinakra babar Prabu Juḍisṭira, Wasi Bradjaséna tjinakra babar R. Arja Wrekudara, Garuḍa Lelana tjinakra babar R. Gaṭutkatja.

Mulya papanggihan sadaja dèn-adjak mring Ngamarta, Sigeg.

R. Arja Sinduredja kang taksih nèng wana, pinanggihan Hèndrakumala, sasampuning takèn-tinakèn dadya prang, Arja Djajadrata pinanah baju-badjra kabuntjang, Kurawa sadaja lumadjeng, Bambang Hèndrakumala ngupadosi kuwanḍanipun R. Kumalasekti, pinanggih ladjeng dipun-gesangaken, dènambil putra, gja pangkat mring Ngastina, Sigeg.

XI. Ladrang KANḌA-MANJURA.

11. Adeg ing Sokalima Prabu Tédjakumala, Panḍita Durna, Patih Bratakumala.

Suwuking gangsa paṭet manjura.

Ginem.

Angadjeng-adjeng utusan punggawa raseksa, kasaru praptanira Togog lan Saraita, ngaturaken tiwasing punggawa raseksa, Ḍanghjang Durna ngadjak mring Ngastina, ladjeng biḍal sawadya-bala.

XII. GLIJUNG, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong) minggah KEṬUK, 4.

12. Adeg ing Ngastina Prabu Durjudana, Adipati Karna, Paṭih Arja Sangkuni, R. Leksmana-mandrakumara.

Suwuking genḍing paṭet manjura wantah.

Ginem.

Sampun angsal damel anggènipun pados kidang wulung, namung Arja Sinduredja ḍawah kabuntjang marṭta. R. Leksmana njuwun garwa Sangdyah Kumalawati, kaparengaken. Adipati Karna kinèn mring Gadjahoja munḍut Dèwi Kumalawati, ladjeng biḍal.

Terus Ajak-ajakan.

13. Adeg ing Gadjahoja, Dèwi Kumalawati mjang ari R. Hèndrakumala, Patih Sumitra.

Ginem.

Késahipun ingkang raka risang Kumalasakti, katungka praptanira Adipati Karna kautus Prabu Durjudana munḍut nimbali Dèwi Kumalawti, ladjeng kérid mring Ngastina, Sigeg.

Ajak-ajakan.

1. Adeg Ngastina Sri Durjudana pepakan, ngadjeng-adjeng Adipati Karna, nunten ḍateng ngirid Dèwi Kumalawati, dipun lebetaken ing keḍaton, R. Leksmana ladjeng kaḍawuhan monḍong.

Lampahnja dyah Kumalawati, kapoṭa-poṭa R. Leksmanamandra-

kumara nanging datan karsa, lumadjeng kepapag ingkang raka (garwa), gja rinangkul; R. Laksmana tinandangan, lumadjeng mring ndjawi kepapag Bambang Héndrakumala, sawusing pinulasara gja binutjal mring ndjawi.
Sri Sujudana nampèni tjlorodipun putra, ladjeng dipun dangu; sasampuning matur, Sri Ngastina ladjeng nimbali Prabu Tédjakumala kinèn mring kadaton kalijan Patihipun.
Prabu Tédjakumala kapapag Hèndrakumala, takèn-tinakèn sulaja dadya prang, bambang kadjemparing babar Ardjuna, Prabu Tédjakumala djinemparing babar Wara Sumbadra, Patih Bratakumala djinemparing babar Wara Srikandi.
Sri Sujudana nimbali ari-ari Kurawa kinèn mandjing puri, pinagolan R. Gatutkatja kalijan R. Arja Wrekudara, amuk-amukan, sampak.

15. Sri Kresna, Nata Pandawa sakadang mjang putra-putra kalempakan.

XIII. LADRANG MANIS.

TANTJEP KAJON.

Ringgit ingkang dipun-anggé :

1.	Prabu Anom Kumalasekti	:	Angkawidjaja.
2.	Dèwi Kumalawati	:	Siti Sundari.
3.	Patih Sumitra	:	Sumitra.
4.	Prabu Tédjakumala	:	Sabrang bagus.
5.	Patih Bratakumala	:	Putran lanjap.
6.	Bagawan Darmadjati	:	Pandita sepuh.
7.	Wasi Bradjaséna	:	Putran lanjap.
8.	Garuda Lelana	:	Peksi Garuda.
9.	Bambang Héndrakumala	:	Bambang Widjanarka.
10.	Njai Ruminta	:	Éndang lanjap.
11.	Njai Rubéda	:	Éndang lurah.
12.	Sinom-pradapa	:	Bambang sampir.
13.	Djanurdara	:	Bambang sampir.

---

4. LAMPAHAN IRAWAN RABI.

Wiwit saking talu TJUTJURBAWUK gending rebab, ketuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong) minggah PARÉ-ANOM ketuk, 4, kaladjengaken ladrang SRIKATON, dawah ketawang SUKMA-ILANG, terus Ajak-ajakan MANJURA, SREPEGAN dados SAMPAK.

I. KRAWITAN gending rebab, ketuk 4, kerep, kenong, 1 (2, Gong) minggah LADRANGAN.

1. Djedjer ing nagari Dwarawati, Sri Batara Kresna, kaadep R. Samba, R. Arja Setyaki, parekan.

Suwuking gending patet nem ageng, ladjeng Ada-ada Girisa.

Ginem.

Dènnja arsa ndaupaken putri Nata Dèwi Titisari.

Sendon panangalan terus Ajak-ajakan nem ladjeng sesegan.

Patih Udawa mariksa kang dadya gitaning alun-alun, sawusing nampèni aturing mantri, ladjeng madjeng ing ngabjantara Nata, matur ingkang damel gita. Sinuhun Madura ingkang rawuh.

Suwuk tanpa patet.

Medalipun Patih Udawa lawan R. Samba.

Patet nem djugag.

Ladrang REMENG.

Lebetipun Narèndra Madura.

Suwuk patet nem wantah.

Ginem.

Sri Baladéwa kagjat prapta nèng pradja Dwarawati, mriksani tarup, sarta katingal arsa makadjangan. Nata Kresna matur jèn arsa ndaupaken putra Dèwi Titisari, kalijan putra Madukara R. Irawan.

Prabu Baladéwa datan pareng, supados dipun-wurungaken, sariranipun kakèngkèn Narèndra ing Ngastina mundut Dèwi Titisari, kadaupaken angsal satrija kadipatèn Sarodjabinangun, R. Leksmanamandrakumara.

Sri Kresna pakèwed lan kadang wreda dadya matur sumangga, sarta sandika murungaken rembag Madukara.

Prabu Baladéwa medal ing ndjawi arsa ndawuhaken utusan mring Ngastina.

Ada-ada Girisa.

Sri Kresna dawuh mring putra R. Samba, kautus njuwak rembag bésanan lan Madukara. Nulja Sang Nata Kresna kondur angadaton.

Ajak-ajakan nem.

Sang Nata kèndel ing gapura

Kasirep tjéngkok pandjang mas.

Suwuk tanpa suluk.

Unduring parekan.

Patet nem djugag.

II. TITIPATI, gending rebab, ketuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong), minggah KETUK, 4.

2. Adeg ing kenja-puri, Pramèsmari Nata katiga, Dèwi Djembawati, Dèwi Rukmini, Dèwi Setyaboma, emban tjèṭi pawongan pepak, konduring Narèndra Pramèswari sami meṭuk.

Suwuking genḍing paṭet nem wantah.

Ginem.

Danguning siniwaka katamuwan, ingkang raka Nata ing Madura, munḍut putri Nata sangdyah Titisari, kaḍaupaken kalijan putra Nata ing Ngastina; Sri Kresna sumanggèng karsa, marma ladjeng njandèkaken rembag Madukara, sadaja samja getun angungun, nulja Sinuhun alenggah budjana ladjeng memudja.

Dipun - senḍoni Kloloran.

III. KAḌATON-BENTAR, genḍing rebab dipun-bukani Gendèr, keṭuk, 2 kerep, kenong 3 (4, Gong) minggah KEṬUK, 4.

3. Adeg pasowanan ndjawi, Sang Nata Madura, R Samba, R. Arja Setyaki, Patih Udawa, Patih Pragota.

Suwuking genḍing sesegan ladjeng Ada-ada Girisa.

Ginem.

Patih Pragota kautus meṭuk pangantèn R. Leksmana mring Ngastina, R. Samba kaḍèrèkaken Patih Udawa, njarengi biḍal kautus njuwak rembag mring Madukara, Patih Udawa unḍang-unḍang samaptaning wadya.

Ada-ada astakuswala raras barang miring saking nem.

Patih Udawa wangsul mangarsa.

Ada-ada astakuswala raras miring saking ṭengah.

Patih Udawa ḍawuh biḍalan.

Lantjaran WRAHATBALA genḍing gendèr.

Biḍal kapalan, rampunging prampogan ngrata margi.

Paṭet nem Keḍu.

IV. MADJEMUK, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong, 4 (5, Gong), minggah KEṬUK 4.

4. Adeg pradjaning raseksa ing Djongbiradji Sang Prabu Barandjana, ingkang ngaḍep emban Kalawarti, lan punggawa, Sri Natajaksa gandrung Sangdyah Titisari putri Nata ing Dwarawati.

Suwuking gangsa sesegan ladjeng Ada-ada Girisa.

Ginem.

Sang Nata supena kapanggih Dèwi Titisari, nulja midji punggawa raseksa Kala Pragalba, dipun-utus ngaturaken nawala mring Dwarawati.

Ladrang BEḌAT.

Madjengipun Kala Pragalba.

Suwuk Ada-ada Mataraman.

Sasampuning nampèni serat ladjeng munḍur.

SREPEGAN PINDJALAN.

Sang Nata ladjeng djengkar.

Punggawa Kala Pragalba, Kala Bantjuring mjang ditya Kala Windu-bandung, Togog lan Saraita undang-undang ladjeng bidal.
Wonten ing margi kapapag punggawa Dwarawati, sulaja ginem ladjeng prang (gagal), simpangan margi.
Suwuk patet Lindur.
Sasampuning katjaritakaken ladjeng:
Patet sanga wantah.

V. Ladrang BABAD-KENTJENG.
5. Adeg ing Munggul-pawenang, R. Arja Wrekudara, kaadep putra R. Arja Gatutkatja.
Suwuking gangsa sesegan ladjeng Ada-ada Greget-saut.
Ginem.
R. Arja Wrekudara ndangu dènnja R. Arja Gatutkatja mboten katingal, tan rena. R. Irawan badé palakrama teka dipun kèngkèn rebih; R. Arja Gatutkatja kadawuhan nusul, ladjeng bidal nggegana.

VI. SUMEDANG, gending rebab, ketuk, 2, kerep, kenong, 1 (2, Gong), minggah ladrang LOMPONG-KÈLI.
6. Adeg ing pratapan Jasarata, Bagawan Djajawilapa, kaadep ingkang wajah R. Irawan, prepat punakawan kalijan tjantrik.
Suwuking gangsa patet sanga ngelik.
Ginem.
Kautus ingkang rama ngaturi uninga, anggènipun sariranipun badé kadaupaken kalijan Dèwi Titisari putri Nata ing Dwarawati, saha njuwun pangèstu. Kang éjang ngidèni sarta paring piwulang, patraping amengku garwa, tuwin ametja badé daupipun wonten sambékala, nanging tan dadi ngapa, amung ingkang ageng kémawon prihatinipun, gia pamit wangsul mring pradja, kalilan ladjeng bidal.
Ketawang SUBAKASTAWA.
Lampahipun bambang Irawan kadèrèkaken parepat punakawan.
Ketawang dados Ajak-ajakan, ladjeng sesegan, suwuk tanpa patet.
Ada-ada Greget-saut.
R. Irawan mandjing wana.

VII. Lantjaran DJANGKRIK-GÉNGGONG, gending gendèr.
7. Adeg samadyaning wana raseksa punggawa ing Djongbiradji, Kala Pragalba, Kala Bantjuring lan Kala Windu-bandung.
Suwuking gangsa Ada-ada greget saut.
Ginem.
Sami bingung tan wruh prenah, sarta dènnja sami patrap sawenang-wenang.
Katungka praptanipun Togog lan Saraita, atur uninga wonten satrija langkung, nulja pinrepekan, sulajaning ginem dadya prang (kembang), tinlabung R. Gatutkatja, raseksa pedjah sadaja.

R. Irawan kalijan R. Gaṭutkatja pepanggihan bagé-binagé.

Paṭet Djingking trus Ajak-ajakan.

R. Gaṭutkatja anggegana, R. Irawan lampahira kaḍèrèkaken prepat, ladjeng kundur mring Madukara, Sigeg.

VIII. GAMBIR-SAWIT, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4 Gong), minggah KEṬUK 4.

8. Adeging Madukara, R. Djanaka lenggah lawan para garwa Dèwi Wara Sumbadra, Dèwi Wara Srikanḍi, kaaḍep parekan, manggihi R. Samba.

Suwuking genḍing paṭet sanga wantah.

Ginem.

R. Samba kautus ingkang rama Sri Baṭara Kresna, ngunduraken ḍauping pangantèn R. Irawan kalijan Dèwi Titisari; Sang Ardjuna njipta jèn tinampik, sarta ḍateng R. Samba njebut Radèn punika katingalipun manawi panggalih rengu, manawi ing kalahiran katingal namung tansah mèsem; R. Samba ladjeng pamit mantuk.

Paṭet sanga djugag.

Ladrang KEMBANG-TANDJUNG.

R. Ardjuna animbali putra pangantèn anjar kang lagja pepasihan, R. Abimanju lan Dèwi Siti Sundari.

Ginem.

Sasampuning tinoḍi ladjeng pinegataken, dyan Abimanju kantaka.

Senḍon tlutur.

Dèwi Siti Sundari mantuk mring Dwarawati kalijan rawat waspa namung kaḍèrèkaken abdi para-njai satunggal, praptanipun R. Irawan matur sasolahing dinuta, nanging R. Ardjuna datan anggapé, nulja Semar kang matur; R. Ardjuna ngandika ḍawuh ngeteraken Dèwi Siti Sundari, sarta wineling: Sang Ardjuna kagungan babaran ḍuwung ḍapur tjrita keprabon sarwa kaleresan, dèrèng dipun-sarungi, mila kinèn njuwunaken warangka kadjeng tjenḍana ingkang èntjok kembang kenḍit putih, gja biḍal.

Ajak-ajakan tlutur.

Lampahé dyah Siti Sundari tansah karuna, katututan R. Irawan.

Ginem.

Ndawuhaken welingipun ingkang rama, Dèwi Siti Sundari ledjar ing panggalih.

Paṭet sanga wantah.

Dèwi Siti Sundari, R. Irawan kalijan prepat ladjeng lampahipun ḍateng Dwarawati, Sigeg.

IX. GALA-GOṬANG, gending rebab, keṭuk, 4, kerep, kenong, 3 (4, Gong), minggah KEṬUK 8 (kening kalintu ladrang ULUK-ULUK).

9. Adeg ing Djongbiradji Prabu Barandjana, kaaḍep emban Kalawarti mjang punggawa Kala Mingkalpa.

Suwuking gangsa sesegan ladjeng Ada-ada manggalan.



Ngadjeng-adjeng punggawa raseksa kang dèn-utus ḍateng nagari Dwarawati.
Praptanipun Togog lan Saraita, ngaturaken tiwasing punggawa raseksa, déning pranakan Panḍawa. Prabu Barandjana sakalangkung duka, arsa teḍak mring Dwarawati rerempon, pinambengan emban Kalawarti, sagah anḍusṭa Dèwi Titisari. Sang Nata kapareng, kinanṭèn Kala Mingkalpa, ladjeng pamit mahawan ing gegana, Sigeg.

Santun paṭet manjura.

Paṭet manjura wantah.

X. GLIJUNG, genḍing rebab, keṭuk, 2. kenong, 3 (4, Gong), minggah KEṬUK 4.

10. Adeg ing nagari Ngastina, Prabu Durjudana, Ḍanghjang Durna, Patih Arja Sangkuni, R. Leksmana Mandrakumara, Kurawa.

Suwuking Genḍing paṭet manjura wantah.

Ginem.

Ngadjeng-adjeng dènnja kéngkénan Sri Baladéwa nglamar Dèwi Titisari dangu dèrèng mjarsa pawarta.

Katungka sowanipun Patih Pragota, dinuta Prabu Baladéwa matur panembungipun Dèwi Titisari, Sri Baṭara Kresna sampun sumangga, mila R. Leksmana Mandrakumara kasuwun Sri Baladéwa, ladjeng baḍé dipun-ḍaupaken, Prabu Durjudana maringaken, ladjeng biḍal, dipun-dombani Patih Arja Sangkuni kalijan Kurawa.

XI. PUTJUNG, genḍing rebab, dipun-bukani tjeluk (swara ḍalang), keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong minggah ÈSÈG-ÈSÈG, KEṬUK 4.

11. Adeg ing nagari Dwarawati Sri Baṭara Kresna, Prabu Baladéwa, R. Samba, Arja Setyaki lan parekan.

Suwuking genḍing paṭet manjura wantah.

Ginem.

R. Samba matur dènira kautus mring Madukara ingkang paman wus datan sawala, kanṭi lega-legawaning panggalih.

Katungka praptanipun Dèwi Siti Sundari, matur jèn pinegataken kalijan ingkang raka R. Abimanju.

Senḍon tlutur.

Dèwi Siti Sundari mring kaḍaton, R. Samba dinukanan, Prabu Baladéwa dèn-aturi sarèhné saweg kapambeng perlu, ḍauping pangantèn Ngastina njuwun sarèh rumijin. Sang Nata djengkar.

Sampun tanpa genḍing, manawi sarèh: Ajak-ajakan, manawi sereng sampak.

21. AJAK-AJAKAN.

Ing kenja-puri Pramèswari Dèwi Djembawati, Dèwi Siti Sundari, Dèwi Titisari.

Ginem.

Dèwi Siti Sundari matur manawi wineling marasepuh, minta baḍé warangka kadjeng tjenḍanasari ingkang èntjok kembang kenḍit peṭak.

Dèwi Djembawati kadugi raosing panggalih, Dèwi Siti Sundari gja tedak mring taman kalijan ingkang raji Dèwi Titisari. Praptèng taman Dèwi Titisari kinèn metik sekar Srigading; ginetak prepat kagjat gumadjeng ngrungkebi ingkang raka Dèwi Siti Sundari dèn-ontjati, dadya ngrungkebi R. Irawan, nulja pondongan, ladjeng kaḍaupaken pinḍah kaidèn Pramèswari.

13. Ing Taman Dwarawati raseksa ḍusṭa, emban Kala Warti kalijan Kala Mingkalpa, ngupadosi Dèwi Titisari, kadenangan R. Arja Gaṭutkatja, dadya prang, Kala Mingkalpa pinuntir djangganipun pedjah, Kala Warti ontjat lapur mring ratunja.
Dèwi Titisari lan R. Irawan kabekta R. Gaṭutkatja mring nagari Ngamarta.

14. AJAK-AJAKAN.
Adeg ing panḍapa Dwarawati, Sri Baṭara Kresna manggihi Prabu Baladéwa angirid pangantèn R. Leksmana Mandrakumara, Patih Arja Sangkuni lan Kurawa.
Ginem.
Minta pangantèn ladjeng kaḍaupaken. Sri Kresna njanggi krama. Dumrodjog praptanira Dèwi Siti Sundari lapur kang raji Dèwi Titisari kabekta ḍusṭa, ḍusṭa kang satunggal pinedjahan djuru-taman, nulja wangsul kang rama djiniwit.
Kurawa njunduk prajoga, kinira raseksa Pringgadani, Sri Madura lawan Kurawa sadaja biḍal mring Ngamarta.
Sri Baṭara Kresna nusul mring Ngamarta, dyah Siti Sundari kabekta nèng kalpika. Sigeg.

XII. RITJIK-RITJIK, sesegan genḍing gendèr.

15. Adeg ing Djongbiradji Sri Kala Barandjana, kaaḍep punggawa raseksa, praptanipun raseksi emban Kala Warti.

Suwuking gangsa sesegan ladjeng Ada-ada greget-saut manjura.

Ginem.

Prabu Barandjana nampèni aturing emban manawi Kala Mingkalpa nanggih tiwas dèning pranakan Panḍawa kang nama Gaṭutkatja, malah samangké Irawan kalijan Dèwi Titisari sami kabekta ḍateng Nagari Ngamarta, mila kula boten nututi manawi kula manggih tiwas amboten wonten ingkang ngaturi uninga Ingkang Sinuhun. Sang Nata raseksa sakalangkung duka gja biḍal nglurug mring nagari Ngamarta.

XIII. BANGBANG-WÉTAN, genḍing gendèr, keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong) minggah KEṬUK, 4.

16. Adeg ing nagari Ngamarta Prabu Judisṭira, R. Wrekudara, R. Nangkula saha R. Sadéwa; ḍatengipun R. Gaṭutkatja, R. Irawan, Dèwi Titisari.

Suwuking genḍing senḍon Sastraḍatan.

Ginem.

Praptanipun R. Gaṭutkatja sakadang, matur sasolahira, Dèwi Titisari kinèn mandjing kaḍaton, Sri Puntadéwa boten mriksani ladjeng mandjing kaḍaton kaḍèrèkaken R. Nangkula saha R. Sadéwa.
Praptanipun Prabu Baladéwa lan Kurawa pinanggihan R. Wrekudara pijambak, njereg mring Panḍawa dinakwa menḍet Titisari, winangsulan tan uninga, dadya prang, pinagolan R. Gaṭutkatja, R. Wrekudara, Kurawa kasor, Sri Baladéwa dipun-anggé untjal-untjalan R. Wrekudara lan putra.
Sri Batara Kresna ngasta sandjata tjakra murina ingkang raka kanggé untjal-untjalan, pinapag R. Angkawidjaja, njuwun sandjata tjakra baḍé kanggé njirnakaken sariranipun, Sri Kresna lemper kroḍanipun ladjeng sinikep Sang Ardjuna saking ing wingking, Sri Kresna alok kawon angsung tebusan Dèwi Siti Sundari.
Katungka gègèring ndjawi praptanipun Prabu Barandjana sedya soroh amuk, tinaḍahan R. Gaṭutkatja lan R. Wrekudara, prang sampak, raseksa sirna sadaja.

17. Adeg ing panḍapa Ngamarta, Nata Panḍawa sakadang lan Sri Kresna, pangantèn dipun-lestarèkaken ḍaupipun, béndjing sapeken dipun-wiwaha wonten ing Dwarawati, kapanudjon karsa, ladjeng lenggah budjana andrawina.

XIV. Ladrang MANIS.

TANTJEB KAJON.

Prabu Barandjana ringgitipun nganggé danawa raton nèn-nèman.

5. LAMPAHAN WIWAHA = MINTARAGA

DJEDJER DWARAWATI.

Wiwit saking talu TJUTJURBAWUK, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong) minggah PARÉ-ANOM KEṬUK, 4, kaladjengaken ladrang SRIKATON, ḍawah katawang SUKMA-ILANG, terus AJAK-AJAKAN MANJURA SREPEGAN dados SAMPAK.

I. KRAWITAN, genḍing rebab, keṭuk, 4, kerep, kenong, 1 (2, Gong), minggah LADRANGAN.

1. Djedjer ing nagari Dwarawati, Sri Baṭara Kresna, kaaḍep R. Setyaka, R. Arja Setyaki tuwin parekan.

Suwuking gangsa paṭet nem ageng ladjeng Ada-ada Girisa.

Ginem.

Ngraosi késahipun ingkang raji R. Ardjuna déné sampun dangu mboten wonten pawartosipun, sang Nata singkel ing panggalih.

Senḍon panangalan, katampèn Ajak-ajakan dados sesegan.

Patih Hudawa mriksa gèrèring ngalun-alun, sasampuning nampèni aturing mantri ingkang karja gita punika satrija Sawodjadjar kalijan Bumiratawu ingkang sowan.

Suwuking Ajak-ajakan tanpa paṭetan.

Medalipun patih Hudawa.

Paṭet nem djugag.

Ladrangan KEMBANG-PÉPÉ.

Lebetipun R. Nangkula saha Sadéwa.

Suwuking gangsa paṭet nem wantah.

Ginem.

Kautus ingkang raka Prabu Juḍistira ngaturi uninga késahipun ingkang raka Sang Ardjuna sampun dangu dumugi samangké dèrèng timbul tuwin dèrèng miḍanget pawartosipun, panggalih langkung èmeng, mila Sri Baṭara Kresna dipun aturi ḍateng ing Ngamarta, paring pitedah prajogining lampah. Sri Kresna sagah gja djengkar ngaḍaton.

Paṭet nem wantah.

R. Nangkula R. Sadéwa pamit ladjeng mundur.

Ajak-ajakan nem.

Sang Nata djengkar ngaḍaton, kèndel ing gapura.

Kasirep, tjéngkok pandjang mas.

Unduring parekan.

Paṭet nem djugag (Sang Nata mandjing gapura).

II. TITIPATI, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong) minggah KEṬUK, 4.

2. Adeg ing kaḍaton Pramèswari Nata tetiga Dèwi Djembawati, Dèwi Rukmini, Dèwi Setyaboma, tjèṭi pawongan aglar, konduring Nata pramèswari sami meṭuk.

Suwuking genḍing paṭet nem wantah.

Ginem.

Danguning siniwaka, gja djengkar lenggah budjana ladjeng mudja semèdi mring sanggar pamelengan.

Dipun-sendoni Kloloran.

Ada-ada Girisa.

Sri Batara Kresna mudja semèdi, laujeng anggegana mrut kukusing dupa, sedya mring Ngamarta.

Srepegan nem, suwuk patet nem djugag.

III. KADATONAN-BENTAR, gending rebab, ketuk, 2, kerep, kenong 3 (4, Gong) minggah KETUK, 4.

3. Adeg ing pasowanan pagelaran, R. Setyaka, R. Arja Setyaki, amanggihi R. Arja Nangkula, R. Arja Sadéwa, ingkang ngadep patih Hudawa.

Suwuking gending sesegan ladjeng Ada-ada Girisa.

Ginem.

Dawuhipun Sri Batara Kresna, kadawuhan nguntapaken konduring tamu, patih Hudawa ladjeng tugur sadjawining rangkah, medal dawuh tata-tata.

Ada-ada astakuswala laras barang miring saking nem.

Patih wangsul ing ngarsa.

Ada-ada astakuswala laras barang miring saking tengah.

Patih dawuh bidalan.

Ada-ada bidalan mataraman.

Lantjaran WRAHATBALA gending gendèr.

Bidal kapalan, prang ampjak prampogan ngrata margi.

Patet Kedu.

IV. MADJEMUK, gending rebab, ketuk, 2, kerep, kenong, 4 (5, Gong) minggah KETUK, 4.

4. Adeg ing nagari Ngima-imantaka, naréndra raseksa Prabu Niwatakawatja, kaadep emban Kalajaksi mjang punggawa.

Suwuking gending sesegan ladjeng Ada-ada Girisa.

Ginem.

Prabu Niwatakawatja gandrung widadari Dèwi Supraba, ladjeng midji punggawa raseksa badé kautus mring Suralaja.

Ladrang Bedat.

Madjengipun punggawa Kala Mamangdana.

Suwuk sesegan ladjeng Ada-ada mataraman.

Sasampuning tampi dawuh kautus mring Suralaja kalilan bedol sakabupatèn, unduripun.

Srepegan pindjalan.

Sang Nata raseksa djengkar.

Ing ndjawi punggawa rasekssa Kala Mamangdana, Kala Mamangmurti mjang Kala Katung, nimbali Togog lan Saraita. sasampuning undang-undang ladjeng bidal dateng Suralaja.

Terus Srepegan.

Adeg para déwa Sanghjang Mahadéwa, Batara Jamadipati, Batara Patuk, Batara Temburu, wonten Repat-kepanasan, tampi dawuh ing

kahjangan badé dipun inggahi Raseksa saking nagari Manimantaka, mila para déwa kinèn ngirid wadya Durandara mapagaken kang minggah ing Suralaja.
Katungka gedering wadya raseksa ḍateng, ladjeng pineṭukaken, tjampuh prang ramé gentos kalinḍih, dangu-dangu para déwa sami mundur boten tahan gandaning danawa, tutup sakèṭèng, raseksa ngepang Suralaja.
Paṭet Lindur, sampuning katjaritakaken, ladjeng santun paṭet sanga.
Paṭet sanga wantah.

V. ONANG-ONANG, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong), minggah KEṬUK, 4.

5. Adeg ing kahjangan Kaéndran, Sanghjang Surapati, kaaḍep Sanghjang Srita (Panjarikan), Sanghjang Maharesi, Sanghjang Mahadéwa lapur.

Suwuking genḍing Paṭet sanga.

Ginem.
Sanghjang Mahadéwa lapur wadya Durandara mundur boten tahan mambet gandaning danawa, ladjeng tutup sakèṭèng.
Praptanipun Sanghjang Resi Narada, nḍawuhaken para widadari anggoḍaa bagawan Tjiptaning, awit baḍé sinaraja ing Déwa.
Sanghjang Héndra tumutur Resi Narada maring karang kawidadarèn lenggah ladjeng dipun parak widadari Dèwi Supraba, Dèwi Wilutama, Dèwi Warsini, Dèwi Surèndra, Dèwi Gagarmajang, Dèwi Ma,angsari saha Dèwi Prabarini.
Ginem.
Sami kaḍawuhan angrentjana bratanipun Sang Parta nèng guwa Pamintaraga, sami sandika, ladjeng biḍal.

VI. LAGU ḌEMPEL, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep kenong 1 (2 Gong) minggah LADRANGAN.

6. Adeg ing Ngéndrakila guwa Pamintaraga Bagawan Tjiptaning, kaaḍep prepat punakawan.

Suwuking genḍing paṭet sanga ngelik.

Ginem.
Kasutapan sinamur nenanem, Bagawan Tjiptaning ladjeng mangsah semedi, prepat punakawan sami medal saking guwa.

Ladrang GONDJANG-GANDJING.

Dèwi Gagarmajang minḍa Wara Srikanḍi, Dèwi Suréndra minḍa Dèwi Gandawati, Dèwi Warsini minḍa Dèwi Hulupi, anggoḍa Sang Tjiptaning tjabar sadaja, sami mundur palarasan.

Suwuking gangsa paṭet sanga djugag.

Ladrang KEMBANG-TANDJUNG.

Gentos Dèwi Wilutama minḍa sangdyah Manuhara, Dèwi Supraba minḍa Retna Wara Sumbadra kalijan nganṭi putra alit R. Abimanju, angrentjana Sang Tjiptaning.

Suwuking gangsa Sendon rentjasih.
Bagawan Tjiptaning arsa kagimir tyasira, gja ngraga sukma.

Sendon tlutur.
Para waranggana mundur sami kawirangan, awit malah sami kasmaran mring Sang Parta.

Trus Ajak-ajakan.

7. Adeg ing pura kaèndran, Sanghjang Surapati, katungka praptanipun para waranggana ingkang mentas anggoda Bagawan Tjiptaning, lapur lampahipun tjabar.
Sanghjang Héndra nulja tumurun mring Ngéndrakila, minda pandita apeparab Padya.

Srepegan dados Ajak-ajakan.
Ing Ngéndrakila Bagawan Tjiptaning semèdi nèng salebeting guwa pamintaraga.
Katungka praptanipun pandita Padya, nulja bantah lan Tjiptaning. Bagawan Padya babar sanghjang Hèndra, mangsit badé datenging nugraha, gja kondur ngahjangan.

VII. Ladrang KAGOK-MADURA, gending gendèr.


8. Adeg raseksa punggawa Manimantakan ingkang ngepang Suralaja, manggalaning wadya ditya Kala Mamangdana, Kala Mamangmurti tuwin Kala Katung.

Suwuking gangsa Ada-ada Greget-saut.
Ginem.
Sakétjaning lampah anggènipun badé nglebeti sakètèng ingkang katutup. Katungka praptinipun Togog lan Saraita, ngaturi uninga, Déwa katingal medali ing ngajuda, gja pinarepekan dadya prang, déwa ingkang medali prang: sanghjang Mahadéwa, sanghjang Maharesi; prangipun katingal kirang tanggon, djalaran boten tahan gandaning raseksa; mila sanghjang Héndra ladjeng nedaki njapih kang bandajuda, marengaken panjuwunipun Prabu Niwatakawatja anggènipun rabi widadari, kaparingan Dèwi Prabasini; namung saréhné ingkang kaparingaken sanès Dèwi Supraba, mila punggawa raseksa sapalih ndèrèkaken Dèwi Prabasini, ingkang sapalih taksih baris tugur ing rapat kepanasan.
Sangjang Héndra ngahjangan, punggawa raseksa bidal.

VIII. GALAGOTANG, gending rebab, ketuk, 4, kerep, kenong, 3 (4, Gong) minggah KETUK 8.

9. Adeg ing Ima-imantaka Prabu Niwatakawatja, kaadep raseksi emban tuwin ditya punggawa andel-andel Kala Mamangmurka.

Suwuking gending sesegan ladjeng Ada-ada Manggalan.
Ginem.
Sang Nata ngadjeng-adjeng punggawa kang dinuta mring Suralaja. Katungka praptanipun Dèwi Prabasini kadèrèkaken ditya Kala Mamangdana; sawusing tinampèn ladjeng kinèn mandjing kenja-puri



Bambang Kératarupa.

Namung Sang Nata angemu duka déning Déwa dèrèng minangkani Dèwi Supraba kang pinaringaken, miwah aturing wadya mijarsa pawarta jèn déwa arsa njaraja manungsa nama Ardjuna kang lagja tapa nèng Ngéndrakila. Sang Nata ladjeng ḍawuh mring Kala Mamangmurka anjirnakaken Ardjuna, djanma kang tapa nèng Ngéndrakila; Mamangmurka sandika ladjeng biḍal kanṭi Togog lan Saraita.

Sapraptaning Ngéndrakila ladjeng ngrisak tanem-tuwuh, saking dènnja ngupaja Sang Parta; dupi kénging prabawaning Sang tapa ladjeng warni raseksa sirah wraha.

Gègèring prepat punakawan gja matur sang Tjiptaning. Sang Tjiptaning ladjeng mapagaken sarwi agasta ganḍéwa, raseksa sirah wraha sinabdan dadya wraha wetah, sangsaja sru kroḍanira, nulja djinemparing katjunḍuk.

Katjarita Narèndra kang lelana Prabu Kératarupa, dupi uninga wonten wraha, ènggal djinemparing, saged pramana nunggil tatu lan djemparing Sang Bagawan Tjiptaning, nulja siniḍikara dados djemparing satunggal, wraha nulja pedjah, pinarepekan Sang Tjitaning lan Sang Kératarupa; dupi Sang Tjiptaning arsa angambil djemparing sarwi sumbar-sumbar, sinenḍu Sang Kératarupa, sulaja rebat ngaken medjahi, ladjeng prang, Sang Parta tansah kasoran, kénging djinambak ladjeng ngrangkus sukuning Sang Kératarupa arsa binanting mrutjut babar sanghjang Girinata. Paring kanugrahan kalalaraning sarira (tjandu sakti) tjinipta dadya djemparing nami Pasopati lan adji danurdara, sarta paring wasita jèn Sang Tjiptaning arsa sinaraja ing Déwa, sanghjang Guru nulja muksa.

Senḍon rentjasih.

Sang Tjiptaning dupi tampi kanugrahaning déwa, ènget kadang garwaputra kang kantun nèng pradja, dadya kumembeng kang waspa.

Datan antara katungka praptaning widadari tjaraka sakembaran, Dèwi Badra kalijan Dèwi Hérawana, kautus sanghjang Surapati, maringaken nawala saha busana ḍumateng sang Bagawan Tjiptaning, suraosing nawala, Sang Tjiptaning sinaraja ing déwa, njirnakaken Prabu Niwatakawatja naréndra raseksa ing nagari Ngima-imantaka. aturnja sandika.

AJAK-AJAKAN.

Sang Tjiptaning pangkat kérid widadari tjaraka, lampahnja nèng margi tansah wiraosan isèn-isèning bawana miwah Ngéndra bawana. Wiwit santun paṭet manjura.

Paṭet manjura wantah.

IX. MONTRO, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4. Gong) minggah KEṬUK 4.

10. Adeg ing pura kaéndran, Sanghjang Surapati, kaaḍep para djawata.

Suwuking genḍing paṭet manjura wantah.

Ginem.

Ngraosi waranggana kang dinuta nimbali Sang Tjiptaning.

Katungka praptanira Dèwi Badra, Dèwi Hérawana, ngirid Sang Ardjuna.

Ginem.

Nulja sang Ardjuna ḍinawuhan njirnakaken Prabu Niwatakawatja, Ardjuna njuwun kanṭi Baṭari Supraba kinarja sarana, kapareng, nulja nimbali Baṭari Supraba dèn-anggèn-anggèni walungsunganipun Sanghjang Anantaboga, nulja mangkat, sang Ardjuna mandjing sengkangira Dèwi Supraba.

X. BREKUTUT-MANGGUNG, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong) minggah KEṬUK 4.

11. Adeg ing kenja-puri Ngima-imantaka Dèwi Prabasini manggihi Dèwi Supraba.

Suwuking genḍing paṭet manjura wantah.

Ginem.

Dèwi Supraba asrah sarira njèṭi mring Prabu Niwatakatja, nulja praptanira Sri Niwata-kawatja. Sawusing Dèwi Supraba matur njuwun njèṭi, nulja pinonḍong, Sri Niwatakawatja sakalangkung suka rena; dupi nèng pasuptan arsa winasésa, Dèwi Supraba angontjati. Sang Nata dadya duka, rinapu lilih, tinanja wawados pedjah-gesangipun sarta sirikanipun; ladjeng sadjarwa, Sang Nata èsmu piduwung. Sang Ardjuna medal saking sengkang, nèng ndjawi nggojang gaṭita, tengaraning raseksa, Sri Niwatakawatja dupi mijarsa gaṭita, guguping drija Dèwi Supraba sinèlèhaken, énggal medal ing ndjawi, sinumbaran Sang Ardjuna, kinèn nututi mring repat kepanasan, Sang Nata ḍawuh mring wadya sijoga rerempon mring Suralaja, ladjeng anggegana nututi lampahira sang Ardjuna, Sigeg.

XI. BANGBANG-WÉTAN, genḍing gendèr, keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4 Gong), minggah KEṬUK, 4.

12. Adeg ing Ngamarta, Sri Juḍisṭira, manggihi Sang Nata Kresna, R. Arja Wrekudara, R. Nangkula, R. Sadéwa.

Suwuking genḍing senḍon Sastradatan.

Ginem.

Ngrudatos késahipun Sang Ardjuna. Sri Kresna ngarem-aremi, sarta ladjeng ḍawuh ngupaja mring Sang Arja Wrekudara lan putra Radèn Arja Gaṭutkatja ḍateng Repatkepanasan, medal ing ardi Djamurdipa, gja biḍal. Ing ardi Djamurdipa R. Arja Wrekudara, R. Arja Gaṭutkatja kapanggih Resi Narada marah : ing Suralaja kainggahan parangmuka saking pradja Ngima-imantaka, jèn wonten raseksa minggah mring Repat-kepanasan kinèn nanggulangi, aturnja sami sandika, Sanghjang Narada ladjeng ngahjangan.

13. Ing Repat-kepanasan Sri Niwata-kawatja ajun-ajunan kalijan Sang Ardjuna, langkung ramé dènnja prang aliru prabawa; Sang Ardjuna sinawat tomara tinampèn ladjeng kinempit, Sri Niwata-kawatja langkung suka, kinira Sang Ardjuna wus palastra kénging tomara, gumudjeng nggagrak, sareng tutuknja menga, Sang Ardjuna nglepasi Pasopati, nglandjak telaknja Sri Niwatakawatja ladjeng palastra, para djawata sami suka angurmati ngudanaken kembang-kembang. R. Ardjuna pinapag widadari Dyah Maénaka, ḍawuhipun Sanghjang

Surapati dèn-djumenengaken Narèndra nèng Tédjamaja, andjedjuluk Prabu Kariṭi, pinaringan garwa widadari kasapta.

14. Ing ardi Djamurdipa R. Arja Wrekudara, R. Arja Gaṭutkatja anangulangi wadya raseksa kang arsa minggah mring Suralaja, prang sampak, Sanghjang Narada neḍaki, paring panarimah mring Sang Arja Wrekudara lan ingkang putra R. Arja Gaṭutkatja, sarta marah Sang Ardjuna taksih widada, namung lagja kineker ing Déwa, nulja ngahjangan ; R. Arja Wrekudara, R. Arja Gaṭutkatja kondur mring Ngamarta.

15. Adeg ing Ngamarta, Prabu Juḍisṭira, Sri Kresna kaadep R. Arja Nangkula, R. Arja Sadéwa.
Praptanipun R. Arja Séna kalijan R. Arja Gaṭutkatja, wawartos purwa madya wasana.
Sri Juḍisṭira wonten énggaring drija, ladjeng mangun suka budjana andrawina.

XII. Ladrang MANIS.

TANTJEP KAJON.

---

1. Prabu Niwatakawatja, manawi ringgitipun boten wonten, nganggé danawa raton topong.

2. Sang Ardjuna, manawi semèdi, bagawan Tjiptaning.
manawi perang, Djanaka.
manawi minggah ka-Hèndran, Djanaka topong.

---

6. LAMPAHAN MUSTAKA-WÈNI.

Wiwit saking talu TJUTJUR-BAWUK, gending rebab, keṭuk, 2, kerep kenong, 3 (4, Gong), minggah PARÉ-ANOM, keṭuk 4, kaladjengaken ladrang SRIKATON, ḍawah ketawang SUKMA-ILANG, trus AJAK-AJAKAN MANJURA, SREPEGAN, dados SAMPAK.

I. KARAWITAN, gending rebab, keṭuk, 4, kerep, kenong, 1 (2, Gong) minggah LADRANGAN.

1. Djedjer ing nagari Dwarawati, Sri Baṭara Kresna, ingkang ngaḍep R. Samba, R. Arja Setyaki, parekan kalih.
Katjarita Sri Kresna miḍanget pawarti jèn Nata Panḍawa arsa ambangun tjanḍi Saptarengga, sandéjaning drija katjeṭa jèn baḍé wonten sambékala, nadyan datan dados punapa.

Suwuking genḍing paṭet nem ageng, ladjeng Ada-ada Girisa.
Ginem.
Sri Kresna ḍawuh mring putra R. Samba, angraosi kadang Nata Panḍawa sanget oneng dangu datan kapanggja.

Senḍon Panangalan terus Ajak-ajakan.
Gègèring ngalun-alun, sawusing patih Hudawa mriksa ingkang dadya gita punika, R. Nangkula kalijan R. Sadéwa ingkang sowan, patih Udawa ladjeng mangarsa mring ngabjantara Nata, arsa ngundjuki uninga.

Suwuking gangsa tanpa paṭet.
Unduring patih Hudawa baḍé anḍawuhaken madjeng R. Nangkula R. Sadéwa kaḍawuhan minggah mring siti-bentar.

Paṭet nem djugag.

Ladrang KEMBANG-PÉPÉ.
R. Nangkula, R. Sadéwa mangarsa mring ngabjantara Nata.

Suwuking gangsa paṭet nem wantah.
Ginem.
R. Nangkula R. Sadéwa kautus ingkang raka Sri Juḍisṭira ngaturi uninga jèn arsa ambangun tjanḍi Saptarengga; Sri Baṭara Kresna dipun-aturi rawuh andjenengi sarta paring pangèstu. Sri Kresna sagah, nulja ḍawuh mring R. Samba tengga pradja.
R. Nangkula R. Sadéwa pamit ladjeng mundur. Sri Baṭara Kresna arsa teḍak mring pradja Ngamarta biḍal saking sanggar pamelengan, gja djengkar ngaḍaton.

Ajak-ajakan.
Sang Nata kèndel ing gapura.

Ajak-ajakan kasirep tjéngkok pandjang mas.

Suwuk tanpa paṭet.
Unduring parekan.

Paṭet nem djugag.

II. TITIPAN, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong), minggah KEṬUK, 4.

2. Adeg ing kenjapuri, Pramèswari Nata tetiga Dèwi Djembawati, Dèwi Rukmini saha Dèwi Setyaboma, konduring Narèndra. Pramèswari sami metuk, ladjeng lenggah satata.

Suwuking gending patet nem wantah.

Ginem.

Danguning sinéwaka katamuwan R. Nangkula R. Sadéwa, kautus Sri Judistira, Sri Kresna dipun aturi ndjenengi dènnja mbangun tjandi Saptarengga, marma bibaring budjana arsa mudja semèdi, badé tedak mring Batana-kawarsa, gja djengkar budjana.

Dipun sendoni Kaloran.

Ada-ada Girisa.

Sri Batara Kresna mudja semèdi, ladjeng anggegana turut kukusing dupa, sedya mring Ngamarta.

Srepegan nem, suwuk patet nem djugag.

III. KADATON-BENTAR, gending rebab dipun bukani gendèr, ketuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong), minggah KETUK, 4.

3. Adeg pasowanan pagelaran, R. Samba, R. Arja Setyaki, amanggihi R. Arja Nangkula saha R. Arja Sadéwa, ingkang ngadep Patih Udawa.

Suwuking gending sesegan ladjeng Ada-ada Girisa.

Ginem.

Dawuhing Sri Narèndra anguntapna konduring tamu, patih Udawa ladjeng tugur sadjawining rangkah, sarta ladjeng medal andawuhaken undang tata-tata samapta wadya kang andèrèk R. Samba.

Ada-ada Astakuswala raras barang miring saking nem.

Patih Udawa wangsul ing ngarsa.

Ada-ada Astakuswala raras barang miring saking tengah.

Patih Udawa andawuhaken bidalan.

Ada-ada budalan Mataraman.

Lantjaran MANJAR-SÈWU, gending gendèr.

Bidal kapalan, rampunging prampogan ngrata margi.

Patet Kedu.

IV. LANA, gending rebab, ketuk, 2, kerep, kenong, 3 (4,Gong) minggah KETUK, 4.

4. Adeg ing nagari Ngima-imantaka Prabu Bumiloka lawan raji Prabu Bumisangara, kaadep patih Bumisasra, lawan punggawa.

Suwuking gending patet nem Lasem.

Ginem.

Késahipun Dèwi Mustaka-Wèni, sadèrèngipun késah asring raosan ingkang dipun-impi sageda males njirnakaken Pandawa, sumerep males sédaning leluhuripun, mila Sang Nata arsa utusan punggawa raseksa angingsep-ingsep pawarti, ngupaja mring djadjahan nagari Ngamarta, gja midji punggawa raseksa.

Ladrang MUNTJÈR.

Adjenging punggawa ditya Kala Wilo-itaksa.

Suwuk sesegan ladjeng Ada-ada Mataraman.

Ginem.

Ḍawuhing Naréndra kautus ngupadosi ingkang raji Dèwi Mustakawèni, mring laladan pradja Ngamarta, beḍol sakabupatèn, datan kalilan mantuk manawi dèrèng kapanggih.
Punggawa raseksa matur sandika, ladjeng mundur.

Srepegan pindjalan.
Punggawa raseksa mundur. Sang Nata djengkar.

Terus SREPEGAN.
Adeg ing pasowanan djawi, punggawa raseksa Kala Wilo-itaksa, Kala Klanṭangmimis tuwin Kala Bakija.

Suwuk Ada-ada Mataraman.
Ginem.
Kautus ngupadosi Dèwi Mustakawèni, beḍol sakabupatèn, nganṭija Togog lan Saraita, gja unḍang wadya raseksa biḍal ḍateng tepiswiringing nagari Ngamarta.
Ing margi kepapag wadya Dwarawati, sulajaning ginem dadya prang (gagal), punggawa raseksa pinambengan Widjamantri ladjeng njimpang margi.

Paṭet Lindur, katjaritakaken ladjeng santun paṭet.
Paṭet sanga wantah.

V. GAMBIR-SAWIT, genḍing rebab, keṭuk, 2 kerep, kenong 3 (4, Gong) minggah KEṬUK, 4.

5. Adeg ing patapan Gambir-saketi bagawan Sidikwatjana kaaḍep ingkang wajah bambang Prijembada, kaaḍep prepat punakawan tiga Semar, Nala Garèng lan Pétruk, saha tjantrik.

Suwuking genḍing paṭet sanga ngelik.
Ginem.
Bambang Prijembada takèn sudarma, sarta njuwun pamit baḍé ngèstu padaning rama, saladjengipun suwita nèng pradja, kalilan.
Sang Panḍita marah patraping suwita, pinaringan pangèstu kalilan ladjeng biḍal.

VI. Ladrang KAGOK-MADURA, genḍing gendèr.

6. Adeg samadyaning wana kikis ing Ngamarta, raseksa punggawa Ngirna-imantaka Kala Wilo-itaksa, Kala Klanṭangmimis lawan ditya Kala Bakija, sami bingung boten sumerep prenah.

Suwuk sesegan ladjeng Ada-ada Greget-saut.
Ginem.
Anggènipun sami bingung nanging ditya Klanṭangmimis patrapipun tansah ugal-ugalan ndjarah-rajah ing paḍusunan, mila tijang sami bibar-bibar. Katungka Togog lan Saraita ngaturi uninga wonten satrija langkung nradjang barisan raseksa, nulja pinrepekan, sulajaning rembag dadya prang (kembang), raseksa pedjah sadaja, Togog lan Saraita mantuk lapur mring ratunipun.

Paṭet Djingking trus Ajak-ajakan.
Bambang Prijembada ladjeng lampahipun, Sigeg.

VII. Ladrang PANGKUR.

7. Adeg ing pretapan Gebang-tinatar bagawan Kala Pudjangga, kaaḍep siswarini Dèwi Mustakawèni ingkang ngemu rudatos.

Suwuk paṭet sanga wantah.

Ginem.

Sang Dèwi njuwun idi arsa males sédaning rama, sedya njirnakaken panḍawa, kalijan ngatingalaken kadibjanipun mantjala warni saba sato, sang bagawan datan éram, malah anggudjeng, gja winarah warnija R. Gaṭutkatja, ngangkaha menḍet musṭika djamus (serat Kalimasada) mangka pedjah-gesangipun para panḍawa. Kaleresan ing mangké para panḍawa lagja ambangun tjanḍi Saptarengga. Dèwi Mustakawèni sandika ladjeng warni R. Gaṭutkatja, pamit mahawan ing gagana, Sigeg.

VIII. RENJEP, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong) minggah ladrang ÉLING-ÉLING-KASMARAN.

8. Adeg ing kenja-puri nagari Ngamarta Pramèswari Dèwi Drupadi.

Suwuking gangsa senḍon Rentjasih.

Ginem.

Kaṭah sasmita ingkang datan saé, mila panggalih tansah sami boten sakétja, Dèwi Srikanḍi pamit ingkang raka arsa busana kapradjuritan, sedya nganglang pringga ; lagja mengker mandjing padandosan.

R. Gaṭutkatja prapta.

Ginem.

Kautus ingkang uwa Sri Juḍisṭira paring uninga dènnja ambangun tjanḍi tansah djugrug-djugrug kéwala, ing mangké serat Kalimasada kaparingna R. Gaṭutkatja, awit kinarja sarana pambanguning tjanḍi. Dèwi Drupadi maringaken mring R. Gaṭutkatja, Kalimasada pinarnah nèng kantjing gelung. ladjeng pamit wangsul ḍateng Saptarengga, lampahira gegantjangan.

Dèwi Srikanḍi dupi wus paripurna dènnja ngrasukbusana kapradjuritan, ladjeng ing ngarsaning raka Dèwi Drupadi, kagjat labet kadi wonten tamu, salebeting wardaja datan sakétja.

Dèwi Drupadi paring uninga bilih R. Gaṭutkatja ingkang sowan, kautus Prabu Juḍisṭira munḍut serat Kalimasada, sampun binektakaken. Dèwi Srikanḍi ladjeng nututi.

Ing margi lampahipun R. Gaṭutkatja katututan, dinangu tinliti serat Kalimasada kapunḍut, boten angsal, wekasan dadya prang, R. Gaṭutkatja djinemparing babar dadya Retna Mustakawèni, ladjeng ontjat anggegana.

Senḍon Tlutur.

Dèwi Wara Srikanḍi kari anggana kawlas arsa, nalangsa dènnja tan saged mahawan ing gegana. Dupi panggalih wus lerem, ladju tuwuh kasudirannja, gja nututi nglatjak lampahipun Dèwi Mustakawèni.


Nèng margi kapeṭuk lampahnja bambang Prijembada, sawusing katerangaken ladjeng ngabekti ingkang ibu, nulja djinarwan lalampahaning pradja Ngamarta dènnja kétjalan serat Kalimasada dumugi kapanggih bambang Prijembada punika, wasana bambang Prijembada sregah nututi duratmaka wanita kang ambekta serat Kalimasada, Sang Retna wara Srikanḍi mangkat.

Ingkang wonten djumantara Dèwi Mustakawèni lampahipun katututan bambang Prijembada, dadya prang, Dèwi Mustakawèni tansah karépotan; ananging serat Kalimasada dèrèng saged karebat bambang Prijembada.
Madeg bagawan Kala Pudjangga, Dèwi Mustakawèni prapta ladjeng ngèstupada ngaturaken lelampahan, miwiti ngantos wekasan pinanggih punika, serat Kalimasada dipun uningakaken Sang bagawan ; Dèwi Mustakawèni ginunggung dèn-alembana wekasan bagawan Kala Pudjangga babar dados bambang Prijembada, ladjeng prang, Dèwi Mustakawèni kètèr tandangipun, ladjeng ontjat.
Dèwi Mustakawèni mantjala warni Sanghjang Narada, mundut serat Kalimasada, bambang Prijembada njaosaken, Hjang Narada babar Dèwi Mustakawèni, ladjeng ontjat.

Trus AJAK-AJAKAN.
Adeg nagari Ngima-imantaka prabu Bumi-loka, ari Prabu Bumisangara, Patih Bumisasra, lan kaadep punggawa.
Praptanipun Dèwi Mustakawèni.
Suwuk paṭet sanga wantah.
Ginem.
Dèwi Mustakawèni matur sasolahira wiwitan praptèng wekasan, sarta sumbar-sumbar, ing samangké pedjah-gesangipun Panḍawa wus nèng ngasta, Sang Prabu dahat angalembana, wekasan serat Kalimasada dipun tjaosaken uninga ing raka nata, ladjeng tinampèn.
Prabu Bumi-loka babar bambang Prijembada, ari Prabu Bumisangara babar Pétruk, Patih Bumisasra babar Nala Garèng.
Dèwi Mustakawèni sanget bendu, ladjeng prang malih, ngaben panggabaran warni-warni, wekasan Dèwi Muskatawèni djinemparing singsal busananira katut ing djemparing, Dèwi Mustakawèni kawirangan, nulja ambjur kungkum ing tlaga, ladjeng tinantun punapa purun teluk ḍateng bambang Prijembada, mangsuli purun djandji busana énggal dipun wangsulaken.
Wiwit santun paṭet manjura.
Paṭet Manjura wantah.
Dèwi Mustakawèni sasampuning ngrasuk busana ladjeng ngabekti ḍateng bambang Prijembada sarta pratignja prapta mandjanmaa kaping sapta lestarija dadya pawongan, gja biḍal mring pradja Ngamarta, Sigeg.

IX. PUTJUNG, genḍing rebab (dipun bukani swara ḍalang), keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong) minggah ÈSÈG-ÈSÈG KEṬUK, 4.

9. Adeg ing tarub wawangunan sadjawining tjapuri tjanḍi Sapṭarengga, R. Arja Nangkula lan Sadéwa, R. Arja Gaṭutkatja.
Suwuking genḍing paṭet manjura wantah.
Ginem.
Pambanguning tjapuri (pager-bumi)ning tjanḍi Saptarengga tansah djugrug, ingkang lèr dipun leresaken, ingkang kidul ambruk; kilèn dipun leresaken, ingkang wétan djugruk.
Sarèhné datan pinanggih ing nalar, kaélokan wau mila ladjeng dipun aturaken Sri Juḍisṭira kéwala, ladjeng biḍal.



Dèwi Mustakawèni.

Adegan ingkang tanpa genḍing, manawi sarèh: AJAK-AJAKAN, manawi sereng: SAMPAK.

10. Adeg ing tarub pakuwoning Nata Panḍawa Prabu Juḍisṭira, Sri Baṭara Kresna, R. Arja Wrekudara, R. Arja Ardjuna. Lagja sakétja lenggahan, katungka sowanipun pangadjeng kartijasa R. Arja Nangkula saha Sadéwa tuwin R Arja Gaṭutkatja.

Suwuk paṭet manjura djugag.

Ginem.

R. Arja Nangkula lapur panggaraping pager-bumi tansah karisakan, ingkang boten pinanggih ing nalar, mila sumangga kaka Prabu.

Prabu Juḍisṭira, Sri Arimurti dahat ngungun, namung Prabu Juḍisṭira ènget sarèhné musṭika djamus datan binekta, mila baḍé utusan mendet, mbokmanawi punika ingkang andjalari kaṭahing rubéda.

Katungka praptanipun Retna wara Srikanḍi dumrodjog tanpa larapan lampahnja agita-gita.

Ginem.

Ngaturi uninga manawi saleoeting pura kalebetan sandiupaja pangéndra-djalaning mengsah, manjala warni kaki prabu Pringgadani, ngaken kautus munḍut serat Kalimasada, ladjeng dipun bektakaken; dupi manah kula datan sakétja, ladjeng kula tututi kapanggih kalampahan banda-juda; sareng kula lepasi djemparing, babar warni èstri ladjeng anggegana, ngakenipun putri ing Ngima-imantaka, kula ngladjengaken anglatjak, wonten ing margi kepanggih laré djaka ngaken nama bambang Prijembada putra R. Ardjuna, sagah ngupadosi.

Senḍon Sastradatan.

Sang Nata panḍawa langkung sungkawa, dèn-imur-imur Sri Kresna, wekasing ginem, rèhné wonten tangadur, perlu ladjeng kondur mring pradja Ngamarta rumijin. Sigeg.

X. Lantjaran RINTJIK-RINTJIK, genḍing gendèr.

10. Adeg ing nagari Ngima-imantaka Prabu Bumi-loka, Prabu Bumisangara, patih Bumisasra.

Suwuk sesegan ladjeng Ada-ada manjura.

Ginem.

Dènnja sang Nata utusan punggawa raseksa déné wus dangu dèrèng wonten prapta, sarta dèrèng sami miḍanget pawartos. Dumrodjog tanpa larapan praptanipun Togog lan Saraita. Lapur ngaturaken duta panglawung, punggawa raseksa wonten wana kapapag pranakan panḍawa (Prijembada), sulajaning ginem dadya prang, raseksa pedjah sadaja. Wewah miḍanget pawarti ing samangké Dèwi Mustakawèni sampun kabojong bambang Prijembada mring Ngamarta.

Sang Nata sakalangkung duka, nulja nguṇḍangi wadya biḍal nglurug mring Ngamarta.

XI. BANGBANG-WÉTAN, gending gendèr, keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong), minggah KEṬUK, 4.

11. Adeg Sang Prabu Juḍisṭira, Sri baṭara Kresna, R. Arja Wrekudara, R. Arja Ardjuna, R. Arja Nangkula, R. Arja Sadéwa saha R. Arja Gaṭutkatja.

Suwuking genḍing senḍon Sastradatan.

Ginem.
Ngrudatos dènnja pusaka kalimasada itjal dèrèng kapanggja. Praptanipun bambang Prijembada kalijan Retna Mustakawèni ngaturaken jèn Kalimasada sampun kapanggja, panḍawa wus ledjar; bambang Prijembada dinangu punapa sampun remen sajektos kalijan Dèwi Mustakawèni, aturipun sampun sami remen, ladjeng ḍaup, ponḍongan. Katungka gedering djawi praptanipun mengsah Narèndra ing Ngimaimantaka soroh amuk, pinagolan R. Arja Gaṭutkatja, R. Arja Wrekudara. Prabu Bumi-loka, Prabu Bumisangara sirna sawadyanira (prang sampak amuk-amukan).
Adeg ing panḍapa Prabu Juḍisṭira, Sri Kresna, Sang Arja Séna, R. Arja Ardjuna, R. Arja Nangkula-Sadéwa tuwin R. Arja Gaṭutkatja.
Mangun suka budjana andrawina.

XII. Ladrang MANIS.

TANTJEB KAJON.

Prabu Bumi-loka nganggé ratu sabrang ṭelengan, topong.

Prabu Bumi-sangara nganggé ratu sabrang ṭelengan keṭon.

Dèwi Mustakawèni nganggé èstrèn srambahan ènḍèl.

Bambang Prijembada nganggé bambang luruh.

Bagawan Sidik-watjana nganggé panḍita Kanwa.

Bagawan Kala Pudjangga nganggé panḍita Danawa (Bagaspati).

7. LAMPAHAN KANGSA ADU-ADU.

WIWIT SAKING TALU TJUTJUR-BAWUK, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong, 3(4, Gong), minggah PARÉ-ANOM, KEṬUK 4, kaladjengaken ladrang SRIKATON, ḍawah ketawang SUKMA-ILANG, terus AJAK-AJAKAN MANJURA SREPEGAN, dados SAMPAK.

I. KRAWITAN genḍing rebab, keṭuk 4, kerep, kenong 1 (2, Gong) minggah LADRANGAN.

---

1. Djedjer ing nagari Madura Prabu Basudéwa, kaaḍep R. Arja Prabu Rukmaka, R. Arja Ugraséna, Patih Saragupita tuwin parekan.

Suwuking genḍing paṭet nem ageng ladjeng Ada-ada Girisa.

Ginem.

Ing pasèwakan sarta ngraosi dènnja R. Kangsa tansah anggegabah wadya raseksa.

Senḍon panangggalan terus Ajak-ajakan.

Gedering ngalun-alun Patih Saragupita mriksa ingkang karja gita, sampun nampèni aturing mantri ; ingkang dadya gita punika wadya raseksa ing Kadipatèn andjadjari sowanipun Radèn Kangsa.

Patih Saragupita ladju mangarsa mring ngabjantaréndra, lapur ingkang damel gita punika Radèn Kangsa sowan djinadjaran wadya raseksa ing Kadipatèn, ing mangké kula rantun ing Pagelaran, ḍawuhing Naréndra kinèn minggah ing Sitibentar.

Suwuk tanpa paṭet.

Unduring Patih saking ngarsa Nata.

Patet nem djugag.

Ladrang REMENG.

R. Kangsa mangarsa ing ngabjantara Nata.

Suwuk paṭet nem wantah.

Ginem.

R. Kangsa darbé panjuwun :

1. Aben-aben tijang wonten ing alun-alun, sawungipun ditya Suratimantra, Sang Nata dipun aturi nanḍingi ;
2. Njuwun kuwaos angunḍangaken sadaja djanma bawah Madura, djalu-èstri nèm-sepuh raré kedah medal ningali aben-aben tijang, manawi wonten ingkang nglirwakaken dèn ukum awrat déning R. Kangsa ;
3. Ngrampas manawi wonten djanma karja alun-alun, nanem waringin kurung sarta ngingah limar.

Sang Nata èsmu awrat, munḍut panimbang R. Arja Prabu Rukmaka, dèrèng ngantos ngaturaken panimbang, R. Kangsa wadananja semu abrit, pratanḍa dahat bramantya, Sang Nata kapeksa mangsuli kapareng. Déné sawung djanma ingkang baḍe dipun tanḍing lawan ditya Suratimantra, arsa ngupaja dingin, R. Kangsa lega ing drija gja pamit mundur.

Ada - ada Girisa.

Unduripun R. Kangsa saking siti-bentar, R. Arja Prabu Rukmaka kaḍawuhan nuwèni putra - putra ingkang wonten ing Widara - kanḍang, béndjing jèn ing alun-alun wonten aben-aben tijang sami datan

pareng ningali. R. Arja Ugrasêna kaḍawuhan ngupados djanma ingkang sarwa sembada, pantes dipun tanḍing kalijan ditya Suratimantra; Sang Nata djengkar.

Ajak-ajakan nem.
Sang Nata kèndel ing gapura.

Ajak-ajakan kasirep tjéngkok pandjang mas.

Suwuking Ajak-ajakan tanpa paṭet.
Unduring parekan paṭet nem djugag.

II. KANJUT, genḍing rebab, keṭuk, 4, kerep, kenong, 3 (4, Gong), minggah KEṬUK, 8.

2. Adeg ing kenja-puri Pramèswari Nata Dèwi Rohini saha Déwi Badraini, kang ngaḍep pawongan tjèṭi aglar ing ngarsa. Konduring Naréndra Pramèswari sami meṭuk, sasampunipun ladjeng lenggah.

Gangsa suwuk paṭet nem wantah.

Ginem.

Danguning lenggah siniwaka, sowanipun R. Kangsa njuwun ngaben sawung djanma, sapanunggilanipun, Sang Nata sampun kapareng, R. Arja Prabu Rukmaka kautus nuwèni putra-putra ingkang wonten Widara-kanḍang.
R. Arja Ugrasêna kinèn ngupados sawung.
Pramèswari sami dahat ngungun, gja djengkar nulja lenggah budjana, ladjeng memudja.

Dipun senḍoni Kloloran.

III. KAḌATON-BENTAR, genḍing rebab dipun bukani gendèr, keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong), minggah KEṬUK, 4.

3. Adeg ing pagelaran R. Arja Prabu Rukmaka, R. Arja Ugrasêna, kaaḍep Patih Saragupita, Patih Saraprabawa.

Suwuking genḍing sesegan, ladjeng Ada-ada Girisa.

Ginem.

Paring sumerep ḍawuhing raka Naréndra, maring patih kakalih, sarta ladjeng andum karja; R. Arja Prabu Rukmaka kanṭi Patih Saragupita ḍateng Widarakanḍang, déné R. Arja Ugrasêna namur kula ngupaja sawung djanma ing pundi sa-angsalipun, Patih Saraprabawa tengga pradja ngladosi karsa Naréndra.
Patih Saragupita ladjeng medal ing djawi unḍang-unḍang kang arsa nḍèrèk wadya sawatawis, kinèn tata-tata pradangdosan miwah njeḍijakaken turangga.

Ada-ada asta-kuswala laras barang miring saking nem.
Patih Saragupita wangsul mangarsa.

Ada-ada astakuswala laras barang miring saking tengah.
Patih Saragupita medal anḍawuhaken biḍalan.

Ada-ada buḍalan mataraman.

Lantjaran KEBO-GIRO, gending gendèr.

Bidal kapalan, prampogan ngrata margi.
Suwuk dipun suluki patet Kedu.

IV. BABAT, gending rebab, ketuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong), minggah KETUK, 4.

4. Adeg ing kadipatèn Sengkapura (Madura) R. Kangsa, ingkang lenggah satata ingkang paman ditya Suratimantra, ingkang minangka patih njepeng bangbang pangalum-aluming kadipatèn Sengkapura ; ingkang ngadep ditya punggawa.

Suwuking gending patet lasem.

Ginem.

Paring sumerep panjuwunipun dateng ingkang rama sampun kaparengaken sadaja :

1. aben-aben sawung tijang ;
2. njuwun kuwaos undang-undang ;
3. ngrampas djanma ingkang karja alun-alun nanem waringin sengkeran, ngingah dwipangga.

Ing samangké karsanipun R. Kangsa malah punggawa raseksa bedol sakabupatèn, angundangaken sadéngah djanma ing Madura kedah ningali aben-aben tijang mring alun-alun, tuwin ngupados djanma wanudya ingkang wedalanipun dinten anggara-kasih wuku Landep lairipun ndjungkir kalung usus, punika arsa kinarja palara-lara, gja midji punggawa raseksa.
Ada-ada Mataraman.

Punggawa raseksa ingkang ngadep medal nimbali punggawa raseksa ingkang nggantung lampah.

Ladrang MUNTJÈR.

Punggawa raseksa Kala Pralemba sowan mangarsa, kadawuhan dateng bawah patang pamantjat, ngundangaken sadéngah tijang kedah ningali aben-aben sawung tijang, miwah ngupaja wanudya kagem palara-lara sapanunggilanipun kasebut nginggil, aturnja sandika.

Srepegan pindjalan.

Kala Pralemba medal, R. Kangsa djengkar.

Trus SREPEGAN.

Ing pasowanan pangurakan Kala Pralemba, Kala Gending-tjaluring tuwin Kala Katung.

Suwuk Ada-ada Mataraman.

Ginem.

Dawuhipun R. Kangsa, angundangna ing bawah patang pamantjat, tuwin ngupaja wanudya arsa kagem palara-lara.

Lurah Widjamantri lawan Saraita kinèn undang wadya raseksa engklèk-engklèk balung tandak gendjong waru dojong, ladjeng bidal.

Suwuk patet nem djugag.

V. Ladrang KAKI-KAKI TUNGGU DJAGUNG.

5. Adeg ing dusun Widara-kandang bujut Antagopa lan sémah njai Sagopi nèng pandapi.

Suwuk paṭet nem wantah.

Ginem.

Pamedaling ḍusun panèn gaḍu, wedaling palawidja, ladosan uwos ḍateng kraton, sarta wontenipun radjakaja.

Katungka rawuhipun R. Arja Prabu Rukmaka, nguwuh-uwuh saking sadjawining parégolan, bujut Antagopa dupi mjarsa gurawalan ladjeng meṭuk, nulja tunḍuk njepeng kenḍali ngarung tumpakanipun R. Arja Prabu Rukmaka, kalijan dinangu redjaning paḍusunan Widarakanḍang, golongan warni-warni, dumugi tritising penḍapi R. Arjaprabu tumurun saking turangga, lenggah madyaning panḍapi, bujut Antagopa makiḍupuh ing ngarsa.

Suwuking genḍing paṭet nem djugag.

Ginem.

R. Arjaprabu kautus ingkang raka Nata anuwèni putra-putra. R. Kakrasana wonten pategalan awis mantuk (karja pepeṭan alun-alun, nanem waringin kembar, ngingah liman), R. Narajana kalijan Udawa sampun satengah tjandra boten mantuk, késahipun tan kantenan, Retna Bratadjaja saweg remen tumut matun gaga. Bujut Antagopa dinukanan, ginalih datan saged mituturi sarta ngreksa wewadosing kraton Madura, ing samangké para putra kang wonten Widarakandang wus kawedaka saking Kadipatèn. Bujut Antagopa ladjeng djinemalan R. Arjaprabu.

R. Kakrasana kapanudjon prapta saking pategilan, uninga bujut Antagopa rinangkèt djanma, kagjat nulja tinulungan, R. Arjaprabu ngontjati, ladjeng nitih turangga kaḍèrèkaken patih Saragupita, kèndel ngawasaken warnané R. Kakrasana.

R. Kakrasana tjinegatan bujut Antagopa, dèn-dunungaken kang duka wau kadanging Nata Madura, dènnja dinukanan ngakeni pantjen lepat, gja winarah ngrombaka alun-alun, ambeḍoli waringin kurung sarta ambutjal limanipun, miwah tan angsal késah-késah.

R. Kakrasana tinakènan kang raji R. Narajana lan Udawa ḍateng pundi, mangsuli datan wikan, ladjeng njirnakaken liman, mbeḍoli ringin kurung, ladjeng késah ngupaja R. Narajana.

Sapengkeripun R. Kakrasana katungka praptanipun ditya punggawa ing Kadipatèn Sengkapura, nembung Dèwi wara Sumbadra pinunḍut R. Kangsa kinarja palara-lara.

Bujut Antagopa kumbi tan gaḍah anak Dèwi wara Sumbadra, sulajaning ginem dadya prang (gagal), bujut Antagopa wus wreḍa sakalangkung teguh wentala, nanging kinarubut raseksa kaṭah, dangu-dangu kénging rinuket ladjeng dèn uger ing saka panḍapa, raseksa ngubres salebeting grija.

Njai Sagopi dupi wikan wonten raseksa kaṭah adamel resah, Retna wara Sumbadra ladjeng ginénḍong dèn ungsèkaken, nanging ladjeng katututan ditya Kala Genḍingtjaluring, Togog tuwin Saraita, dupi sami neḍa wara Sumbadra ladjeng binaliṭuk, kénging gunané njai Sagopi, wekasan sami galujuran kadi nanḍang kundjana papa, njai Sagopi ragi benggang lawan raseksa, énggal lumadjeng, para raseksa kang saras sumerep njai Sagopi lumadjeng sami nututi, namung njai Sagopi ladjeng angglunḍung ing djurang, danawa nututi kanḍeg, nulja ḍawuh ngepang djurang, Sigeg.

———



Radèn Kangsa.

Paṭet Lindur.
Ladjeng santun paṭet sanga.
Paṭet sanga wantah (anedahaken sampun paṭet sanga).
Ada-ada manjura (njambut manjura kanggé gara-gara).
Kautjapaken pratjékaning gara-gara, rampung ladjeng sampak Manjura.
Nala Garèng lan Pétruk sami kerengan, Nala Garèng binanting kedjèt-kedjèt gja Pétruk njembah Nala Garèng ladjeng pinonḍong.
Adeg lurah Semar idjèn.
Suwuking sampak paṭet manjura djugag.
Nala Garèng dèn undang Semar sinambi sesenḍonan kagok ketanon, Pétruk prapta abebanjolan, nulja suwan bandara R. Pamadi kang lagja singkel ing drija.

VI. Lagu ḌEMPEL, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong, 1 (2, Gong). minggah LADRANGAN.

6. Adeg samadyaning wana R. Pamadi kang lagja singkel ing drija.
Suwuking gangsa paṭet sanga ngelik.
Ginem.
R. Pamadi ragi énggaring drija dupi mijat prepat sami bebanjolan, namung R. Ardjuna datan walèh kursanira, mila prepat namung tansah ngaturi kondur.
Senḍon tlutur (sabawa karuna).
Sareng wus pratéla jen tangising djanma, R. Pamadi ladjeng mrepeki, pinanggih njai Sagopi kalijan Retna Bratadjaja kang samja karuna.
Ginem.
Njai Sagopi tinanja ladjeng nganḍaraken dènira binudjung raseksa, lakinira dèn wijungjung raseksa.
Retna Bratadjaja tinitipaken R. Pamadi, njai Sagopi mantuk mring Widarakanḍang, Retna Bratadjaja kinèn miré tinengga lurah Semar.
Ada-ada greget-saut.
Srepegan sanga.
Praptanipun raseksa Genḍingtjaluring, minta beburonira, R. Pamadi angekahi, suwalaning ginem dadya prang (kembang), wekasan raseksa pedjah sadaja, Togog lawan Saraita lapur mring Kadipatèn, R. Ardjuna ndangu lurah Semar, Wara Sumbadra wonten pundi déné boten katingal, winangsulan bokmanawi késah.
Ada-ada greget-saut, ladjeng sampak tanggung.
R. Ardjuna nututi pladjengipun Retna wara Sumbadra, Sigeg.

VII. SEMÈRU, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong 3(4, Gong) minggah KEṬUK, 4.

7. Adeging patapan Dwarawati bagawan Padmanaba, lenggah nèng madé patjrabakan, ingkang nèng ngarsa R. Narajana.
Suwuk paṭet sanga wantah.
Ginem.

Dènnja puruita R. Narajana, wus winulang adji djaja kawidjajan, kadigdajan, kasantikan, kanuragan, miwah kasampurnan sampun widagda, ladjeng winewahan kawruh kapradjan, pungkasan winarah; R. Narajana, R. Kakrasana tuwin Retna Wara-Sumbadra punika sedjatosipun sanès anakipun bujut Antagopa, ananging putra Narèndra ing Madura prabu Basudéwa, déné R. Kangsa punika sanès putranipun Prabu Basudéwa, leres ibunipun Pramèswari Madura, namung ingkang mantjeri Prabu Gorawangsa, narèndra raseksa ing nagari Guwagra. Ing samangké wus wantji sirnanipun R. Kangsa; R. Narajana dipun pusakani sandjata tjakra, pangrurahing satru murka, kalijan Sekar widjaja-kusuma panguriping wong sa-bumi, sarta winarah ing tembé saged djumeneng Nata, dadya pamonging brata pandawa, marma énggal kinon mring Madura ningali aben-aben sawung djanma. R. Narajana njagahi, dasar wus sarwa widagda wruh sadèrènging winarah.

Sang Bagawan Padmanaba minta sarana pantjadaning panunggal lawan R. Narajana, sengadi badé sumerep duwungipun R. Narajana, ladjeng tinubruk sang bagawan, sanalika nemahi pralaja, dupi rinungkeban R. Narajana, mawa prabawa latu murub akantar-kantar jajah sundul ing ngakasa, sakala kuwanda sirna.

Ing sadjawining patjrabakan, R. Udawa dupi mjat salebeting patjrabakan wonten dahana murub, angalad-alad kadi ambasmi patjrabakan, njipta jèn R. Narajana sirna geseng déning dahana, datan saranta kontening patjrabakan kang taksih kemantjing nulja tinebak ambrol ladjeng linebetan, wasana R. Narajana taksih katingal lenggah nèng madyaning patjrabakan, Udawa ladjeng makidupuh.

Ginem.

R. Narajana ngandika jèn putra Nata Madura, Udawa anak bujut Antagopa sapanunggilanipun, ladjeng dipun kèn mantuk dateng Widarakandang nulungi bujut Antagopa sarta narupaken tijang kang sami lumadjeng, R. Narajana badé ningali aben-aben. Udawa sandika ladjeng mangkat, R. Narajana ngladjengaken lampah, Sigeg.

VIII. TJANDRA, gending rebab, ketuk, 2, kerep, kenong 3, (4, Gong) minggah KETUK, 4.

8. Adeg ing pratapan Arga-belah, R. Kakrasana kang lagja mudja semèdi, katjarita dènnja tapa wus katarima, nulja katurunan ing Sanghjang Brahma.

Suwuking gending patet sanga wantah.

Ginem.

Sanghjang Brahma kautus Sanghjang Girinata maringaken kanugrahan, marah sadjatiné R. Kakrasana putra Prabu Basudéwa, déné Kangsa satrija Kadipatèn sanès putra Prabu Basudéwa, ananging ingkang mantjeri Prabu Gorawangsa ing Guwarga, ing ngadjeng winongwong ing déwa, samangké wus wantji sirna, mila R. Kakrasana pinaringan sandjata Nenggala kalih Alu-gora kinarja njirnakaken Kangsa, ing tembé R. Kakrasana badé djumeneng Nata ing Madura, marma énggal datenga ing alun-alun, R. Kakrasana ladjeng pangkat ningali aben-aben sawung djanma.

Wonten ing margi kapanggih ingkang raji Sang Retna Bratadjaja.

Ginem.

Wadul salwiring lelampahan, wekasan pinoṭa-poṭa tijang djaler, samangké maksih nèng wuri. R. Kakrasana mireng wadul bramantya, ladjeng mapagaken lampahipun R. Pamadi, kepanggih, R. Pamadi minta beburonira, sulajaning rembag dados prang, R. Kakrasana tansah kasoran.

Katungka praptanipun R. Narajana, winadulan R. Kakrasana kalijan Dèwi Sumbadra. Ṛ. Narajana tansah maiben, kang raka dèn mimiringi dènnja ngendel-endelaken tampi kanugrahaning déwa angsal Nenggala kalijan Alu-gora, wekasan R. Narajana madjeng mangsah prang.

R. Pamadi ngaken sampun kawon, ginotjo kadya palastra, ladjeng dipun kèlèkaken ing lèpèn, ingkang andjundjung kunarpa ingkang kuwawi namung Retna Bratadjaja (Katingalipun palastra katjemplungaken lèpèn ladjeng kèli, prepat ngetutaken sapurugipun, pikadjengipun R. Pamadi boten palastra, malah winarah djatining lampahan, Pamadi ngèli = manut mring alun-alun ngreksa Retna Bratadjaja, dados pragak, R. Narajana saha R. Kakrasana baḍé njirnakaken Kangsa, anggènipun mawi perang kanggé andjangkepi kawruh paḍalangan, prang sintrèn = sampak tanggung). R. Narajana R. Kakrasana saha Retna Bratadjaja ladjeng sami biḍal dateng alun-alun, Sigeg.

Paṭet Manjura wantah (wiwit suntun paṭet manjura).

IX. BUDJANGGA-NOM, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong) minggah KEṬUK, 4.

9. Adeg ing nagari Ngamarta Prabu Darmakusuma, R. Arja Bratasèna, R. Pintèn saha R. Tangsèn.

Suwuking genḍing senḍon Sastradatan.

Ginem.

Angrudatos késahipun R. Pamadi, R. Arja Bratasèna kinèn angupaja, jèn tan pinanggih Nata Panḍawa mung sumedya lebu tumangan. R. Arja Bratasèna sagah ladjeng pangkat. Adeg sadjawining pradja Ngamarta R. Arja Ugrasèna kang namur kula, dupi uninga djanma agung luhur dedeg parusa nulja pinrepekan, sareng wus satata lawan R. Arja Bratasèna.

Ginem.

Takèn sangkan-parannja, R. Arja Bratasèna walèh ngupaja kadang taruna. Nulja rinangkul R. Arja Ugrasèna, déné kaleres pulunan prijangga, ladjeng pinintasraja, tinanḍing lawan ditya Suratimantra, Sang Sèna sagah, kinèn ngantjer-antjeri dununging pradja Madura, R. Arja Ugrasèna linebetaken kantjing gelung, Sang Sèna gja malumpat kairingaken bajubadjra, ngener mring pradja Madura, Sigeg.

X. PUTJUNG, genḍing rebab, dipun bukani tjeluk, keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong) minggah ÈSÈG-ÈSÈG, KEṬUK, 4.

10. Adeg ing nagari Madura Prabu Basudéwa lenggah ing panḍapa, ingkang ngaḍep R. Arja Prabu Rukmaka, patih Saragupita.

Suwuking gangsa paṭet Manjura wantah.

Ginem.

R. Arja prabu Rukmaka lapur dènnja kautus mring Widarakanḍang, Sang Prabu lega ing panggalih miḍanget jèn R. Kakrasana diwasanipun

sambada dedeg parusa, mangkana pangudasmaraning drija: upami kapengkokipun kalijan satrija Kadipatèn Sengkapura sampun boten njumelangi.
Katungka sowanipun R. Arja Ugraséna ngirid R. Arja Brataséna, Sang Nata dahat suka mjat R. Arja Brataséna.
Ginem.
R. Arja Ugraséna lapur bilih R. Arja Brataséna punika kaleres pulunanipun pijambak, putranipun Prabu Pandu Déwanata ingkang saking kang mbok-aju Dèwi Kunti, purun tinantun dados sawung, Sang Nata dahat suka mijat R. Arja Brataséna ladjeng dawuh: R. Arja Prabu kinèn maring Kadipatèn, paring uninga wus angsal sawung, sarta ngrembag pranatanipun aben-aben. R. Arja Ugraséna kinèn njugata sawung, sami matur sandika, Sang Nata gja djengkar.

XI. Sesegan RINTJIK-RINTJIK, gending gendèr.

11. Adeg ing Kadipatèn Sengkapura, R. Arja Kangsa, kang lenggah satata kang paman ditya Suratimantra, katamuwan R. Arja Prabu Rukmaka.
Suwuking gangsa sesegan ladjeng Ada-ada manjura.
Ginem.
Kautus sang Nata paring uninga wus angsal sawung, sawantji-wantji sampun kénging dipun aben, rembag ladjeng kawedalaken ing kambengan, mblabar kawat (salebeting kenteng ing alun-alun, sakiduling waringin kurung), R. Arja Prabu pamit mundur arsa tata-tata. R. Arja Kangsa dawuh dateng ingkang paman Suratimantra ladjeng medala ing kambengan, namung perangipun nganggéja gelar gora-goda, ingkang perlu angawasna manawi wonten katingal laré bulé kalijan laré tjemeng sampun ngantos gagal, ladjeng kabekuka kéwala.
Dumrodjog tanpa larapan praptanipun Togog kalijan Saraita, ngaturaken tiwasing wadya raseksa déning R. Pamadi.
R. Arja Kangsa langkung bramantya, dawuh mepak wadya raseksa, samapta sagegamaning ngajuda medal ing alun-alun, gja bidal.
(Ingkang tanpa gending namung sampak lan Ajak-ajakan).
R. Arja Kangsa manggèn pasowanan Kadipatèn, R. Arjaprabu Rukmaka, R. Arja Ugraséna miwah punggawa Madura manggèn ing Pagelaran, Prabu Basudéwa munggwing sitinggil. R. Arjaprabu Rukmaka ngandika mring R. Arja Brataséna, jèn pedjah-gesangipun trah Madura gumantung asor-unggulipun Arja Brataséna, mila ajwa kurang wewéka.
Ladjeng dawuh angungelaken Kala gandjur.
Gangsa mungel lantjaran Kala GANDJUR, manawi irama sampun tamban:
R. Arja Brataséna medal ing kalangan abeksa tajungan.
Ditya Suratimantra medal animbangi abeksa ilo-ilo alelatèn madjeng migut-migut sarwi gedrug-gedrug, ladjeng prang, R. Brataséna tatag-tanggon. Ditya Suratimantra tandang nubruk anggegiro sarwi nggetak-nggetak, nanging lèrès, mubeng turut pinggir kalangan, kang linirik ngupadosi tijang bulé kalijan tijang tjemeng. Sigeg.

12. Adeg ing alun-alun sadjawining pabarisan blabar kawat, R. Pamadi kadèrèkaken prepat tiga, ningali aben-aben, R. Narajana ngetutaken Retna Bratadjaja; anggènipun ningali tansah kaling-kalingan, ladjeng Retna Bratadjaja dipun gèndongaken Sang Pamadi (katjaritakaken

pragak), sadjatosipun kaitipaken R. Pamadi, awit R. Narajana baḍé njelak ing kenṭeng, ngawasaken ingkang sami banda-juda. (Banjol adjeg).

13. Adeg R. Kangsa, R. Arjaprabu Rukmaka tuwin R. Arja Ugraséna. Ginem.
Totohanipun R. Kangsa angetohaken banḍa ing Kadipatèn, R. Arja prabu Rukmaka angetohaken upatjara, R. Arja Ugraséna ngetohaken djangga. R. Arja Brataséna lawan ditya Suratimantra prang ramé. Madeg R. Kakrasana ingkang ningali aben-aben, katingal ngaléla nèng pinggir kenṭeng, sangandaping waringin kurung. Dupi ditya Suratimantra waspada paningalé mring R. Kakrasana, tan saranta anilar mengsah, ladjeng nubruk R. Kakrasana, ginilut kinemah-kemah, teguh wantala, ginarot datan butjik, sareng kalimpé ditya Suratimantra binetot ilatnja, ndjola nggeblak pedjah sanalika.
Para wadya alok djago mati, kang matèni wong nonton.
R. Kangsa dupi mjarsa aloking djanma, énggal malumpat mring salebeting kenṭeng, praptaning kalangan ingkang katingal R. Kakrasana, ladjeng tinubruk dèn kempit datan saged ébah, sambat-sambat ingkang raji R. Narajana.
R. Narajana mjarsa sambating raka énggal nulungi, nanging keni sinaut R. Kangsa ugi ladjeng kinempit datan saged ébah: namung kantun sama sesambat, R. Kangsa sumbar-sumbar.
Katjarita sareng ragi kenḍo pangrangkusing asta, R. Kakrasana ènget ladjeng ngedalaken sandjata nanggala saking asta, R. Narajana amusṭi sandjata tjakra, ladjeng sasarengan notjog lempèngipun R. Kangsa, sami sanalika nḍaroḍog ladjeng antaka tan mawi sesambat.
R. Arja Brataséna uninga pedjahipun R. Kangsa sigra djumangkah arsa murina, nanging ladjeng tjinegatan R. Arja Ugraséna, winarah jèn R. Kangsa punika sadjatosipun sanès putraning Nata ing Madura, nanging pandjanmaning mengsah, déné putra ingkang saèstu inggih djanma ingkang mardjaja punika ; malah jèn wadya raseksa ing Kadipatèn sami murina pedjahing gusti, ladjeng karampungana. Sang Brataséna sagah. Punggawa raseksa sami soroh amuk béla sédaning gusti, tinaḍahan R. Arja Brataséna, amuk-amukan prang sampak.

14. Adeg Prabu Basudéwa mangku R. Pamadi lan Retna Bratadjaja, kaaḍep R. Arjaprabu Rukmaka, R. Arja Ugraséna, R. Kakrasana, R. Narajana tuwin Arja Brataséna.
Sang Nata ngendika : paring panarimah mring R. Arja Brataséna, béndjing Pamadi djoḍo lan Bratadjaja, tan rinilan palakrama jèn tan antuk Pamadi. Jèn wonten kang datan ngéstokaken, dèn djabakaken darah Madura. Sinauran geter pater, ladjeng mangun suka budjana andrawina.

XII. Ladrang MANIS.

TANTJEB KAJON.

---

1. Ditya Suratimantra nganggé danawa raton nènèman.
2. Bagawan Padmanaba nganggé panḍita Kanwa.
3. Udawa nganggé wanda Tandang (mawi djamang kalung Kebomenggah = pananggalan, tjlana tjekak).

---

8. LAMPAHAN DURSASANA RABI = DURSASANA ITJAL.

Wiwit saking talu TJUTJURBAWUK, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep kenong, 3 (4, Gong), minggah PARÉ-ANOM, keṭuk, 4, kaladjengaken ladrang SRIKATON, dawah ketawang SUKMA-ILANG trus AJAK-AJAKAN MANJURA SREPEGAN dados SAMPAK.

I. KABOR, genḍing gendèr, keṭuk, 2, kerep, kenong 1 (2, Gong) minggah LADRANG KRAWITAN.

1. Djedjer ing nagari Ngastina Prabu Durjudana, kang lenggah satata munggwing palowanu Ḍanghjang Durna, ingkang ngaḍep Patih Arja Sangkuni, R. Arja Kartamarma, tuwin parekan.

Suwuking genḍing paṭet nem ageng, ladjeng Ada-ada Girisa.
Ginem.
Sang Nata ngrudatos itjalipun ingkang raji R. Arja Dursasana, pinanggihing rembag Adipati Ngawangga ingkang pantes saged ngupadosi, Patih Arja Sangkuni kaḍawuhan midji mangarsa Adipati Karna.
Paṭet nem djugag.
Patih Arja Sangkuni medal midji sowanipun Adipati Karna.
Ladrang SOBAH.
Adipati Karna sowan ngabjantara Nata, ladjeng satata lenggah ing Pasowanan.
Suwuking ladrangan paṭet nem wantah.
Ginem.
Prabu Sujudana anuḍuh Adipati Karna, ngupaja itjalipun R. Arja Dursasana, kinanṭèn kurawa sagolongan tinḍih Patih Arja Sangkuni, aturira, ladjeng njuwun pamit, medal tata-tata.
Ada-ada Girisa.
Sang Nata ngladjengaken meling-meling mring Arja Sangkuni, gja kondur ngaḍaton.
Ajak-ajakan nem.
Sang Nata kèndel mirsani upa-rengganing gapura.
Ajak-ajakan kasirep tjèngkok Pandjangmas.
Suwuk tanpa paṭetan.
Unduring parekan kautus paring uninga Pramèswari jèn Sang Nata kondur ngaḍaton.
Paṭet nem djugag, Sang Nata mandjing gapura.

II. DAMAR-KÈLI, genḍing rebab, keṭuk, 4, kerep, kenong 3 (4, Gong) minggah KEṬUK, 8.

2. Adeg ing kenjapuri Pramèswari Nata Dèwi Banuwati, konduring Nata, Pramèswari meṭuk ladjeng lenggah satata.

Suwuking genḍing paṭet manjura ageng.
Ginem.
Danguning siniwaka, anggalih itjalipun ingkang raji R. Arja Dursasana, ladjeng matah ingkang raka Adipati Karna, ngupadosi akanṭi kurawa

segolongan, tinḍih Patih Arja Sangkuni, Pramèswari dahat ngungun. Sang Nata gja djengkar lenggah budjana.

Dipun senḍoni Kloloran.

III. KEMBANG-TIBA, genḍing rebab, keṭuk, 4, kerep, kenong 3 (4, Gong), minggah KEṬUK, 8.

3. Adeg ing pasowanan djawi Adipati Karna, Patih Arja Sangkuni, R. Arja Durmuka, R. Arja Kartawarma tuwin R. Tjarutjitra.

Suwuking genḍing sesegan ladjeng Ada-ada Girisa.

Ginem.

Ngéstokaken ḍawuhing Naréndra ngupadosi késahipun Arja Dursasana.

Arja Kartawarma kaḍawuhan unḍang-unḍang tata-tata wadya baḍé nḍèrèk miwah suḍija wahana turangga.

Ada-ada asta kuswala laras barang miring saking nem.

R. Arja Kartawarma wangsul mangarsa.

Ada-ada asta kuswala laras barang miring saking tengah.

R. Arja Kartawarma medal nḍawuhaken biḍalan.

Ada-ada Buḍalan Mataraman.

Lantjaran KEBO-GIRO genḍing gendèr.

Biḍal kapalan, rampunging prampogan ngrata margi.

Paṭet Keḍu.

IV. BUDJANGGA, genḍing rebab, keṭuk, 4, kerep, kenong 3 (4, Gong) minggah KEṬUK, 8.

4. Adeg ing nagari Tasikmadu Prabu Majasadana, ingkang ngaḍep raji ipé R. Djajawirata, Patih Bauwarna lawan tumenggung Djajaprewita. Manggihi tamu saking nagari Lumadjang-séla Patih Sélarugita, kautus ratunipun Prabu Sélakundjana, nglamar putrining Nata Tasikmadu nami Dèwi Majangsari.

Suwuking gangsa paṭet nem wantah.

Ginem.

Patih Séla-rugita ngaturaken serat panglamar, Sang Nata mangsuli kadang wresni Naréndra R. Djajawirata ngadegaken sajembara ; manawi wonten ingkang saged ngasoraken kaprawiranipun, inggih ladjeng ḍaup kalijan Dèwi Majangsari.

Patih Lumadjangséla kanṭi punggawa sami njuwun lilah natjak ngitjipi, kalilan.

R. Djajawirata medal mring ngalun-alun, Patih mjang punggawa Lumadjangséla nututi dadya prang (gagal), wadya Lumadjangséla kasor mundur ginosongan sarwi nanḍang brana, kabekta martuk mring pradjanipun.

V. LANA, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong) minggah KEṬUK, 4.

5. Adeg ing tanah sabrang nagari Lumadjangséla, Prabu. Sélakundjana, ingkang ngaḍep raji Nata R. Séla-prewita, Sang Nata ngraosi dènnja

utusan mring nagari Tasikmadu, tan antara dangu Patih Sélarudita prapta.

Suwuking gending patet lasem.

Ginem.

Patih Séla-rudita lapur, kramanipun Dèwi Majangsari mawi sajembara ngasoraken kadang wresni Naréndra ing Tasikmadu, ingkang nama R. Djajawirata, malah sampun natjak ngitjipi, nanging Patih Séla rudita datan kawawa.

Sang Nata sakalangkung bendu, nulja nimbali punggawa raseksa kang anggantung lampah, Patih medal mring djawi nimbali punggawa raseksa.

Ada-ada Mataraman.

Ladrang BEDAT.

Patih Sélarudita angirid punggawa raseksa ditya Kala Brekangka.

Suwuking gending sesegan ladjeng Ada-ada Mataraman.

Ginem.

Ditya kala Brekangka kautus mring pradja Tasikmadu akarjaa pasanggrahan sadjawining kita, sarta jèn wonten tijang mandjing pradja kinèn mangsulaken, awit putri Tasikmadu badé kagarwa Prabu Sélarundjana. Punggawa raseksa kalilan bedol sakabupatèn, aturipun ditya kala Brekangka sandika.

Srepegan kapindjalan.

Kala Brekangka mundur, Sang Nata djengkar.

Ing pasowanan djawi Ditya Kala Brekangka, ditya Kala Gendirpendjalin tuwin Ditya Sandung-gunung.

Suwuking srepegan ladjeng Ada-ada Mataraman.

Ginem.

Sami kautus ngepang kita, karja pasanggrahan sadjawining nagari Tasikmadu, kalilan bedol sakabupatèn, Togog lan Saraita kinèn undangundang wadya raseksa, ladjeng bidal.

Suwuking gangsa patet Lindur.

Sampuning tjarita ladjeng patet sanga wantah.

VI. RENJEP, gending rebab, ketuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong), minggah ladrang ÉLING-ÉLING KASMARAN.

6. Adeg ing nagari Ngamarta Sang Prabu Judistira, lenggah ing pandapa kalijan ingkang raji R. Arja Wrekudara, R. Arja Ardjuna, R. Arja Nangkula tuwin R. Arja Sadéwa.

Suwuking gending patet sanga ngelik.

Ginem.

Dènnja arsa mbangun tjandi Saptarengga, datan antara dangu praptanipun Danghjang Durna.

Ginem.

Praptanipun Danghjang Durna saking kadjengipun pijambak (boten dipun-kèngkèn Prabu Durjudana), ngaturi uninga manawi R. Arja Dursasana sampun tigang tjandra kalenggahan punika késah tanpa paliwara, prapta samangké dèrèng angsal katrangan ing pundi dunung-

ipun. Dénè djalaranipun késah ingkang kawahja, kapéngin rabi widadari kados Ardjuna. Mila Ḍanghjang Durna njaraja Sang Ardjuna, ngupaja Arja Dursasana.
Sri Juḍisṭira matur sumangga, Sang Parta sandika nglampahi ladjeng biḍal, Sang Nata djengkar.
Adeg Sang Ardjuna kaḍèrèkaken prepat tiga, Semar, Nala Garèng tuwin Pétruk, gja pangkat lampahira mandjing wana, Sigeg.

VII. Lantjaran DJANGKRIK-GÈNGGONG, genḍing gendèr sirep tamban, ladjeng dados ladrang MEMBAT.

7. Adeg samadyaning wana, Raseksa punggawa ing nagari Lumadjangséla Kala Brekangka, Kala Gendirpendjalin lawan Kala Sanḍunggunung.

Suwuk sesegan ladjeng Ada-ada greget-saut sanga.

Ginem.
Dènnja arsa karja pasanggrahan nèng sadjawining pradja Tasikmadu, praptaning wana sami bingung tan uninga prenah. Praptanira Togog lan Saraita, lapur wonten satrija langkung nerak pabarisan raseksa. Punggawa raseksa sami mrepegi, sulajaning ginem ladjeng dados prang (kembang) raseksa sirna sadaja. Togog lan Saraita mantuk lapur sirnanipun sadaja punggawa raseksa.

Paṭet senḍon bimanju trus Ajak-ajakan.
Sang Ardjuna ladjeng lampahipun, kaḍèrèkaken prepat tiga, Sigeg.

VIII. GÈNDJONG, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong), minggah KEṬUK, 4.

8. Adeg pratapan ing Guwadumung, Begawan Ditya Budjangga, kaaḍep putra Ènḍang Pudjasari.

Suwuking genḍing Paṭet Sanga wantah.

Ginem.
Ènḍang Pudjasari supena kapanggih Sang Ardjuna, Sang Panḍita kinèn ngupaja, Sang Panḍita sagah, ladjeng mesu tjipta angeningaken tjipta nutupi babahan hawa sanga, minta praptanipun Sang Ardjuna, katarima ing Déwa sami sanalika Sang Parta prapta kaḍèrèkaken prepat punakawan.
Ginem.
Sang Ardjuna kinèn ngabdèkaken Ènḍang Pudjasari, nampèni ladjeng ponḍongan.
Adeg Begawan Ditya Budjangga, kang anèng ngarsa R. Ardjuna lawan Ènḍang Pudjasari.

Ginem.
Sang Ardjuna pitakèn murtjanipun ingkang raka R. Arja Ḍursasana. Sang tapa njukani pitedah, jèn R. Arja Dursasana tapa kungkum nèng benawi Silugangga, ing mangké wus katarima, sariranipun datan katingal, sagedipun sumerep sinung sarana manik pranawa, sarta winarah ladjeng kinèn ngrabèkaken putri nagari Tasikmadu ingkang kinarja sajembara.



Radèn Arja Dursasana.

Sang Parta pamit, kang garwa Èndang Pudjasari binekta, linebetaken kalpika, ladjeng mangkat kaḍèrèkaken prepat tiga, Sigeg.

IX. KENTJÈNG-BARONG, gending rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong), minggah KEṬUK, 4.

9. Adeg ing nagari Lumadjangséla Prabu Sélakundjana, kaaḍep ingkang raji R. Sélaprewita, Patih Sélasudita.

Suwuking gending paṭet sanga wantah.

Ginem.

Patih Sélarudita lapur pasanggrahan sampun paripurna, namung punggawa raseksa sami pedjah sadaja, prang kalijan satrija Madukara R. Ardjuna.

Ada-ada greget-saut.

Sang Nata sakalangkung duka, nulja ḍawuh samapta arsa teḍak mring Tasikmadu, wadya-bala ingkang sapalih mirantos sagegamaning ngajuda, gja biḍal, Sigeg.

X. Ladrang GIJAK-GIJAK.

10. Adeg nagari Tasikmadu Prabu Majasadana, kaaḍep ingkang raji R. Djajawirata, Patih Bauwarna, Patih Djajaprewita.

Suwuking ladrangan paṭet sanga wantah.

Ginem.

Patih lapur, Naréndra ing Lumadjangséla sampun prapta kanṭi wadyabala mirantos sadedameling ngajuda, baḍé nglebeti sajembara.

R. Djajawirata ladjeng kaḍawuhan medali, sandika ladjeng medal ing alun-alun.

Ing alun-alun R. Djajawirata tempuk prang kalijan Prabu Sélakundjana sawadyabala sami kasoran, binantingan ladjeng sami binutjalan ḍawah tebih, nanging datan wonten ngemasi, Sigeg.

Wiwit santun paṭet manjura.

Paṭet Manjura wantah.

XI. Ladrang SUMIRAT.

11. Adeg ing benawi Silugangga, R. Arja Dursasana ingkang tapa kungkum ing toja, sarira dèn-erut lawan prabatang, lairé tapa, ing batos adjrih, marma tansah bengak-bengok, mangka dènnja tapa wus katarima, salira datan katingal, mila damel adjrihipun djanma kang sami misaja ulam ing lèpèn, kinira raseksa.

Praptanipun R. Ardjuna kaḍèrèkaken prepat punakawan (dènnja kapanggih R. Dursasana mawi adji Menik pranawa).

Suwuking ladrangan paṭet manjura wantah.

Ginem.

R. Ardjuna njagahi mikramakaken, R. Arja Dursasana purun nglampahi, ladjeng biḍal ḍateng nagari Tasikmadu, arsa nglebeti sajembara, Sigeg.

Trus AJAK-AJAKAN.

12. Adeg ing nagari Tasikmadu Prabu Majasadana, kaaḍep ipé R. Djajawirata, Patih Bauwarna.
Katungka praptanipun R. Adjuna, R. Arja Dursasana, paḍèrèkaken prepat tiga.

Suwuk paṭet Manjura djugag.

Ginem.

Njuwun nglebeti sajembara, Sang Nata marengaken. R. Djajawirata sawusing ḍinawuhan ladjeng medal, R. Arja Dursasana nututi medal.
R. Djajawirata ladjeng prang kalijan R. Arja Dursasana, wekasan R. Djajawirata kasor.
R. Arja Dursasana ladjeng kaḍaupaken kalijan putri Tasikmadu Dèwi Majangsari; dupi arsa djinundjung Prabu Anom, ladjeng walèh manawi ari Nata binaṭara ing Ngastina, malah Dèwi Majangsari ladjeng kasuwun dipun-bekta mantuk ḍateng Ngastina, Sang Nata amarengaken, ladjeng sami biḍal. Adegan ingkang tanpa genḍing namung Ajak-ajakan utawi sampak.
Adeg ing madyaning wana, R. Ardjuna, R. Arja Dursasana lan prepat punakawan.

Ginem.

R. Dursasana pitakèn, R. Ardjuna sagedipun madosi sariranipun punika kados pundi? R. Ardjuna matur miwiti praptèng wekasan, Dèwi Pudjasari kawedalaken saking kalpika, awit R. Dursasana arsa uninga, wusana Dèwi Pudjasari pinința R. Arja Dursasana, supados garwanipun dados kalih.
R. Ardjuna njukakaken, nanging Dèwi Pudjasari boten purun, ladjeng prang, Arja Dursasana kasoran, ladjeng bengak-bengok ngunḍamana kalijan lumadjeng. Dyau Parta dèn-lokaken ngrebat Retna Pudjasari garwanipun R. Arja Dursasana, Sigeg.

Trus AJAK-AJAKAN.

13. Adeg ing nagari Ngamarta, Prabu Juḍisṭira katamuwan Sri Kresna, ingkang lenggah satata R. Arja Wrekudara, ingkang ngaḍep R. Nangkula, R. Sadéwa, R. Gaṭutkatja.

Suwuk paṭet Manjura djugag.

Ginem.

Sri Kresna marah: lampahipun Sang Parta angsal damel, namung ladjeng suwala, ngèngeti watak kurawa tamtu ladjeng nandukaken piwales awon, mila Arja Wrekudara lawan ingkang putra R. Gaṭutkatja kinanṭi Sri Kresna andjampangi lampahipun Sang Ardjuna, gja biḍal, Sigeg.

XII. Ladrang KANḌA-MANJURA.

14. Adeg pasanggrahan sata-kurawa: Adipati Karna, Patih Arja Sangkuni, R. Durmuka, R. Kartawarma, R. Tjarutjitra.

Suwuking genḍing paṭet Manjura wantah.

Ginem.

Dènnja ngupaja Arja Dursasana dèrèng angsal titik. Dumrodjog tanpa larapan praptanipun R. Arja Dursasana, matur ngamandaka bilih garwanipun nami Retna Pudjasari karebat Ardjuna, Adipati Karna myang

Kurawa sami bramantya, ladjeng mapagaken Sang Ardjuna, dadya prang ramé, R. Parta kinarubut ing kaṭah.
Sri Kresna, R. Arja Wrekudara, R. Gaṭutkatja.

Ginem.
Wataking Kurawa remené karja piawon, sami kinèn tutulung, ladjeng nlabung prang, Kurawa kasor sadaja, amuk-amukan sampak.
Adeg Prabu Kresna, Arja Wrekudara, Arja Parta, R. Gaṭutkatja, kaaḍep prepat punakawan.

Ginem.
Kadadosan ingkang nembé kalampahan, rèhné wus sami manggih ardja, ladjeng mangun suka.

XIII. Ladrang GINONDJING.

TANTJEB KAJON.

1.	Prabu Majasadana,	ringgitipun :	Ratu sabrang sepuh kaḍelèn.
2.	Prabu Sélakundjana,	„ :	Ratu sabrang ṭelengan gusèn.
3.	R. Djajawirata,	„ :	Trimurda.
4.	Dèwi Majangsari,	„ :	èstrèn putran aju.
5.	Èndang Pudjasari,	„ :	èstrèn srambahan èndèl.
6.	Ditya Budjangga,	„ :	Bagaspati.
7.	R. Sélaprewita,	„ :	Putran lanjap.

---

9. LAMPAHAN KUNTUL - WILANTEN.

Wiwit talu TJUTJUR, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong) minggah PARÉ-ANOM, keṭuk, 4, kaladjengaken ladrang SRIKATON, ḍawal ketawang SUKMA-ILANG, terus AJAK-AJAKAN MANJURA SREPEGAN dados SAMPAK.

I. KABOR, genḍing gendèr, keṭuk, 2, kerep, kenong, 1 (2, Gong), minggah ladrang KRAWITAN.

1. Djedjer ing nagari Ngastina Prabu Kurupati, ingkang lenggah satata munggwing palowanu Ḍanghjang Durna, ingkang ngaḍep patih Arja Sangkuni, R. Arja Kartawarma. Ing pageḍongan sang Nata mentas supena angsal wangsiting Djawata, saged unggul bratajuda sinten ingkang saged anggarwa putri ing Genḍingkapitu, Dèwi Kuntul-wilanten ingkang kinarja sajembara pilih.

Suwuking genḍing paṭet nem ageng, ladjeng Ada-ada Girisa.

Ginem.

Sang Nata paring uninga dènnja supena, Ḍanghjang Durna tuwin patih Arja Sangkuni sami mrajogèkaken sang Nata anglebeti sajembara, kaḍèrèkaken para tuwanggana (Ḍanghjang Durna kalijan Arja Sangkuni tuwin para sénapati (Adipati Karna tuwin Arja Djajadrata) ingkang pinudji sang Nata sageda angsal sajembara, plèsèdipun para tuwanggana tuwin para sénapati.

Prabu Durjudana njonḍongi, Arja Sangkuni kinèn medal ing djaw sowanipun Adipati Ngawangga.

Ladrang SOBAH.

Adipati Karna minggah mring sitinggil, ladjeng lenggah satata munggwing palowanu.

Suwuking ladrangan paṭet nem wantah.

Ginem.

Sang Nata Ngastina ngandikakaken wangsiting déwa, sarta kenṭeling rembag para tuwanggana, manawi sang Adipati Karna kapurih tumut nglebeti sajembara, Adipati Karna matur sandika.

Ada-ada Girisa.

Adipati Karna pamit mundur arsa tata-tata.

Ajak-ajakan nem.

Sang Nata djengkar angaḍaton.

Sang Nata kèndel ing gapura.

Ajak-ajakan kasirep tjèngkok pandjangmas.

Suwukipun tanpa paṭet.

Unduring parekan.

Paṭet nem djugag (sang Nata mandjing gapura).

II. DAMAR-KÈLI, genḍing rebab, keṭuk, 4, kerep, kenong, 3 (4, Gong), minggah KEṬUK, 8.

2. Adeg ing Kenjapuri Pramèswari meṭuk, ladjeng lenggah satata.

Suwuking genḍing paṭet manjura ageng.

Ginem.

Danguning dènnja lenggah siniwaka, anggalih wangsiting Déwa, bèndjing bratajuda saged unggul, jèn Sang Nata utawi para tuwanggana

saha para sénapati ing Ngastina salah satunggal saged anggarwa putri ing nagari Gendingkapitu kang paparab Dèwi Kuntul-wilanten; ing mangké kinarja sajembara pilih, marma Sribupati ing Ngastina kadèrèkaken para tuwanggana tuwin para Sénapati tedak mring pradja Gendingkapitu; Pramèswari dahat pangungunira. Sang Nata gja djengkar lenggah budjana.

Dipun-sendoni Kloloran.

III. PRIHATIN, gending rebab, ketuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong), minggah KETUK, 4.

3. Adeg ing pasowanan djawi Patih Arja Sangkuni, R. Arja Djajadrata, R. Arja Kartawarma, R. Arja Dursasana, R. Arja Tjarutjitra.

Suwuking gending sesegan ladjeng Ada-ada Girisa.

Ginem.

Patih Arja Sangkuni andawuhaken karsanipun Sri Kurupati, tedak mring nagari Gendingkapitu, nglebeti sajembara, ingkang kadawuhan andèrèk: Adipati Karna, Danghjang Durna, Patih Arja Sangkuni, Arja Djajadrata saha Arja Kartawarma.

R. Arja Dursasana sakadang sadaja tugur tengga pradja, R. Arja Kartawarma kadawuhan undang-undang pradangdosan wadya kang umiring, dawuh njudijakaken rata kantjana titihaning Sang Nata, miwah turangga tumpakanipun Patih Arja Sangkuni.

Ada-ada asta kuswala laras barang miring saking wilahan nem.

R. Arja Kartawarma wangsul ing ngarsa.

Ada-ada astakuswala laras barang miring saking wilahan tengah.

R. Arja Kartawarma medal andawuhaken bidalan.

Ada-ada budalan Mataraman.

Lantjaran KEBO-GIRO gending gendèr.

Bidal kapalan.

Prabu Durjudana, Danghyang Durna, Patih Arja Sangkuni wahana rata, prampogan ngrata margi.

Patet nem kedu.

IV. GUNTUR, gending rebab, ketuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong), minggah KETUK, 4.

4. Adeg nagari Giri-panataran, Narèndra raseksa Prabu Kala Srengga, kaadep emban raseksi Awinda lan danawa punggawa.

Suwuking gending sesegan ladjeng ada-ada Girisa.

Ginem.

Murtjaning kadang Sri Nata: Dèwi Srenggini, djalaran kasmaran panengah Pandawa, nulja raseksi Awinda kadawuhan nimbali punggawa raseksa kang nggantung lampah badé kinèn ngupaja.

Raseksi Awinda sandika nembah ladjeng medal.

Ada-ada Mataraman.

Ladrang BEDAT.

Madjengipun punggawa raseksa Kala Pragalba.

Suwuking gangsa Ada-ada Mataraman.

Ginem.

Ḍawuhing Narêndra kautus ngupadosi ingkang raji Dèwi Srenggini mring laladan nagari Ngamarta, beḍol sakabupatèn, datan kalilan mantuk jèn dèrèng pinanggih, ngantịija plajon tijang Djawi. Togog kalijan Saraita.
Punggawa raseksa matur sandika, ladjeng mundur.

Srepegan pindjalan.
Unduripun punggawa raseksa, Sang Nata ladjeng djengkar.

Trus srepegan.
Adeg ing pasowanan djawi punggawa ditya Kala Pragalba, ditya Panjarèng lawan ditya Gombak.
Sawusing ginem kautus ngupaja Dèwi Srenggini, nganṭi Togog lan Saraita, gja unḍang wadya raseksa engklèk-engklèk balung-tanḍak, biḍal mring tepis-wiringing pradja Ngamarta. Wonten ing margi njimpang margi.

Paṭet Lindur.
Sasampuning katjaritakaken ladjeng santun paṭet sanga.

Paṭet sanga wantah.

V. GANDA-KUSUMA, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong, 1 (2, Gong), kapapag wadyabala Ngastina; sulajaning ginem dadya prang (gagal), punggawa raseksa kabrananging napsu, pinambengan Togog, ladjeng minggah ladrang GANDA-SULI.

5. Adeg ing pratapan Martawu, sang Resi Abyasa, katamuwan ingkang wajah Radèn Ardjuna kaḍèrèkaken prepat tiga: lurah Semar, Nala Garèng tuwin Pétruk, ingkang ngaḍep tjantrik.

Suwuking genḍing paṭet sanga ngelik.
Ginem.
Sang Ardjuna kautus Sri Juḍisṭira ngaturi uninga Nata Panḍawa sakadang sami supena, tembé prang bratajuda saged unggul ing djurit manawi saged anggarwa Dèwi Kuntul-wilanten, putrining Nata ing nagari Genḍingkapitu, ingkang kinarja sajembara pilih, punika punapa saèstu wangsiting Déwa? Sang Resi ḍawuh saèstu wangsiting Déwa, ladjeng sami kaḍawuhan nglebeti sajembara, salah satunggal pundi ingkang angsal damel, saha winarah prenahing nagari Genḍingkapitu, sarta pinaringan pangèstu.
R. Djanaka pamit wangsul mring pradja Ngamarta kalijan prepat punakawan, sampun kalilan.

Ketawang SUBAKASTAWA.
Sang Parta tumurun saking ing arga kaḍèrèkaken prepat tiga, ladjeng mandjing wana pringga.

VI. Lantjaran DJANGKRIK-GÈNGGONG, genḍing gendèr.

6. Adeg samadyaning wana tlatah ing nagari Ngamarta, punggawa raseksa ing Giripanataran, ditya Kala Pragalba, ditya Kala Banjaktjalora tuwin ditya Kala Lebing-kengking.

Suwuking gangsa sesegan, ladjeng Ada-ada Greget-saut.
Ginem.

Sami bingung tan wruh prenah, dènnja ngupaja Dèwi Srenggini dèrèng angsal sesuluh babar-pisan.
Katungka praptanipun Togog lan Saraita, atur uninga wonten satrija langkung nradjang barisan raseksa. Ladjeng pinarpekan, sulajaning ginem dadya prang (Kembang) raseksa pedjah sadaja, Togog lan Saraita lapur mring Gustinira, sinumbaran sang Ardjuna, dèn-anti nèng pradja Genḍingkapitu.

Paṭet senḍon bimanju trus Ajak-ajakan.
Sang Parta lampahipun ladjeng mring Ngamarta, Sigeg.

VII. RENJEP, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong 3 (4, Gong), minggah ladrang ÉLING-ÉLING KASMARAN.

7. Adeg ing nagari Ngamarta, Sri Juḍisṭira lenggah ing panḍapa, manggihi Sang Prabu Harimurti, ingkang lenggah satata R. Arja Wrekudara, kaaḍep R. Arja Nangkula-Sadéwa.

Suwuking gangsa Senḍon Rentjasih.
Ginem.

Sri Juḍisṭira sakadang Panḍawa antuk wangsiting déwa sareng sami supena, dalah dinten wantjining sareng, mila Ardjuna tinuduh matur mring kang éjang Resi Abijasa, minta pitedah punika baḍé kados pundi wahananipun, Sri Kresna mangaju bagja.
Katungka praptaning Sang Parta, ngaturaken sabdaning kang éjang, ladjeng biḍal sadaja ḍateng nagari Genḍingkapitu, angedali sajembara pilih ; Sang Ardjuna kalijan Sri Kresna sami mahawan ing gagana, Sri Juḍisṭira linebetaken kantjing gelungipun R. Arja Wrekudara, R. Nangkula lan R. Sadéwa linebetaken ing porong, Arja Séna lumampah ḍarat dèn-iring baju badjra, Sigeg.


VIII. Ladrang ULUK-ULUK.

8. Adeg ing nagari Giripanataran, Prabu Kala Srengga, kaaḍep emban Awinda lan punggawa raseksa.

Suwuking ladrangan sesegan ladjeng Ada-ada manggalan.
Ginem.

Ngraosi késahipun ingkang raji Dèwi Srenggini. Emban Awinda matur, nglapuraken punggawa raseksa ingkang tjinunḍaka ngupadosi sang Dèwi Srenggini, wonten ing wana kepanggih sang Ardjuna, sulajaning ginem dados prang, raseksa kasor pedjah sadaja.

Sang Nata sakalangkung bendu, warising punggawa raseksa kaḍawuhan anggentosaken, sarta ngandika kepanggih Retna wara Sumbadra garwanipun sang Parta, winetja ing tembé mbaboni nurunaken ingkang mengku rat Djawi, ḍasar warninipun aju linangkung, sang nata sakalangkung kasmaran, marma arsa njidra wara Sumbadra sarana nḍusṭa minḍa warna Radèn Ardjuna, ladjeng mandjing pura minḍa warna Ardjuna, midjil mring djawi, gja biḍal mring Madukara, mahawan ing gegana. Sigeg.



Dèwi Kuntulwilanten.

IX. Ladrang GONDJANG-GANDJING.

9. Adeg ing taman Madukara, Retna Dèwi Wara Sumbadra, kaadep tjèṭi pawongan.

Suwuking gangsa paṭet sanga wantah.

Ginem.

Sang retna ngraosi kang raka Nata ing Dwarawati, garwa padmi sampun tiga, teka mjarsa warti ing mangké tumut ḍateng nagari Genḍingkapitu nglebeti sajembara pilih dèwi Kuntul-wilanten, manawi Sang Ardjuna punika boten langka.

Katungka praptanipun sang Ardjuna, sarèhné sanget oneng, ladjeng ponḍongan mring jasa-kambang. Sawusing tjarem, Retna Sumbadra ladjeng linebetaken ing kalpika, midjil ing djawi, Sang Ardjuna ladjeng mahawan ing gagana mring pradja Giripanataran.

10. Trus srepegan, Prabu Kala Srengga prapta ing Giripanataran sampun babar, ngendika sampun kalampahan tjarem kalijan Wara Sumbadra, sanget ngalembana, malah ing samangké wara Sumbadra wus kabekta nèng kalpika.

Dupi kawedalaken saking kalpika, Sang Nata sakalangkung kagjat déné kang warni Wara Sumbadra sadjatosipun ingkang raji pijambak Dèwi Srenggini, ladjeng ngrungkebi padaning raka narèndra.

Senḍon Tlutur.

Sang Dèwi Srenggini alara-lara karuna, sakalih-kalihipun piduwung lingsem anggalih ingkang nembé kalampahan.

Sang Nata ngendika : ing tembé sutané Dèwi Srenggini kang dèn-kanḍut punika kang males mring trah Panḍawa.

Sang Prabu Kala Srengga ḍawuh alja nglurugi Panḍawa kang lagja nèng pradja Genḍingkapitu, wadya raseksa sapalih tengga pradja, kang sapalih samaptèng ngajuda anḍèrèk mring Genḍingkapitu, gja biḍal, Sigeg.

Paṭet manjura wantah (wiwit santun paṭet manjura).

X. Ladrang KANḌA-MANJURA.

11. Adeg pasanggrahan sadjawining pradja Genḍingkapitu : 1. R. Diwangsu, 2. R. Gagak-baka, 3. R. Ḍangḍang-minangsi, 4. R. Poḍang-binorèhan, saha 5. R. Djanget-tinelon.

Suwuking gangsa paṭet manjura wantah.

Ginem.

Manawi wonten ḍatengan nglebeti sajembara, kedah kèndel sadjawining kiṭa rumijin, madjengipun ngentosi timbalan, sasaged-saged kadadara kadibjanipun, rèhné putrining Nata namung baḍé sajembara kapilih, bokmanawi ingkang dipun-pilih ingkang raka kirang prawira.

Ingkang raji-raji sadaja najogjani, malah sami pratignja manawi wonten ingkang ngasoraken karosanipun, baḍé dipun ngèngèri ngantos mandjanmaa kaping sapta.

Katungka swara gumuruh praptanipun kurawa ing Ngastina, gja pinrepekan, dèn-anḍeg tan purun, dadya prang, kurawa kasor sadaja, binuntjang ḍawah tebih, ladjeng marek Sri Durjudana.

12. Adeg Sri Durjudana kaaḍep kurawa, sami matur dipun-wangsulakcn para putra Genḍingkapitu sami prawira sembada lan warninipun ratjak sami dedeg prakosa.
Katungka praptanipun sang Arja Séna uninga kadang kurawa mentas kasor banda-juda ; sang Séna sagah dados pangadjeng, Nata kurawa sakadang sajuk sadaja, ladjeng biḍal.
(ingkang tanpa genḍing manawi sereng : sampak, jèn sarèh : Ajak-ajakan).
Prapta ing margi, Arja Séna pinapagaken putra-putra ing Genḍingkapitu ngenḍeg lampahipun Arja Séna, sulajaning ginem dadya prang, dipun-krubut sakadang, Sang Séna panggah datan wigih, putra-putra ing Genḍingkapitu kasor sadaja, ladjeng mandjing kiṭa, kurawa tut wuri.

XI. PUTJUNG, genḍing rebab, dipun-bukani tjeluk, keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong), minggah ÈSÈG-ÈSÈG, keṭuk, 4.

13. Adeg ing kenja-puri Genḍingkapitu sang Prabu Djumanten lan Pramèswari Nata Dèwi Wirasti tuwin putra Dèwi Kuntul-wilanten.
Suwuking genḍing paṭet Manjura wantah.
Ginem.

Dèwi Kuntul-wilanten dipun-toḍi, tékadipun boten éwah, manawi wonten ingkang nglebeti sajembara pilih, kedah tiniti linebetan guwa-garbanipun. Katungka sowanipun putra R. Diwangsu, matur jèn sang Nata Ngastina, Ngamarta tuwin Dwarawati sampun rawuh, sami sakadang arsa nglebeti sajembara. Prabu Djumanten ladjeng manggihi, midjil kalijan nganṭi Dèwi Kuntul-wilanten.

14. Sang Prabu Djumanten lenggah ing panḍapi, ingkang ngaḍep tjaket putri nata dèwi Kuntul-wilanten, ing wuri R. Diwangsu, manggihi Narèndra ing Ngastina, Ḍanghjang Durna, Adipati Karna, Patih Arja Sangkuni tuwin R. Arja Djajadrata.
Ginem.
Prabu Durjudana sakadang punika sami nglebeti sajembara.
Prabu Djumanten ngaturi katrangan, sajembara punika boten milih suwarna, nanging baḍé dipun-tingali salebeting guwagarba, awit punika ingkang nenarik manahipun djanma tumitah.
Winangsulan sadaja sami kadugi.
Dèwi Kutulwilanten ladjeng kaḍawuhan anglekasi niti guwa-garbanipun ingkang sami nglebeti sajembara.

1. Paṭet manjura wantah ; mandjing mring guwa-garbanipun Sri Sujudana, ladjeng medal matur : djembar, ananging pating blangkrèh boten tata ;
2. Paṭet manjura djugag : mandjing mring guwa-garbanipun Ḍanghjang Durna, saweg nginguk ladjeng wangsul : Panḍita manahipun kalih, boten prasadja ;
3. Ada-ada Manjura : mandjing mring guwa-garbanipun Adipati Karna, ladjeng medal : djembar, paḍang, nanging kebrangasan ;
4. Paṭet manjura djugag : mandjing mring Patih Arja Sangkuni namung tiningalan ladjeng wangsul : mambet kutjiwa gandanipun ;

5. Ada-ada Manjura: mandjing mring guwa-garbanipun Arja Djaja drata, ladjeng medal matur ; winastan ati watu.
(sadaja tinampik)

Ada-ada manjura :

Narèndra Ngastina mundur palarasan datan pamit, midjil mring pangurakan, kaḍèrèkaken para kadang sadaja.
Nulja Sri Kresna, Arja Séna, Sang Ardjuna, R. Nangkula kalijan R. Sadéwa prapta. Kuntulwilanten ladjeng miwiti :

1. Paṭet manjura wantah : mandjing guwa-garbanipun Sri Kresna, ladjeng medal matur : padjar, nanging remen melèh-melèhaken.
2. Ada-ada manjura : mandjing guwa-garbanipun Sang Arja Séna, ladjeng medal matur : prajogi, nanging kau, tan mawi para-marta ;
3. Paṭet manjura djugag : mandjing guwa-garbanipun R. Ardjuna, medal ladjeng matur : prajogi, remen tutulung, nanging gaḍah watak lèmèr ;
4. Paṭet manjura wantah : mandjing guwa-garbanipun R. Nangkula, tuwin R. Sadéwa, medal, ladjeng matur : winastan rupak, muhung sarira prijangga.
Nulja Sri Juḍisṭira kawedalaken saking kantjing-gelungipun R. Arja Séna.
5. Senḍon Sastradatan : Dèwi Kuntulwilanten mandjing mring guwa-garbanipun Sri Juḍisṭira, nèng nglebet guwa-garba matur ingkang rama : sunmangga kangdjeng Rama jèn karsa angjektosaken karaos kang angèl pangupajanipun.

Paṭet manjura djugag. Sang Prabu Djumanten tumut mandjing ing guwa-garbanipun Sri Juḍisṭira, nanging ugi ladjeng boten medal. R. Diwangsu nguwuh ingkang rama tuwin ingkang raka Dèwi Kuntulwilanten, nanging sampun boten winangsulan, ladjeng matur Sri Puntadéwa, ingkang rama kalijan ingkang raka kasuwun medalipun ; Sri Ngamarta mangsuli boten saged, awit boten saking karsanipun Sri Juḍisṭira, nanging saking kadjengipun ingkang sami mandjing guwa-garba prijangga.

Senḍon tlutur.

R. Diwangsu alara-karuna kadi wanudya, kétang tresnaning rama mjang raka.
Sri Kresna ngandika jèn wus karsaning Déwa, Prabu Djumanten lawan Dèwi Kuntulwilanten manuksma nunggil kahanan kalijan Prabu Juḍisṭira, mila Sri Darmawangsa kéwala karengkuha kadi sudarma prijangga, déné R. Diwangsu baḍé kagentosaken dadya Narèndra ing Genḍingkapitu, ladjeng masanggrahan salebeting pura.

15. Adeg ing pangurakan Prabu Durjudana, Ḍanghjang Durna, Adipati Karna, Arja Sangkuni lan Arja Djajadrata mjang kurawa.
Ginem.

Angraosi Dèwi Kuntulwilanten sagedipun mandjing guwa-garba, Arja Sangkuni matur ingkang angsal sajembara Narèndra ing Ngamarta, nanging boten dados garwa, sareng putri Genḍingkapitu mandjing

guwa-garbanipun Sri Puntadéwa ladjeng boten medal, malah ingkang rama dipun-aturi lebetipun Prabu Puntadéwa, Prabu Djumanten ladjeng madjing guwa-garbanipun Prabu Puntadéwa, ugi ladjeng boten medal, ing mangké nagarinipun kémawon karebat; katjondongan Sang Nata Ngastina, kurawa kadawuhan bidal tumandang ngrebat pradja.
Kapapagaken para putra Gendingkapitu, prang ramé, wekasan prabu Djajapitana sakadang kurawa kasor, kabuntjang ing badjra. Sigeg.

XII. Lantjaran RITJIK-RITJIK, gending gendèr.

16. Adeg sadjawining kita Gendingkapitu, Prabu Kala Srengga sawadyanira.
Suwuk sesegan ladjeng Ada-ada manjura.
prang, tinadahan R. Arja Séna, Prabu Kala Srengga sirna sawadyanira.
Ginem.
Ngupaja Pandawa mjarsa swaraning banda-juda ladjeng mangsah.
(Prang sampak amuk-amukan).

17. Adeg ing Sitibentar, para Nata Pandawa pepak, putra ing Gendingkapitu R. Diwangsu kadjumenengaken Narèndra ing Gendingkapitu, djedjuluk Prabu Diwangsa.
1. R. Gagakbaka, 2. R. Dandangminangsi, 3. R. Podang-binorèhan, 4. R. Djanget-tinelon, sami njuwun suwita R. Arja Wrekudara wonten ing Munggulpawenang, awit sampun sami pratignja, sinten-sinten ingkang ngasoraken karosanipun, badé dipun-suwitani ngantos mandjanmaa kaping sapta. Sri Kresna kalijan Sri Judistira sakadang sami ngèstrèni.

XIII. Ladrang MANIS.

Ladjeng mangun suka budjana andrawina.

TANTJEB KAJON.

Wajang ingkang dipun-anggé :

1.	Prabu Kala Srengga	:	danawa raton topong;
2.	Dèwi Srenggini	:	danawa èstrèn (Arimbi nalika dèrèng warni djanma);
3.	Prabu Djumanten	:	ratu Sabrang lijepan;
4.	Dèwi Kuntulwilanten	:	putri putran oji = lurah;
5.	R. Diwangsu	:	putran lanjapan;
6.	R. Gagak-baka	:)	
7.	R. Dandang-minangsi	:)	
8.	R. Djanget-tinelon	:)	punggawa Munggul-pawenang (bala-biti).
9.	R. Podang-binorèhan	:)	

---

10. LAMPAHAN WREKUDARA DADOS GADJAH.
(KALA - PUNDJARA).

Wiwit saking talu TJUTJUR-BAWUK genḍing rebab, keṭuk 2, kerep, kenong 3, (4, Gong), minggah PARÉ-ANOM, keṭuk 4, kaladjengaken ladrang SRIKATON, ḍawah ketawang SUKMA-ILANG, trus Ajak-ajakan MANJURA, SREPEGAN, dados SAMPAK.

I. AJAK-AJAKAN MANJURA, suwuk dados KRAWITAN genḍing rebab. keṭuk 4, kerep, kenong 1 (2, Gong), minggah LADRANGAN, sléndro paṭet nem.

1. Djedjer ing nagari Dwarawati Sri Baṭara Kresna lenggah ing sitibentar, manggihi ingkang raka Prabu Baladéwa, ingkang ngaḍep R. Samba tuwin Arja Setyaki. Ing pageḍongan Dèwi Wara Sumbadra dados ranḍa, amargi R. Ardjuna dalah para kadang Nata Panḍawa utawi nagari Ngamarta sirna tanpa karana, amung Déwi wara Sumbadra ingkang taksih kantun ladjeng kondur mring Dwarawati.

Suwuking gangsa paṭet nem ageng ladjeng Ada-ada Girisa.

Ginem.

Sang Nata Madura dipun-kèngken Sri Durjudana angraosi Dèwi Wara Subadra, baḍé kaḍaupaken kalijan Prabu Atmawidjaja, narèndra ing Bulukatiga, saweg suwita anjar. Sri Kresna matur sumangga, pantes ingkang raka ing Madura tumut kawogan, namung salebeting wardaja ragi èmeng.

Senḍon pananggalan trus Ajak-ajakan, ladjeng sesegan.

Katjaritakaken Patih Udawa mriksa ingkang dadya gitaning Alun-alun, sawusing nampèni aturing mantri, ladju mangarsa ing ngabjantara Nata (ngundjuki uninga wonten tjaraka raseksa).

Suwuking gangsa tanpa paṭetan.

Unduripun Patih Udawa (baḍé anḍawuhaken madjeng ing ngabjantara Nata mring tjaraka raseksa).

Paṭet nem djugag.

Ladrang REMENG.

Kala Pradjaka punggawa tjaraka saking nagari Paranggumilir minggah mangarsa ing ngabjantara Nata kérid Patih Udawa.

Suwuk sesegan ladjeng Ada-ada mataraman.

Ginem.

Kala Pradjaka kautus ratunipun Praba Kala Pundjara ing nagari Paranggumilir, ngaturaken pustaka mring Sri Kresna, katampi R. Samba, dupi binuka suraosipun : Prabu Kala Pundjara asipat dwipangga angratoni raseksa ing nagari Paranggumilir angebun-ebun éndjing andjedjawah sonten, kadanging Nata Dwarawati putri adi wulandjar kang akekasih Dèwi Wara Sumbadra kasuwun dados titimbanganipun Prabu Kala Pundjara, manawi kaparengaken dipun-angsua radjabrana Paranggumilir, kanggé ngebaki alun-alun ing Dwarawati, Sang Nata Dwipangga namung sumangga, tan rumaos andarbèni. Déné jèn datan angsal wara Sumbadra kagarwa pradja Dwarawati arsa kinarja karang-abang.

Ada-ada Girisa.

Sang Nata Madura dupi mjarsa suraosing pustaka sakalangkung dukanira, serat pinundut ladjeng sinebit-sebit, nulja angandika : Putri Dwarawati jèn pala-krama kudu tinuku ing prang, kang lanang jèn pala-krama anukoni prang, lan ratumu warahen, bésuk jèn ngarak anganggpa keré wadja rangkep sanga, jèn tak-tjotjog gegamanku datan pasah, aku wani sak-enggoné katemu. Tjaraka pamit ladjeng mundur.

Ada-ada Mataraman.

Sang Nata Madura pamit ladjeng bidal mring Ngastina, Sri Kresna kurmat.

Ada-ada Girisa.

Sri Narèndra ing Dwarawati sasampuning dawuh-dawuh mring R. Samba lawan Arja Setyaki, ladjeng kondur angadaton.

Ajak-ajakan nem.

Sang Nata kèndel ing gapura.

Ajak-ajakan kasirep tjèngkok pandjang mas.

Suwuk tanpa patet.

Unduring parekan.

Patet nem djugag.

II. TITIPATI, gending rebab, ketuk, 2, kerep, kenong 3 (4, Gong), minggah KETUK, 4.

2. Adeg ing kenja-puri Pramèswari Nata Dèwi Djembawati, Dèwi Rukmini, Dèwi Setyaboma, konduring Narèndra sami metuk ladjeng lenggah satata.

Suwuking gending patet nem wantah.

Ginem.

Danguning siniwaka, katamuwan Sri Baladéwa dipun-kèngkèn sang Prabu Durjudana, minta wara Sumbadra kadaupaken kalijan Prabu Atmawidjaja ratu ing Bulukatiga, Sri Kresna sumangga. Nulja wonten punggawa raseksa tjaraka saking nagari Paranggumilir, utusanipun Prabu Kala Pundjara, Narèndra asipat dwipangga, angratoni raseksa, ugi minta wara Sumbadra kinarja Pramèswari, ingkang mangsuli Sri Baladéwa datan kapareng. Para pramèswari, sami ngungun, tjiptaning warcaja, Nagari Dwarawati badé dados adjanging banda-juda ; Sang Nata gja djengkar, ladjeng lenggah budjana.

Dipun-sendoni Kloloran.

III. TJAPANG, gending rebab, ketuk, 2, kerep, kenong 4 (4, Gong) minggah KETUK. 4.

3. Adeg pasowanan pagelaran, Prabu Baladéwa, lenggah ing bangsal Pangrawit, ingkang ngadep R. Samba, R. Arja Setyaki, Patih Pragota, Patih Prabawa lawan Patih Udawa.

Suwuk sesegan ladjeng Ada-ada Girisa.

Ginem.

Ngraosi teteging mannhipun tjaraka raseksa, tan wandé badé rerempon lawan ratu Paranggumilir, Patih Prabawa kadawuhan tata-tata, wadya Madura ladjeng, ingkang Sinuhun mring nagari Ngastina.

Ada-ada asta-kuswala laras barang miring saking nem.
Patih Prabawa medal undang-undang.
Ada-ada asta-kuswala laras barang miring saking tengah.
Patih Prabawa wangsul mangarsa.
Ada-ada budalan mataraman.
Patih Prabawa medal andawuhaken bidal.
Lantjaran MANJAR-SÈWU, gending gendèr.
Bidal kapalan, Sang Nata Madura nitih dwipangga, prampogan ngrata margi.
Suwuking gangsa patet Kedu.

IV. GUNTUR, gending rebab, ketuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong) minggah KETUK 4.

4. Adeg ing nagari Paranggumilir, Naréndra warni dwipangga djedjuluk Sang Prabu Kala Pundjara, lenggah siniwaka, kaadep Patih awarni singa, nama Kala Kampana, mjang punggawa raseksa, praptanipun tjundaka ditya Kala Pradjaka.

Suwuking gending sesegan ladjeng Ada-ada Girisa.
Ginem.
Sang Nata andangu punggawa raseksa ingkang tjinundaka mring pradja Dwarawati. Kala Pradjaka matur sasolahing dinuta ; Sang Nata sakalangkung duka, nulja nimbali punggawa raseksa ingkang anggantung lampah.
Ada-ada mataraman.
Kala Kampana medal nimbali ditya Kala Pramuka.
Ladrang MUNTJÈR.
Kala Pramuka mangarsa kairid patih Singa-kampana.
Suwuking gangsa Ada-ada Mataraman.
Ginem.
Ditya Kala Pramuka kautus mring nagari Dwarawati ngepang pradja boten kénging djanma mandjing pradja, awit Sang Nata kagungan sengkeran putri kadanging Ratu Dwarawati kekasih Dèwi Wara Sumbadra, kalilan bedol sakabupatèn, angantija Togog lan Saraita, ditya Kala Pramuka matur sandika.
Srepegan kapindjalan.
Kala Pramuka mundur saking ngarsa Nata, Sri naréndra djengkar. Ing pasowanan djawi, ditya Kala Pramuka, ditya Kala Gendingtjaluring, Kala Lotung-lotung.
Suwuk Ada-ada Mataram.
Ginem.
Kautus ngepang pradja Dwarawati, bedol sakabupatèn, nimbali Togog lan Saraita kinèn undang wadya jaksa, ladjeng bidal. Lampahing wadya raseksa nèng margi kapapag wadya Madura, sulajaning ginem dadya prang (gagal), Nata Madura kabuntjang badjra, raseksa ladjeng lampahira.
Patet Lindur, ladjeng patet sanga wantah.



Kala Pramuka.

V. SUMEḌANG, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong 1, (2, Gong) minggah ladrang TJLUNṬANG.

5. Adeg ing pratapan Trikantju-wangi, bagawan Sidikwitjara, kaaḍep ingkang wajah bambang Gandasupena, prepat tiga Semar, Nala-Garèng, Pétruk.

Suwuking gangsa paṭet Sanga ngelik.

Ginem.

Bambang Gandasupena moṭah takèn sudarma, Sang pandita marah: putra panengah panḍawa, ing samangké pradjanira Madukara (ing Ngamarta) wus sirna dadya glagah alang-alang, amung jèn arsa kapanggih kadang-kadangira, suwitaa Naréndra ing Dwarawati; bambang Gandasupena pamit ingkang éjang, gja biḍal kaḍèrèkaken prepat tiga.

VI. KAGOK-MADURA, genḍing buka gendèr.

6. Adeg samadyaning wana djadjahan ing Dwarawati, punggawa raseksa ing Paranggumilir, ditya Kala Pramuka, ditya Kala Gendingtjaluring sobat pamatut barang, ditya Kala Loṭung-loṭung, samja bingung datan wruh ing prenah.

Suwuk sesegan ladjeng Ada-ada Greget saut.

Ginem.

Samja bingung tan wruh prenah, dalah Togog kalijan Saraita ugi sami bingung.

Praptanira Togog lan Saraita, ngaturi uninga pabarisan wadya raseksa katradjang lampahing satrija langkung.

Gja pinrepekan, sulajaning ginem dadya prang (kembang), raseksa sirna sadaja, Togog lan Saraita sami mundur baḍé lapur.

Paṭet DJINGKING, trus Ajak-ajakan sanga.

Bambang Gandasupena kaḍèrèkaken prepat tiga, gja ladju lampahira mring pradja Dwarawati.

VII. SEMÈRU, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4 Gong), minggah KEṬUK, 4.

7. Adeg ing nagari Dwarawati, Sri Baṭara Kresna lenggah ing panḍapi, kaaḍep R. Samba, Arja Setyaki.

Suwuk paṭet sanga wantah.

Ginem.

Angraosaken lalampahan boten wandé pradja Dwarawati dados adjanging prang.

Katungka sowanipun bambang Gandasupena, sawusing dinangu nama tuwin padununganipun ladjeng nembung njuwun suwita. Sri Kresna nampéni, ananging tinuduh ngupadosi ingkang rama: R. Ardjuna rumijin, Bambang Gandasupena sandika, ladjeng mangkat, Sigeg.

VIII. Ladrang PANGKUR.

8. Adeg ing kradèn-ajon pasanggrahanipun Naréndra ing Bulukatiga pu-

tranipun Prabu Atmawidjaja, paparab dèwi Kanékawaṭi, kaaḍep emban tjèṭi pawongan.

Suwuking gangsa paṭet sanga wantah.

Ginem.

Angraosi tjaritanipun para Panḍawa sami linangkung sakti mandraguna sadaja, ingkang rama baḍé krama Dèwi wara Sumbadra, punika punapa baḍé saged kalampahan ?

Katungka bambang Gandasupena ḍateng nèng wurinja sang putri, gja ponḍongan, Sigeg.

Ing panḍapi pasanggrahan, Prabu Atmawidjaja, kaaḍep Patih Djanèndra mjang punggawa.

Ginem.

Sang Nata angadjeng-adjeng timbalan saking Ngastina. Patih matur miḍanget pawarti manawi Sri Baladéwa sampun rawuh ing Dwarawati kautus Sang Nata Ngastina, nembung Dèwi Wara Sumbadra, Sri Baṭara Kresna ugi sampun njaosaken, namung nalika Sri Baladéwa taksih salebeting lenggah kalijan Sri Baṭara Kresna, wonten tjaraka raseksa saking pradja Paranggumilir, tjinundaka ratunipun warni dwipangga, apatih singa, bala raseksa, ugi neḍa wara Sumbadra.

Nanging prabu Baladéwa sampun njagahi nanggulangi Naréndra Paranggumilir.

Sang Prabu Atmawidjaja ḍawuh samapta arsa sowan mring Ngastina, sanéga dedamel ing prang.

Datan antara praptanipun pawongan ngaturi uninga, salebeting kaputrèn kalebetan duratmaka amoṭa-moṭa putri Nata, sang Nata ladjeng mandjing mring kradèn-ajon.

Ing kradèn-ajon Dèwi Kanékawati kang lagja papasihan lawan R. Gandasupena, mjarsa sabawaning kang rama Nata Bulukatiga, gja linebetaken ing kalpikanira Bambang Gandasupena, Bambang medal ing djawi, ladjeng prang lawan Prabu Atmawidjaja, Sang Nata tansah karépotan, wekasan bambang Gandasupena ladjeng ontjat, Dèwi Kanékawati kabekta.

Sang Prabu Atmawidjaja ladjeng biḍal mring Ngastina, kebut sawadyanira. Sigeg.

IX. LARA-LARA, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong 3 (4, Gong), minggah KEṬUK, 4.

9. Adeg ing paḍukuhan Gandapuspa, bagawan Tjipta-adi-luwih, kaaḍep tjantrik.

Suwuking genḍing senḍon rentjasih.

Ginem.

Katentremaning djanma ingkang tumut ḍeḍekah, wontenipun tanemtuwuh, amarah jèn baḍe wonten tamu, tjantrik kinèn anggelar-nggelari. Katungka praptanipun bambang Gandasupena kaḍèrèkaken prepat tiga, Sawusing binagèkaken, gja tinanja wigatiné dènnira prapta ing paḍukuhan, Gandapuspa. Bambang matur sadjarwa ngupaja sudarmanira panengah Panḍawa, njuwun pitedah taksih gesang punapa sampun palastra, jèn taksih gesang ing pundi dunungira. Sang begawan amétangi : ..... pedjah ; métangi malih pinanggih taksih gesang, sabdanira : ing kéné ana panḍita ing gunung sama tingal, arané panḍita Suma-katon,

mronoa jèn arsa katemu.
Bambang matur : jèn nagari Dwarawati arsa wonten perang, ingkang dadya rebatan ingkang ibu Retna Wara Sumbadra, marma ingkang rama jèn taksih gesang dipun-aturi kondur.
Sang bagawan ladjeng tumut mring nagari Dwarawati, ing béndjing sagah andatengaken R. Ardjuna. Ladjeng bidal. Sigeg.
Paṭet Manjura wantah. (wiwit santun paṭet manjura).

X. Ladrang LIWUNG.

10. Adeg ing nagari Paranggumilir maha radja Kala Pundjara nèng pandapa kaadep Patih Kala Kampana mjang punggawa raseksa.
Suwuk sesegan ladjeng Ada-ada manjura.
Ginem.
Angadjeng-adjeng dènnja utusan punggawa raseksa ngepang pradja Dwarawati, kadi paran pawartané. Katungka praptanira Togog lan Saraita, lapur punggawa raseksa tiwas sirna sadaja, prang lawan pranakan Pandawa, sang Nata sakalangkung duka, ladjeng undang sawadya bidal nglurug mring nagari Dwarawati, sigeg.

XI. GLIJUNG, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong), minggah KEṬUK, 4.

11. Adeg ing nagari Ngastina Prabu Durjudana, lenggah nèng pandapa manggihi Nata ing Madura lan Prabu Atmawidjaja, kaadep patih Arja Sangkuni saha kurawa.
Suwuking genḍing paṭet Manjura wantah.
Ginem.
Sri Baladéwa matur, rembag mring Dwarawati sampun katjotjogan, nanging badé mawi mapagaken mengsah raseksa saking Paranggumilir. Prabu Atmawidjaja matur : putrinja binekta bambang Gandasupena, ngakenipun anak Djanaka. Déné bab mengsah raseksa Paranggumilir, wadya Bulukatiga boten wegah ngunduraken. Prabu Durjudana dawuh bidal sadaja mring nagari Dwarawati. Sigeg.

XII. RAMYANG, genḍing rebab, keṭuk, 2, kerep, kenong, 3 (4, Gong), minggah KEṬUK, 4.

12. Adeg ing nagari Dwarawati Sri Baṭara Kresna kaadep R. Samba, Arja Setyaki, Arja Setyaka, amanggihi bagawan Tjipta-adi-luwih, tuwin bambang Gandasupena.
Suwuking genḍing sendon Sastradatan.
Ginem.
Bambang Gandasupena lapur anggèning ngupaja ingkang rama Sang Ardjuna, dèrèng pinanggih, namung ngladosaken bagawan Tjipta-adi-luwih, punika sagah andatengaken Sang Ardjuna.
Lagja sakétja imbal watjana, kasaru gègèr ing djawi praptanipun raseksa saking Paranggumilir soroh amuk, nulja pinapag Arja Setyaki, Patih Udawa, sami kasor kapratjondang. Sri Baṭara Kresna pasrah mring bagawan Tjipta-adi-luwih, sandika, ladjeng mangsah prang ra-

mé ; sang pandita dèn gading kontal, babar R. Ardjuna ; Sri Kresna bingah, dawuh males. Sri Kala Pundjara djinemparing kénging gadingnja kalih pisan, babar Radèn Nangkula saha Radèn Sadéwa ; djinemparing malih kénging tlalénira babar Sri Judistira ; badaning liman babar Arja Séna ; patih Singa Kampana djinemparing babar R. Gatutkatja.
Punggawa raseksa sirna kabuntjang ing badjra ; Sri Batara Kresna lenggah lawan para kadang Pandawa.
Katungka gègèring djawi praptanira Sri Durjudana lawan Nata prabu Atmawidjaja ing Bulukatiga sawadya-balanira soroh amuk, pinagolan R. Gatutkatja, R. Ardjuna, R. Arja Wrekudara. Nata Ngastina lawan kurawa kabuntjang ing badjra. Prabu Atmawidjaja sirna sawadyanira (prang sampak).
Sri Batara Kresna lawan ari Nata Pandawa sakadang kalempakan budjana andrawina.

XIII. Ladrang MANIS.

TANTJEB KAJON.

Wajang ingkang dipun-anggé :

1.	Prabu Kala Pundjara	: dwipangga tjemeng.
2.	Patih Kala Kampana	: sima gèmbong.
3.	Bagawan Sidik-witjara	: pandita sepuh.
4.	Bambang Gandasupena	: bambang srambahan (Widjanarka).
5.	Prabu Atmawidjaja	: ratu sabrang sepuh lijepan.
6.	Dèwi Kanéka-wati	: putri putran lanjap ; èndèl.
7.	Bagawan Tjipta-adi-luwih	: pandita bagus ruruh.
